

**PIWULANG MORAL WONTEN ING CAKEPAN  
GENDHING DOLANAN WONTEN ING BUKU  
GENDHING-GENDHING DOLANAN ANGGITANIPUN  
SRI WIDODO**

**SKRIPSI**

Kaaturaken dhateng Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Minangka Salah Satunggaling  
Sarat Pikantuk Gelar Sarjana Pendidikan



Dening :

**Amirul Nur Wahid**

**10205244017**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2015**


## PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Piwulang Moral wonten ing Cakepan Gendhing Dolanan wonten ing Buku Gendhing-Gendhing Dolanan anggitanipun Sri Widodo* menika saged dipunujekaken wonten ing pendadaran awit sampun pikantuk idi palilah dening *pembimbing.*



Yogyakarta, 5 Maret 2015

Dosen Pembimbing I



Prof. Dr. Suwardi, M.Hum

NIP. 19640403 199001 1 004

## PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Piwulang Moral wonten ing Cakepan Gendhing Dolanan wonten ing Buku Gendhing-Gendhing Dolanan anggitanipun Sri Widodo* menika sampun dipunandharaken wonten ing pendadaran sangajengipun Dewan Penguji Skripsi wonten ing tanggal 23 Maret 2015 saha dipuntetepaken lulus.

### DEWAN PENGUJI

Nama	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Drs. Hardiyanto, M.Hum	Ketua Penguji		7/4 2015
Venny Indria Ekowati, S.Pd., M.Litt.	Sekretaris Penguji		7/4 2015
Prof. Dr. Suwarna, M.Hum.	Penguji I		7/4 2015
Prof. Dr. Suwardi, M.Hum	Penguji II		7/4 2015

Yogyakarta, 8 April 2015

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP. 19550505 198011 1 001

## WEDHARAN

Ingkang napak asma wonten ing ngandhap menika, kula :

Nama : Amirul Nur Wahid

NIM : 10205244017

Prog. Studi : Pendidikan Bahasa Jawa


Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

Ngandharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. Samangertos kula, wosing skripsi menika beda kaliyan skripsi ingkang sinerat dening tiyang sanes, kajawi babagan tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan menawi wedharan menika dipunserat kanthi saestu, menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 5 Maret 2015

Panyerat



Amirul Nur Wahid

## **SESANTI**

“Nut lakuning dina hanata raga lan rasa”

## **PISUNGSUNG**

Skripsi menika kapisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula, Bapak Nursayid lan Ibu Sumini ingkang sampun nggulawenthah kula kanthi rasa asih lan tresna.

## PRAWACANA


Puji dalah sukur katuraken dhumateng Allah SWT awit sampun paring kasarasan, kabegjan, saha kabagyan satemah skripsi kanthi irah-irahan “Piwulang Moral wonten ing Cakepan Gendhing Dolanan wonten ing Buku Gendhing-Gendhing Dolanan anggitanipun Sri Widodo”, sampun pungkasan anggenipun nyerat. Skripsi menika minangka salah satunggaling sarat pikantuk gelar *Sarjana Pendidikan*.

Skripsi menika saged dipunpungkasi anggenipun nyerat awit sampun dipunsengkuyung saking pinten-pinten pihak. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng pihak-pihak menika.

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi.
2. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M. Hum minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang tansah paring pepenget anggen kula nyerat skripsi.
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M. Hum minangka Penasehat Akademik ingkang sampun paring pandom salebetipun kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
4. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M. Hum minangka Dosen Pembimbing ingkang sampun paring pandom salebetipun kula nyerat skripsi.
5. Bapak saha Ibu dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh maneka warni inggih ingkang murakabi tumrap panyerat.
6. Para *staf karyawan* Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring pambiyantu anggen kula nyerat skripsi menika satemah saged lancar sedayanipun.
7. Bapak Nursayid lan Ibu Sumini ingkang sampun paring panyenguyung saha donga dhateng kula.
8. Kanca-kanca kula Eny, Tyas, Putro, Ningrum, Sari, Tawa lan Waroh ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga dhateng kula.
9. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Daerah sarta sedayanipun ingkang sampun paring pambiyantu.

Skripsi menika temtu kemawon tasih dereng kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, panyerat nyuwun pamrayogi saha panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning asiling panaliten menika. Wasana, mugi skripsi menika sageda murakabi kangge sedaya ingkang maos.

Yogyakarta, 5 Maret 2015

Panyerat  


Amirul Nur Wahid

## WOSING ISI

IRAH – IRAHAN .....	i
PASARUJUKAN .....	ii
PANGESAHAN.....	iii
WEDHARAN .....	iv
SESANTI .....	v
PISUNGSUNG .....	vi
PRAWACANA .....	vii
WOSING ISI .....	ix
DAFTAR CEKAKAN .....	xii
DAFTAR TABEL .....	xiii
DAFTAR LAMPIRAN.....	xiv
SARINING PANALITEN .....	xv
BAB I PURWAKA.....	1
A. Dhasaring Panaliten .....	1
B. Underaning Perkawis .....	5
C. Watesaning Perkawis .....	6
D. Wosing Perkawis.....	6
E. Ancasing Panaliten.....	7
F. Paedahing Panaliten .....	7
G. Pangertosan .....	8
BAB II GEGARAN TEORI.....	9
A. Hakekat Sastra.....	9
B. Cakepan Tembang.....	11
C. Gegayutan Sastra Kaliyan Piwulang Moral .....	14
D. Jinisipun Piwulang Moral .....	17
E. Cara Ngandharaken Piwulang Moral .....	19
F. Gendhing Dolanan .....	21
G. Panaliten ingkang Jumbuh .....	23
BAB III CARA PANALITEN .....	25

A. Jinisipun Panaliten .....	25
B. Data lan Sumber Data .....	25
C. Cara Ngempalaken Data .....	26
D. Pirantining Panaliten .....	27
E. Cara Nganalisis Data.....	28
F. Cara Ngesahaken Data .....	29
BAB IV .....	31
A. Asiling Panaliten .....	31
B. Pirembagan Asiling Panaliten .....	33
1. Wujudipun Piwulang Moral .....	33
a. Bekti Dhumateng Gusti.....	34
b. Narima Kersaning Gusti .....	35
c. Pakurmatan Marang Tiyang Sanesipun .....	37
d. Tulung-tinulung .....	38
e. Ndherek Nandang Raosipun Tiyang Sanes.....	40
f. Sampun ngantos nyakiti tiyang sanes .....	42
g. Remen Paring Pambiyantu Kaliyan Tiyang Sanesipun .....	44
h. Ampun Remen Melik Darbeke Tiyang Sanes.....	46
i. Ampun Remen Mbeda-mbedaken Mring Liyan .....	48
j. Ampun Remen Nlikung Liyan .....	50
k. Rukun Karya .....	51
l. Remen Peparing .....	53
m. Disiplin.....	54
n. Kedah lila lan legawa .....	56
o. Aja Adigang Adigung Adiguna .....	57
p. Sengkut Makarya .....	59
q. Sabar.....	60
r. Ampun Sembrana.....	62
s. Satriya .....	64
t. Empan Papan.....	65
u. Remen Reresik .....	67

v. Ampun Remen Tumindak Culika .....	68
w. Sapa Nandur Bakal Ngundhuh.....	70
x. Dados Tiyang Ampun Kesed .....	71
y. Ampun Remen Duka.....	72
z. Prasaja .....	73
aa. Bekti marang tiyang sepuh.....	74
bb. Ampun Remen Paring Patuladhan ingkang Awon.....	75
cc. Ngajeni Panguwasa .....	78
dd. Kepemimpinan .....	79
ee. Ampun Remen Umuk .....	81
ff. Kedah Njagi Alam.....	82
gg. Mundhut Asiling Alam Saprelune Mawon .....	84
2. Jinisipun Piwulang Moral .....	85
a. Gegayutanipun Manungsa kaliyan Gusti .....	86
b. Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa .....	90
c. Gegayutanipun Manungsa kaliyan Dhirinipun Piyambak .....	106
d. Gegayutanipun Manungsa kaliyan Alam .....	129
3. Cara Ngandharaken Piwulang Moral .....	132
a. Walaka.....	132
b. Sinamun .....	145
BAB V.....	167
A. Dudutan.....	167
B. Pamrayogi .....	169
C. Implikasi.....	170
KAPUSTAKAN.....	171
LAMPIRAN.....	173

## **DAFTAR CEKAKAN**

dkk : dan kawan-kawan

No : Nomor

S : Sinamun

SW : Sri Widodo

W : Walaka

## DAFTAR TABEL

	Kaca
Tabel 1 : Kertu Data Wujudipun Piwulang Moral.....	25
Tabel 2 :Jinisipun Piwulang Moral.....	26
Tabel 3. Analisis Wujud, Jinis lan Cara Ngandharaken Piwulang Moral.....	27
Tabel 4. Jinising Piwulang Moral, Wujudipun Piwulang Moral lan Cara Ngandharaken Piwulang Moral.....	29

## **DAFTAR LAMPIRAN**

Lampiran 1.....	173
Lampiran 2.....	176
Lampiran 3.....	179
Lampiran 4.....	183
Lampiran 5.....	185

**PIWULANG MORAL WONTEN ING CAKEPAN GENDHING DOLANAN  
WONTEN ING BUKU GENDHING-GENDHING DOLANAN  
ANGGITANIPUN SRI WIDODO**

**Dening: Amirul Nur Wahid  
NIM 10205244017**

**SARINING PANALITEN**

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo. Perkawis ingkang badhe dipunandharaken inggih menika, (1) Wujudipun piwulang moral, (2) Jinising piwulang moral, saha (3) Caranipun ngandharaken piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo.

Panaliten menika ngginakaken cara panaliten *deskriptif*. Data wonten ing panaliten menika awujud tembung, *frase*, lan tetembungan saklebetipun cakepan gendhing. Sumber data panaliten menika saking cakepan gendhing dolanan ingkang wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo. Data panaliten menika dipunkempalaken kanthi cara maos makaping-kaping cakepan tembang dolanan. Sasampunipun maos cakepan, lajeng nyerat data. Data dipunanalisis kanthi cara *deskriptif* kangge manggihaken wujudipun piwulang moral, jinisipun piwulang moral, lan cara ngandharaken piwulang moral. Cara ngesahaken data wonten ing panaliten menika kanthi ngginakaken *validitas semantik*. *Reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *keakuratan*, *intrarater*, lan *interater*.

Wujudipun piwulang moral ingkang kapanggihaken cacahipun wonten 33, inggih menika bekti dhumateng Gusti, narima kersaning Gusti, pakurmatan marang tiyang sanesipun, tulung-tinulung, ndherek nandang raosipun tiyang sanes, sampun ngantos nyakiti tiyang sanes, remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun, ampun remen melik darbeke tiyang sanes, ampun remen mbeda-mbedaken mring liyan, ampun remen nlikung liyan, rukun karya, remen peparing, *disiplin*, kedah lila lan legawa, aja adigang adigung adiguna, sengkut makarya, sabar, ampun sembrana, satriya, empan papan, remen reresik, ampun remen tumindak culika, sapa nandur bakal ngundhuh, dados tiyang ampun kesed, ampun remen duka, prasaja, bekti marang tiyang sepuh, ampun remen paring patuladhan ingkang awon, ngajeni panguwasa, *kepemimpinan*, ampun remen umuk, kedah njagi alam lan mundhut asiling alam saprelune mawon. Jinisipun piwulang moral ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten ngengingi piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo cacahipun wonten 4, inggih menika piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan Gusti, gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa, gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak, gegayutanipun manungsa kaliyan alam. Cara ngandharaken piwulang moral kaperang dados 2, kanthi cara walaka lan sinamun.

## **BAB I PURWAKA**

### **A. Dhasaring Panaliten**

Manungsa anggenipun nglampahi tumindak wonten ing pagesangan menika kedah nggatosaken salah bawa lan budi pakertinipun. Tumindak ngengingi salah bawa lan budi pakertinipun manungsa menika saged dipunwastani moral. Moral ingkang sae kedah dipungatosaken lan dipuntrepaken wonten ing pagesangan menika supados manungsa dados langkung sae. Wanci ing jaman sakmenika moralipun masyarakat wonten ing pagesangan menika ketawis sampun ewah. Salah satunggalipun tuladha ewahipun moral masyarakat, saged katingal saking kathahipun pawarta babagan panguwasa ingkang nindakaken *korupsi*. *Praktik korupsi* wonten ing Nagari menika nedahaken bilih masyarakat Indonesia sampun ewah moralipun. Ewahing moral masyarakat Indonesia sakmenika salah satunggalipun jalaran saking *modernisasi* jaman ingkang *cepat*. Dene ewahing jaman *modern* menika saged katitik saking *media internet* lan *televisi*. *Media-media* menika kalawau gadhah *jangkauan* ingkang wiar. Sedaya informasi saged kapanggihaken. Informasi saking media menika ngamot perangan-perangan ingkang sae lan kirang sae.

Mlebetipun informasi saking daya pangaribawa *media* ingkang *bebas* kedah dipunadhepi kanthi waspada. Menawi panganggenipun *media* boten dipunsarengi kaliyan benteng ingkang kiyat, saged ndamel rusak moralipun manungsa, mliginipun dhateng lare. Tiyang sepuh kedah gadhah benteng

kangge larenipun kangge nyaring *informasi* babagan ingkang kirang sae. Benteng menika salah satunggalipun arupi piwulang *moral*. Piwulang moral saged kadadosaken titikan kangge tumindak ingkang sae. Mbangun moralipun bangsa menika langkung sae menawi kawiwitan kanthi cara paring piwulang moral dhumateng para penerus bangsa wiwit taksih lare.

Daya pangaribawa piwulang moral dhateng lare sajatosipun gegayutan kaliyan *peran* tiyang sepuhipun. Para tiyang sepuh kedah saged paring piwulang *moral* ingkang leres kangge larenipun. Salah satunggaling cara narik kawigatosanipun lare, tiyang sepuh saged ngandharaken piwulang moral kanthi ngginakaken *karya sastra*. Sastra kalebet *cermin* saking pengalaman pagesangan ingkang awujud basa. Basa ingkang dipunginakaken wonten ing karya sastra menika kalebet basa ingkang *estetis* saha *imajinatif*. Para pujangga sastra nganggit karya sastra menika kanthi ningali kahanan *sosial* ingkang wonten ing masyarakat. Karya sastra menika wujudipun maneka warna, kadosta : buku, geguritan, gendhing, cerbung lan sakpanunggalanipun. Panganggit sastra limrahipun paring piwulang moral wonten ing saklebeting karya sastra ingkang dipunanggit kalawau. Piwulang moral menika minangka pepeling kangge pagesangan wiwit rumiyin dumugi sakmenika. Salah satunggalipun *karya sastra* ingkang ngamot piwulang moral inggih menika awujud gendhing. Gendhing limrahipun dipunremeni lan gampil dipunemut dening manungsa. Dene wonten ing gendhing, piwulang moral saged kapanggihaken wonten ing cakepan gendhingipun.

Gendhing wonten ing *masyarakat* mliginipun jawi menika maneka warna jinisipun. Kadosta gendhing macapat, gendhing gedhe, gendhing tengahan, gendhing dolanan lan sapanunggalanipun. Salah satunggalipun gendhing ingkang asring lan gampang dipunemut dening lare alit inggih menika gendhing dolanan. Gendhing dolanan saged dipundadosaken piwulang moral kangge para lare ingkang wonten ing jaman sakmenika. Amargi, wonten ing jaman sakmenika moralipun para lare saweg kagerus gendhing-gendhing ingkang kirang pas kaliyan yuswanipun. Gendhing ingkang kirang jumbuh kaliyan yuswanipun lare alit menika kadosta gendhing babagan katresnan. Gendhing kanthi jinis menika gampang kapanggihaken wonten ing media TV, *internet*, *radio* lan sanesipun. Gendhing katresnan menika sejatosipun saged ngrusak moral para lare ingkang kedahipun pados ngelmu sakathah-kathahipun, Kanthi gendhing katresnan kalawau para lare saged mangertos babagan katresnan dhumateng lawan jinisipun. Beda kaliyan gendhing katresnan, gendhing dolanan gadhah bobot *porsi* ingkang trep kangge yuswanipun para lare. Gendhing dolanan ugi saged ndadosaken lare alit remen pados ngelmu. Gendhing dolanan ngandharaken babagan piwulang moral. Dene gendhing dolanan ingkang ngandharaken piwulang moral, antawisipun gendhing Gundhul Pacul. Wonten ing gendhing menika gatra cakepan gendhing ingkang ngandharaken piwulang moral saged kapanggihaken kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Nyunggi-nyunggi wakul gemblelengan wakul jomplang segane dadi saklatar.* (SW, 2012 : 95)

Gatra cakepan saderengipun, *Gundhul-gundhul pacul*, *Gundhul* inggih menika mustaka. Wonten ing sajroning mustaka wonten *polo*, *polo* menika tugasipun ngatur sedaya perangan badan lintunipun supados saged nglampahi tumindak. Dados saged kawastanan bilih gundhul menika sami tugasipun kaliyan panguwasa pamarentahan ingkang ngatur masyarakat. Nyunggi-nyunggi wakul negesi marang panguwasa ingkang dipunparingi kuwajiban. Menawi panguwasa menika *gemblelengan* utawi sakpurunipun piyambak, *wakul* saged *jomplang*. *Wakul* nedahaken panguwasanipun. *Jomplang segane dadi saklatar* nedahaken bilih menawi panguwasa menika sakpurunipun piyambak anggenipun paring parentah, kahananipun masyarakat ugi ingkang bakal cilaka. Saking gendhing menika saged kapanggihaken wujud piwulang moral *kepemimpinan* panguwasa marang rakyatipun. Dene *kepemimpinan* menika kalebet jinising piwulang moral ingkang ngengingi gegayutanipun manungsa(panguwasa) kaliyan manungsa(rakyat). Cara anggenipun ngandharaken piwulang moral menika kanthi sinamun amargi piwulang moralipun boten *tersurat* ananging kedah dipunpadosi malih menapa maknaipun.

Adhedhasar saking panaliten dhateng gendhing gundhul pacul, saged dipunwastani bilih gendhing dolanan ngawrat piwulang moral ingkang sae wonten ing saklebetipun. Gendhing dolanan sanesipun kedahipun ugi saged dipuntliti kadospundi piwulang moralipun. Perkawis mekaten ingkang njalari panaliten dhateng piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan dolanan menika. Dene panaliti mundhut *objek* gendhing dolanan wonten ing

bukunipun Sri Widodo amargi buku menika *menarik* lan dereng nate dipunteliti sakderengipun. Sapangertosan paneliti, panaliten ngengingi piwulang moral wonten ing gendhing dolanan namung niti gendhing-gendhing ingkang misuwur kemawon. Dene panaliten babagan gendhing dolanan wonten ing setunggal buku dereng nate dipunlampahi.

### **B. Underaning Perkawis**

Saking ningali dhasaring panaliten ing nginggil, saged kapanggihaken underaning perkawis kadosta wonten ing ngandhap menika

1. Mlebetipun media *modern* ingkang boten dipunsaring njalari ewahing moral.
2. Daya pangaribawa tiyang sepuh tumrap mindhakistan moral lare.
3. Gendhing dolanan wonten ingkang ngawrat piwulang moral.
4. Wujudipun piwulang moral wonten ing cakupan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo.
5. Jinising piwulang moral wonten ing cakupan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo.
6. Cara ngandharaken piwulang moral wonten ing cakupan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo.

### **C. Watesaning Perkawis**

Saking ningali watesaning panaliten wonten ing nginggil, saged kapanggihaken underaning perkawis kadosta wonten ing ngandhap menika.

1. Wujudipun piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo.
2. Jinising piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo.
3. Cara ngandharaken piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo.

### **D. Wosing Perkawis**

Kanthi ningali watesaning perkawis wonten ing nginggil, saged kapanggihaken wosing perkawisipun panaliten kadosta wonten ing ngandhap menika.

1. Kados pundi wujudipun piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo?
2. Menapa kemawon jinising piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo?

3. Kadospundi cara ngandharaken piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo?

#### **E. Ancasing Panaliten**

Kanthi ningali wosing perkawis wonten ing nginggil, saged kapanggihaken ancasing panaliten kadosta wonten ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken wujudipun piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo.
2. Ngandharaken jinising piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo.
3. Ngandharaken cara anggenipun ngandharaken piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo.

#### **F. Paedahing Panaliten**

Paedahing panaliten menika saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

1. Paedah Teoritis

Panaliten menika saged paring paedah kangge ngelmu sastra babagan piwulang moral ingkang *tersurat* utawi *tersirat* wonten ing cakepan gendhing jawa, mliginipun gendhing dolanan.

## 2. Paedah Praktis

Panaliten menika saged paring andharan masyarakat jawi mliginipun para tiyang sepuh ingkang pados pandom lan sarana piwulangan moral kangge ngadhepi pagesangan dhateng larenipun.

### **G. Pangertosan**

Pangertosan dipunandharaken kangge njumbuhaken pamahaman *variabel* panaliten menika.

1. Piwulang inggih menika nasehat, amanat lan ajaran
2. Piwulang moral inggih menika nasehat, amanat lan ajaran ngengingi salah bawa, jejibahan, tumindak, budi pakerti lan babagan *sosial*.
3. Gendhing inggih menika salah satunggalipun *gabungan* saking *nada* utawi suwanten kanthi runtut saha wonten wiramanipun.
4. Gendhing dolanan inggih menika salah satunggalipun *puisi* jawi/geguritan ingkang dipungendhingaken mliginipun dening para lare-lare ingkang asipat *unik* lan gampil menawi dipungendhingaken.

## **BAB II GEGARAN TEORI**

### **A. Hakekat Sastra**

Sastra kaanggit dening panganggit sastra minangka pepiling kangge gesang bebrayan. Karya sastra karantam kanthi daya *imajiatif* ingkang saged ndadosaken karya sastra katingal endah. Panganggit karya sastra maringi raos dhateng karya sastranipun, satemah saged ndadosaken endah lan *imajinatif*. Daya *imajinatif* asilipun saking panganggit utawi *refleksi* pagesangan wonten ing sakiwen tengenipun panganggit. Perkawis bilih karya sastra menika karya *imajinatif* saking pengalaman pagesangan jumbuh kaliyan pamanggihipun Djojuroto.

Djojuroto (2006:17) ngandharaken bilih karya sastra inggih menika *refleksi* panganggit ngengingi babagan gesang bebrayan ingkang dipunjumbuhaken kaliyan daya *imajinasi* lan *kreasi* ingkang dipunjunjung dening pengalaman lan tetinggalan dhateng pagesangan. Minangka karya manungsa, karya sastra limrahipun ugi ngawrat ancas kangge sarana paring piwulang dhateng para manungsa. Perkawis bilih karya sastra menika ugi kangge sarana paring piwulangan dhateng manungsa jumbuh kaliyan pamanggihipun A. Teeuw.

A Teeuw (2003 : 20), nedahaken bilih sastra menika kaserap wonten ing basa Indonesia, asalipun saking basa sansekerta. Dumados saking sas-, tegesipun ngarahaken, mulang, paring pitedah utawi instruksi lan tra- menika nedahaken piranti utawi sarana. Dados sastra saged dipunwastani piranti

kangge paring piwulangan. Perkawis bilih sastra menika saged kangge piwulang, jumbuh kaliyan pamanggihipun Luxemburg.

Sastra miturut Luxemburg (1992:5) inggih menika salah satunggaling reripta ingkang arupi *kreasi* ananging boten awujud *imitasi*. Sastra menika kadamel saking jagad ingkang enggal lan sampurna ingkang dipunwujudaken dening panganggit. Anggenipun para panganggit ngripta karya sastra menika kanthi medalaken *emosi* ingkang kadadosan saking pikiran ingkang *spontan*. Wedalan *emosi* saking panganggit ugi nyengkuyung rereptanipun karya sastra ingkang dipunanggit. Menawi karya sastra ingkang dipunanggit menika karipta dening pangripta ingkang saged medalaken *emosi* kanthi raos inggil, saged ndamel pamaos karya sastra ugi pikantuk pengalaman lan piwulang ingkang dipunraosken dening pangripta. Perkawis bilih karya sastra saged damel pamaos mangertos lan pikantuk pengalamanipun pangripta, saged dipuntingali wonten ing pamanggihipun Endraswara.

Endraswara (2012:129) ngandharaken bilih karya sastra inggih menika wahana saha guru kangge sedaya kemawon, sastra ugi ngawrat piwulang dhateng manungsa. Tiyang ingkang maos sastra kanthi wetah saged pikantuk *kecerdasan sosial* kangge gesang wonten ing *masyarakat*, amargi sastra menika ngawrat piwulang moral supados para pamaos saged dados langkung wicaksana wonten ing pagesangan menika. Babagan bilih karya sastra menika ngawrat perkawis sosial jumbuh kaliyan pamanggihipun Purwadi.

Sastra miturut Purwadi (2012:3) inggih menika karangan basa ngengingi sosial budaya ingkang mawi wujudipun pikantuk *penilaian* ingkang

*positif* saking masyarakat, satemah dipunuri-uri. Karya sastra ugi saged kawastanan inggih menika andharan babagan basa ingkang langkung padhet ngengingi *informasi*, sedaya perkawis ingkang boten *semantis* dipundadosaken *semantis*.

Saking pamanggih wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih sastra inggih menika salah satunggaling reriptanipun manungsa ingkang arupi *kreasi* ananging boten awujud *imitasi* lan minangka *refleksi* panganggit ngengingi babagan gesang bebrayan, ingkang dipunjumbuhaken kaliyan daya *imajinasi* lan *kreasi*, dipunjunjung dening pengalaman lan tetinggalan marang pagesanga. Sastra saged awujud karangan basa ngengingi perkawis sosial budaya, ingkang mawi wujudipun pikantuk *penilaian* ingkang positif saking masyarakat, satemah dipunuri-uri lan saged dados wahana saha guru sarta ngawrat babagan piwulang moral kangge manungsa.

Karya sastra ingkang badhe dipuntliti wonten ing panaliten menika awujud gendhing. Gendhing kalebet salahsatunggalipun karya sastra, dados saged dipunwastani bilih gendhing ugi ngawrat piwulang moral wonten ing saklebetipun. Dene ingkang ngawrat piwulang moral inggih menika wonten ing perangan cakepan gendhing, kadosta wonten ing andharan wonten ing ngandhap menika.

## **B. Cakepan Gendhing**

Gendhing kalebet salah satunggaling wujud karya sastra. Kanthi ningali bilih gendhing menika salah satunggalipun wujud karya sastra, gendhing ugi

ngawrat piwulang moral wonten ing saklebetipun. Saking gendhing, manungsa saged manggihaken pandom kangge nglampahi pagesangan menika. Gendhing ngawrat cakepan ingkang saged dipuntingali lan dipungatosaken mawi piwulang moral.

Cakepan gendhing limrahipun ngewrat tetembungan ingkang arupi pandangan pagesangan saking panganggitipun. Wonten ing pagesangan menika, gendhing menapa kemawon jinisipun, limrahipun ngginakaken cakepan kangge ngandharaken *ide* saking pangriptanipun supados dipunmangertosi dening pamireng. Perkawis menika sami kaliyan pamanggihipun Tambayong.

Tambayong (1992:344) ngandharaken bilih cakepan menika dipuntingali saking etimologinipun, saged kawastanan bilih cakepan menika gadhah teges wujud *syair* ingkang dipunginakaken dening sedaya jinising gendhing. Dene wujud *syair* ingkang dipunginakaken wonten ing gendhing kangge ngandharaken sedaya raos wonten ing manah. Perkawis ngengingi cakepan gendhing kangge ngandharaken raos wonten ing manah menika dipunandharaken dening Depdikbud.

Depdikbud (2002:678) ngandharaken bilih cakepan inggih menika salah satunggalipun karya sastra ingkang gadhah wos ngandharaken sedaya raos ingkang wonten ing manah kanthi awujud tembung wonten ing gendhing. Amargi cakepan gendhing menika minangka kangge ngandharaken sedaya raos wonten ing manah, gendhing kalebet wonten ing geguritan. Dados saged kawastanan bilih cakepan inggih menika geguritan ingkang

dipungendhingaken. *Bukti* bilih cakepan menika kalebet wonten ing geguritan saged dipuntingali saking pangertosan geguritan miturut Pradopo wonten ing ngandhap menika.

Pradopo (2009:7) ngandharaken bilih geguritan inggih menika salahsatunggalipun wujud *ekspresi* saking nalar ingkang ndadosaken raos medalaken *imajinasi* panca indra kangge ngrantam rantaman ingkang wonten wiramanipun. Saking pamanggih kalawau saged dipunandharaken bilih cakepan gendhing inggih menika geguritan ingkang dipungendhingaken. Perkawis menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Hartoko.

Hartoko (1986:79), ngandharaken bilih cakepan gendhing menika kanthi cara walaka anggenipun ngandharaken lan mujudaken raos saking manahipun tiyang. Cakepan gadhah sipat ingkang utami inggih menika *nada* lan wirama, *abtraksi* kaliyan wekdal lan papan tartamtu, sarta *gaya* ingkang walaka ngenani marang raosipun manah saking pamireng.

Saking pamanggih-pamanggih wonten ing nginggil, saged kapanggihaken dudutanipun bilih cakepan gendhing inggih menika salah satunggalipun karya sastra awujud syair babagan *ekspresi* saking nalar ingkang dipunginakaken dening sedaya jinising gendhing lan gadhah wos kangge ngandharaken sedaya raos ingkang wonten ing manah kanthi awujud tembung wonten ing gendhing. Salahsatunggalipun wosing gendhing minangka geguritan(karya sastra) inggih menika ngandhut piwulang moral.

### C. Gegayutan Sastra Kaliyan Piwulang Moral

Sastra inggih menika reriptionipun manungsa ingkang arupi *kreasi* lan *refleksi* panganggit ngengingi babagan gesang bebrayan. Salahsatunggalipun karya sastra inggih menika awujud gendhing. Wonten ing cakupan gendhing, saged kapanggihaken piwulang moral ingkang dipunandharaken dening panganggit. Asalipun tembung piwulang moral menika saking tembung piwulang lan moral, perkawis menika saged dipunpirsani wonten ing pamanggihipun Depdikbud.

Miturut Depdikbud (2002 : 865), piwulang moral menika asalipun saking kalih tembung, inggih menika piwulang lan moral. Piwulang inggih menika *nasehat*, *amanat*, andharan babagan wasiat ingkang pungkasan saking tiyang ingkang badhe tilar donya. Dene menawi moral, saged dipuntingali saking KBBI wonten ing Nurgiyantoro (2012: 320), ingkang ngandharaken bilih moral inggih menika piwulang ngengingi babagan sae boten tumindakipun tiyang wonten ing masyarakat. Tumindak wonten ing mriki ngengingi babagan salah bawa, jejibahan, akhlak, budi pakerti saha *susila*. Saking pamanggih wonten ing nginggil, saged dipunpundhut dudutan bilih piwulang moral inggih menika *nasehat* lan *amanat* ngengingi babagan sae boten tumindakipun tiyang wonten ing masyarakat. Piwulang awujud nasehat utawi amanat menika wosipun ngengingi babagan ajaran. Perkawis menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Hadiatmaja lan Endah.

Hadiatmaja lan Endah (2008 : 56) ngandharaken bilih piwulang inggih menika seratan ingkang wosipun ngengingi ajaran. Ajaran kangge manungsa

wonten ing donya menika salahsatunggalipun kanthi nggatosaken salah bawa lan tindak-tanduk ingkang sae. Perkawis bilih piwulang menika ngengingi salah bawa tumindakipun manungsa, jumbuh kaliyan pamanggihipun Purwadi.

Purwadi (2009 : 5) ngandharaken bilih piwulang moral inggih menika piwulang ingkang wonten gegayutanipun kaliyan salah bawa ingkang sejatosipun dados tetimbangan akhlak lan budi pakerti. Perkawis bilih piwulang moral menika ngengingi akhlak lan budi pakerti tumindakipun manungsa, jumbuh kaliyan pamanggihipun Darusuprpto.

Darusuprpto, dkk. (1990 : 1) ngandharaken bilih piwulang moral inggih menika piwulang ingkang wonten gegayutanipun kaliyan salah bawa ingkang asalipun saking akhlak lan budi pekerti manungsa.

Saking sedaya pamanggih wonten ing nginggil, saged dipunpundhut dudutanipun, piwulang moral inggih menika nasehat, amanat lan ajaran ngengingi babagan sae boten tumindakipun tiyang wonten ing *masyarakat*. Tumindak wonten ing mriki ngengingi gegayutanipun kaliyan salah bawa ingkang dados tetimbangan akhlak lan budi pakerti.

Sasampunipun mangertos babagan piwulang moral wonten ing nginggil, saget dipunwastani bilih wonten ing karya sastra menika saged kapanggihaken piwulang moralipun. Perkawis menawi karya sastra menika ngawrat piwulang moral jumbuh kaliyan pamanggihipun Nurgiyantoro.

Miturut Nurgiyantoro (2007 : 321), karya sastra ngawrat piwulang moral ingkang gadhah gegayutan kaliyan sipat-sipat kabecikanipun manungsa, sipat

misuwuraken *hak* lan *martabat* manungsa. Piwulang moral saking karya sastra kanthi sipat umum, limrahipun saged dipuntampi kaleresanipun, mliginipun saged dipuntemtokaken saking unsur *intrinsik* sanesipun. Piwulang moral sastra menika gadhah perangan-perangan asipat *kodrati* lan *hakiki*, sanes saking perkawis ingkang dipundamel, dipuntemtokaken, saha dipunadili dening manungsa. Pamanggih bilih karya sastra ngandhut piwulang moral menika sami kaliyan pamanggihipun Djajasuroto.

Miturut Djajasuroto (2006:15-17) sastra kaliyan piwulang moral menika wonten gegayutan ingkang raket sanget. Minangka tetengeripun, saged dipuntingali kanthi manggihaken kathahing karya sastra ingkang ngandhut piwulang moral. Perkawis mekaten dipunjalarani amargi panganggit saged paring andharan tetinggalan ngengingi pagesanganipun babagan *nilai-nilai* moral ingkang sae. Kathah panganggit *karya* sastra ingkang ndadosaken karyanipun dados gadhah gegayutan kaliyan sipat luhuring manungsa, misuwuraken *hak* lan *martabating* manungsa.

Saking ningali andharan-andharan wonten ing nginggil babagan piwulang moral wonten ing karya sastra, saged kapundhut dudutanipun bilih karya sastra ngawrat piwulang moral ingkang mawi wujud nasehat, amanat lan ajaran ngengingi babagan sae boten tumindakipun tiyang wonten ing masyarakat. Kanthi mekaten, amargi cakepan gendhing menika minangka salah satunggalipun karya sastra, saged dipunwastani bilih cakepan gendhing menika ugi ngewrat piwulang moral. Cakepan gendhing ingkang ngandhut piwulang moral menika saged dipunlebetaken wonten ing jinis-jinis piwulang

moral satemah saged dipunpanggihaken wos ingkang langkung gampil dipuntampi manungsa.

#### **D. Jinising Piwulang Moral**

Salah satunggalipun perangan piwulang moral saged dipuntingali saking jinising piwulang moral. Miturut Nurgiyantoro (2007:323) jinispun piwulang moral saged kalebet wonten ing prastawa ingkang asipat boten bebas. Jinispun piwulang moral menika saged lumebet wonten ing prastawa gesang lan pagesangan, prastawa ingkang gadhah gegayutan kaliyan *harkat* lan *martabat* manungsa. Saking ningali andharan mekaten, saged kawastanan bilih jinising piwulang moral saged kaperang dados sekawan, saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

##### 1. Gegayutanipun manungsa kaliyan Gusti

Hadiatmaja (2011 : 24), ngandharaken bilih wonten ing pagesangan, menawi badhe nglampahaken sipating dhiri minangka *makhlukipun* Gusti, manungsa kedah mangertos antawisipun eling, waspada, percaya, mituhu. Bilih manungsa menika saged anggayuh sekawan perkawis menika kalawau wonten ing pagesangan, manungsa saged manggihaken karaharjan lan saged pinuju ing kasampurnan kanthi lancar.

##### 2. Gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa

Hadiatmaja (2011 : 35 - 36) ngandharaken bilih gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa menika kalebet *etika sosial*. Pagesanganipun manungsa sampun kaatur lan kawates dening *kaidah-kaidah* lan *norma-norma*

*sosial* ingkang sampun kasarujukan dening sedaya *masyarakat* ingkang gayut, lajeng dados adat wonten ing *masyarakat*. *Masyarakat* jawi menika gadhah antawisipun tata krama, sopan santun, unggah-ungguh lan tata Nagara. Wonten *semboyan* ingkang ngandharaken manungsa kedah berbudi bawa laksana. Tegesipun manungsa menika kedah tumindak becik dhateng manungsa sanesipun.

### 3. Gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak

Hadiatmaja (2011 : 53-55) ngandharaken manungsa ingkang saged gadhah sipat-sipat luhur mawas dhiri, budi luhur, tepa slira, mrawira, rumangsa lan ngerti ing semu saged hanggayuh janma utama, inggih menika tiyang ingkang susila.

### 4. Gegayutanipun manungsa kaliyan alam

Hadiatmaja (2011 : 33), ngandharaken bilih tiyang jawi anggenipun paring tumindak dhateng *alam* kedah ngemut sesanti memayu hayuning bawana. Tegesipun manungsa anggenipun tumindak kedah ngemut bilih dipunpirsani saking sedaya makhluk, saged ingkang *ghaib* menapa ingkang nyata kadosta alam.

Teori ingkang badhe dipunginakaken wonten ing panaliten menika teori saking Nurgiyantoro kabiyantu dening teorinipun Hadiatmaja ingkang ndadosaken jinising piwulang moral menika dados sekawan, antawisipun manungsa kaliyan Gusti, manungsa kaliyan manungsa, manungsa kaliyan dhirinipun piyambak lan manungsa kaliyan alam.

## E. Cara Ngandharaken Piwulang Moral

Karya sastra menika minangka sarana kangge *komunikasi* ingkang wujudipun *lisan* utawi seratan ingkang gadhah ancas kangge ngandharaken piwulang moral. Dene cara ngandharaken piwulang moral wonten kalih inggih menika cara *langsung*(walaka) saha boten *langsung*(sinamun). Perkawis cara ngandharaken piwulang moral dados kalih perangan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Nurgiyantoro ingkang saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

### 1. Cara Walaka

Miturut Nurgiyantoro (2007 : 335), wujud ngandharaken piwulang moral kanthi cara walaka inggih menika kanthi ngandharaken moral utawi wulangan dhateng pamaos kanthi cara walaka lan *eksplisit*. Panganggit wonten ing bab menika asipat dados guru dhateng pamaos, lajeng kanthi cara walaka paring piwulang. Cara ngandharaken mawi walaka menika saged *komunikatif* satemah pamaos langkung gampang anggenipun mangertos menapa ingkang dipunkajengaken. Perkawis ngengingi cara ngandharaken piwulang kanthi walaka menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Depdikbud.

Miturut Depdikbud (1996 : 81), teges walaka inggih menika teges ingkang saking tembung-tembung *tersurat* (*eksplisit*) wonten ing geguritan. Ngemutaken malih bilih cakepan menika minangka salah satunggaling wujud geguritan. Dados ugi gadhah sipat-sipat ingkang sami.

## 2. Cara Sinamun

Miturut Nurgiyantoro (2007 : 339), piwulang moral ingkang asipat sinamun menika namung awujud *tersirat* wonten ing cariyos. Kanthi mekaten saged paring daya pangaribawa dening para pamaos supados mendhet piwulang moral miturut pamaos piyambak. Amargi cakepan gendhing menika ugi kalebet wonten ing geguritan. Babagan cara ngandharaken piwulang moral sinamun menika ugi saged kapanggihaken wonten ing geguritan. Perkawis menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Luxemburg babagan geguritan.

Miturut Luxemburg (1992 : 191), wonten ing geguritan kathah ingkang dipunandharaken kanthi cara sinamun. Tuturan *kiasan* kalebet andharan kanthi cara sinamun. Tuladhanipun ukara “A” ngawrat teges “B”, perkawis menika boten gadhah teges bilih sedaya *obyek* menika nyata lan wujud perkawis tartamtu gadhah teges sanes saking teges *harfiah*.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged dipunpundhut dudutanipun bilih cara ngandharaken piwulang moral wonten ing karya sastra awujud cakepan gendhing menika wonten kalih, inggih menika kanthi cara walaka lan cara sinamun. Cara walaka inggih menika panganggit anggenipun ngandharaken piwulang moral kanthi cara blaka lan *komunikatif*, satemah pamaos boten madosi piyambak menapa piwulang moralipun. Dene cara sinamun inggih menika, panganggit kanthi tersirat anggenipun ngandharaken piwulang moral, satemah saged paring daya pangaribawa dening para pamaos supados mendhet piwulang moral miturut pamanggihipun pamaos piyambak.

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil, piwulang moral ingkang wonten ing gendhing dolanan, caranipun ngandharaken piwulang ngginakaken cara walaka lan sinamun. Dados wonten gendhing ingkang piwulang moralipun saged dipunpahami kanthi ningali cakepan kanthi walaka, amargi sampun *tersurat*, ananging wonten ugi gendhing dolanan ingkang ngandhut piwulang moral ingkang *tersirat*, dados pamaos kedah madosi piyambak.

#### **F. Gendhing Dolanan**

Soeroso (1984 : 1-10), ngandharaken bilih gendhing dolanan kalebet wonten ing jinis gendhing ingkang boten ngemut aturan panganggitan (*irregular song form*). Perkawis menika dipunlandhesi kanthi dasar, pada gendhing wonten ing saklebeting cakepan gendhing boten tamtu, jumlah *suku* tembung wonten ing gatra boten tamtu, jumlah gatra wonten ing pada boten tamtu, ngginakaken dhing-dhong. Saklintunipun jumlah ingkang boten temtu, cakepan gendhing dolanan menika ugi *sederhana* lan *terbatas*. Perkawis *sederhana* lan *terbatas* menika kadosta pamanggihipun Sarwono wonten ing ngandhap menika.

Sarwono, dkk (1995:5) ngandharaken bilih gendhing dolanan asring dipungendhingaken dening lare-lare, kala-kala dipungarap kanthi ngangge tari-tarian. Gendhing dolanan gadhah aturan-aturan, kadosta : Basa ingkang dipunginakaken menika basa ingkang *sederhana*, cengkok gendhingipun ugi *sederhana*, *jumlah* pada ingkang wonten ing gendhing menika limrahipun inggih terbatas, dene wosipun ngengingi babagan ingkang jumbuh kaliyan

kahananipun lare. Gendhing dolanan saged gadhah wos ngengingi tuladha babagan *nasehat*, budi pakerti, tata susila lan sapanunggalanipun. Andharan babagan nasehat, budi pakerti wonten ing gendhing dolanan menika anggenipun manggihaken saking *tradisi lisan*. Perkawis *tradisi lisan* menika kadosta pamanggihipun Triyono.

Miturut Triyono (2000 : 13), Gendhing dolanan inggih menika salah satunggaling wujud *tradisi lisan* ingkang *ditransmisikan* saking *generasi ke generasi* kanthi cara *oral*, dados boten jelas kapan wiwitipun *genre* menika dipunpanggihaken. Gendhing dolanan menika limrahipun ngandhut babagan tuntunan ingkang sae kangge lare alit. Kajawi saking mekaten, gendhing dolanan ugi dipunraos jumbuh kaliyan jiwaniipun lare alit. Perkawis menawi gendhing dolanan menika ngandhut babagan ingkang sae menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Triyono wonten ing kaca saderengipun.

Triyono (2000 : 1-12), ngandharaken bilih gendhing dolanan menika dipunraos ngandhut makna *estetik*, *musikal* lan *kultural*. Saking babagan *musikal*, wujud gendhing lan iramanipun menika jumbuh kaliyan *perkembangan musikalitas* lare. Dene saking babagan *kultural*, gendhing dolanan saged paring piwulang kangge lare supados disiplin, njagi *harmoni* kaliyan alam, sesami manungsa lan tiyang sepuh. Mulangaken malih gendhing dolanan saged dados salah satunggalipun *alternative* kangge ngatasi *modernisasi* ingkang limrahipun nebihaken kabecikanipun lare alit. Pamanggih menika jumbuh kaliyan sipating gendhing dolanan ingkang

ngandhut *efek katartik* kangge lare kadosta ingkang dipunandharaken dening Triyono wonten ing kaca salajengipun.

Miturut Triyono (2000:16), efek katartik inggih menika kagayuhipun pengalaman *musical* ingkang badhe dipungayuh, minangka salah satunggalipun wujud *kedalaman* saking kaleresan *psikologi* ingkang arupi paedah saking piwulangan *musik*.

Saking pangertosan-pangertosan wonten ing nginggil, saged dipunpundhut dudutan bilih gendhing dolanan inggih menika tradisi lisan ingkang asring dipungendhingaken dening lare-lare, ngandhut makna *estetik*, *kultural* lan *musical* kangge paring piwulang dhateng lare sarta kalebet wonten ing jinis gendhing ingkang boten ngandhut aturan panganggitan.

### **G. Panaliten ingkang Jumbuh**

Panaliten menika jumbuh kaliyan panalitenipun Widha Prastawa taun 2014 ingkang kagungang judul “*Pesan Moral wonten ing Lagu Kasimex Houseband*”. Panaliten menika ngrembag babagan pesan moral ingkang wonten ing lagunipun Kasimex Houseband. Wonten ing panaliten menika metode panaliten ingkang dipunginakaken inggih metode panaliten *kualitatif* kanthi wujud *deskriptif* lan objek panalitenipun arupi video. Panalitenipun Widha Prastawa kaliyan panaliten ingkang badhe kalampahaken menika sami-sami ndadosaken cakepan wonten ing gendhing minangka objek panaliten. Dene bedanipun, panaliten ingkang badhe katindakaken menika langkung

spesifik lan ngenani babagan gendhing dolanan ingkang wonten ing buku anggitanipun Sri Widodo.

### **BAB III** **CARA PANALITEN**

#### **A. Jinising Panaliten**

Panaliten menika kalebet panaliten ingkang ngginakaken cara panaliten *kualitatif*. Miturut Ratna (2007: 46), cara *kualitatif* inggih menika panaliten sastra katliti kanthi cara ngandharaken ngginakaken *sajian* ingkang awujud *deskriptif*. Panaliten menika kagungan ancas kangge paring andharan babagan piwulang moral, wujuding piwulang moral lan caranipun ngandharaken piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing Buku Gendhing-gendhing Dolanan anggitanipun Sri Widodo. Buku menika kacithak dening *penerbit* CV. Cendrawasih wonten ing Sukoharjo-Surakarta. Kanthi ningali andharan menika kalawau saged dipunwastani bilih panaliten ingkang nлити piwulang moral wonten cakepan gendhing dolanan wonten ing Buku Gendhing-gendhing Dolanan anggitanipun Sri Widodo menika ngginakaken cara *kualitatif* kanthi cara *deskriptif*.

#### **B. Data lan Sumber Data**

Data wonten ing panaliten menika awujud tembung, frase lan tetembungan ing lirik utawi syair wonten ing Buku Gendhing-gendhing Dolanan anggitanipun Sri Widodo. Data ingkang sampun kapanggihaken lajeng dipunpantha dados tiga inggih menika miturut jinising piwulang moral, wujudipun piwulang moral lan cara anggenipun ngandharaken piwulang moral.

Sumber data panaliten menika saking lirik utawi syair gendhing dolanan ingkang wonten ing “Buku Gendhing-gendhing Dolanan” anggitanipun Sri Widodo ingkang kacithak dening *penerbit* CV. Cendrawasih. Buku menika kacithak wonten ing Sukoharjo-Surakarta. Edisi ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika edisi revisi taun 2012. Saged dipunpanggihaken 117 gendhing dolanan wonten ing 107 kaca buku menika.

### **C. Cara Ngempalaken Data**

Caranipun ngempalaken data panaliten menika kanthi cara maos makaping-kaping lirik utawi syair gendhing dolanan ingkang wonten ing Buku Gendhing-gendhing Dolanan anggitanipun Sri Widodo ingkang kacithak dening *penerbit* CV. Cendrawasih ingkang manggen wonten ing Sukoharjo-Surakarta taun 2012. Sasampunipun maos lajeng data dipunpadosi jinisipun piwulang moral, wujudipun piwulang moral lan anggenipun ngandharaken piwulang moral.

Data ingkang sampun kapanggihaken lajeng dipungayutaken kaliyan ancasing panaliten menika. Salajengipun, data dipunpantha dados tembung, gatra utawi larikipun wonten ing pada lirik utawi syair. Panaliten menika ngginakaken *reduksi* data kangge ngicalaken data ingkang boten wonten gegayutanipun kaliyan ancasing panaliten menika. Kanthi cara mekaten kaajab bilih data ingkang kapanggihaken saged awujud data ingkang trep. Salajengipun data ingkang sampun trep kalawau kalebetaken wonten ing kertu data. Kertu data menika kapantha miturut jinisning piwulang moral, wujudipun piwulang moral lan cara

ngandharaken piwulang moral wonten ing Buku Gendhing-gendhing Dolanan anggitanipun Sri Widodo ingkang kacithak dening *penerbit* CV. Cendrawasih ingkang manggen wonten ing Sukoharjo-Surakarta taun 2012.

#### **D. Pirantining Panaliten**

Panaliten menika ngginakaken *human instrument* utawi paneliti piyambak. Endraswara (2004:5) ngandharaken bilih paneliti inggih menika salah satunggaling *instrument* kunci ingkang badhe maos kanthi wigati ngengingi karya sastra. Paneliti anggenipun nлити menika kabiyantu dening kertu data.

Endraswara (2011 : 103) ngandharaken bilih data ingkang sampun cumawis saha kathah menika boten *terstruktur*, pramila panaliti prelu ngempalaken data ngginakaken kertu-kertu alit. Kertu data kagungan fungsi kangge nyerat data ingkang *relevan* kaliyan panaliten menika. *Konsep* panaliten dipunserat wonten ing jinising kertu data ingkang sami. *Proses* menika kalampahan kangge *menyeleksi* lan *mengklarifikasi* data miturut jinis-jinisipun. Kertu data menika ancasipun kangge nyerat data panaliten babagan piwulang moral ingkang wonten ing Buku Gendhing-gendhing Dolanan anggitanipun Sri Widodo ingkang kacithak dening *penerbit* CV. Cendrawasih ingkang manggen wonten ing Sukoharjo-Surakarta taun 2012. Kertu data panaliten kangge nyerat data menika wujudipun saged dipuntingali kadosta wonten ing ngandhap menika.

Tabel. 1. **Kertu Data Wujudipun Piwulang Moral**

No.	Judul Gendhing Dolanan	Data	Kaca	Wujudipun Piwulang Moral
1	Cep Menenga	Padha mujiya kalis sakehing godha	2 - 3	Bekti Dhumateng Gusti

### E. Cara Nganalisis Data

Cara anggenipun nganalisis data menika ngangge analisis data *deskriptif*. Data dipunpantha miturut jinising piwulang moral, wujudipun piwulang moral lan cara ngandharaken piwulang moral. Sasampunipun dipunpantha-pantha, data lajeng dipunanalisis dening paneliti miturut pamanggihipun paneliti kanthi adhedhasar saking teori landasan. Salajengipun, paneliti ndamel dudutan asilipun panaliten kanthi adhedhasar saking jinisipun, wujudipun lan cara ngandharaken piwulang menika kalawau.

Tabel 2. **Jinising Piwulang Moral**

No.	Judul Gendhing Dolanan	Kaca	Wujudipun Piwulang Moral	Jinising Piwulang Moral
1.	Cublak-cublak Suweng	20-22	Ndherek Nandang Raosipun Tiyang Sanes	Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa

Tabel 3 : Cara Ngandharaken Piwulang Moral

No.	Judul Gendhing	Kaca	Data	Jinising Piwulang Moral	Wujudipun Piwulang Moral	Cara Ngandharaken Piwulang Moral	
						W	S
1.	Cep Menenga	2-3	Padha mujiya kalis sakehing godha	Gegayutanipun manungsa kaliyan Gusti	Bekti Dhumateng Gusti	√	

#### F. Cara Ngesahaken Data

Cara ngesahaken data wonten ing panaliten menika kanthi ngginakaken *validitas semantik* ingkang dipunlampahi kanthi tetimbanganipun ahli. Miturut Endraswara (2004 : 164), *validitas semantis* inggih menika anggenipun ngukur *tingkat kesensitifan makna simbolik* ingkang gegayutan kaliyan *konteks*. *Validitas semantik* kalampahaken kanthi nggayutaken *makna simbolik* kaliyan *konteks* data piwulang moral wonten ing lirik utawi syair gendhing dolanan wonten ing Buku Gendhing-gendhing Dolanan anggitanipun Sri Widodo menika. Perkawis nggayutaken makna simbolik kaliyan konteks kalawau supados data ingkang kapanggihaken menika saget valid. Dene tetimbangan ahli kalampahaken kanthi cara konsultasi marang Dosen ahli.

*Reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *keakuratan intrarater* lan *interater*. Miturut Endraswara (2004:164), *keakuratan* inggih menika nggayutaken antawisipun asiling panaliten kaliyan kajian pustaka ingkang sampun *dirumuskan*. *Reliabilitas intrarater* dipuntindakaken kanthi cara maos saha

mahami data panaliten kanthi tliti makaping-kaping. Dene *Reliabilitas interater* katindakaken kanthi ngrembug asaling panaliten kaliyan kanca ingkang mangertos babagan piwulang moral lan saweg ngrembag piwulang moral.

**BAB IV**  
**ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

**A. Asiling Panaliten**

Panaliten babagan piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo menika ngrembag wujudipun piwulang moral, saking wujud menika lajeng dipunpantha miturut jinising piwulang moral lan cara ngandharaken piwulang moral. Sasampunipun panaliten menika dipunayahi, panaliten menika manggihaken asiling-asiling panaliten. Asiling panaliten menika saged dipunpirsani saking tabel wonten ing ngandhap menika, lajeng badhe dipunrembag wonten ing perangan ingkang ngengingi pirembagan.

**Tabel 4. Wujudipun, Jinising lan Cara Ngandharaken Piwulang Moral**

No	Wujud Piwulang Moral	Jinising Piwulang Moral	Kaca	Cara Ngandharaken Piwulang Moral	
				W	S
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1.	Bekti Dhumateng Gusti	<b>Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Gusti</b>	2-3	√	
2.	Narima Kersaning Gusti		14-15		√
3.	Pakurmatan Dhateng Tiyang Sanesipun	<b>Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa</b>	4	√	
4.	Tulung-tinulung		9	√	
5.	Ndherek Nandang Raosipun Tiyang Sanes		20-22	√	

6.	Sampun Ngantos Nyakiti Tiyang Sanes		39		√
7.	Remen Paring Pambiyantu Kaliyan Tiyang Sanesipun		45		√
8.	Ampun Remen Melik Darbeke Tiyang Sanes		46	√	
9.	Ampun Remen Mbeda-mbedake Mring Liyan		92	√	
10.	Ampun Remen Nlikung Liyan		101		√
11.	Rukun Karya		104		√
12.	Remen Peparing		98		√
13.	<i>Disiplin</i>	<b>Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak</b>	7		√
14.	Kedah rila lan legawa		9	√	
15.	Aja Adigang Adigung Adiguna		18		√
16.	Sengkut Makarya		27	√	
17.	Sabar		28		
18.	Ampun Sembrana		31-32	√	
19.	Satriya		33-34	√	
20.	Empan Papan		43		√
21.	Remen Reresik		51	√	
22.	Ampun Remen Tumindak Culika		55		√
23.	Sapa Nandur Bakal Ngundhuh		56		√
24.	Dados Tiyang Ampun Kesed		63	√	
25.	Ampun Remen Duka		64		√
26.	Prasaja		65		√
27.	Bekti dhateng tiyang sepuh		76		√

28.	Ampun Remen Paring Patuladhan ingkang Awon		83		√
29.	Ngajeni Panguwasa		94		√
30.	<i>Kepemimpinan</i>		95		√
31.	Ampun Remen Umuk		95-96	√	
32.	Kedah Njagi Alam	<b>Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Alam</b>	5	√	
33.	Mundhut Asiling Alam Saprelune Mawon		49		√

Katrangan :

W : Walaka

S : Sinamun

## **B. Pirembagan Asiling Panaliten**

### **1. Wujudipun Piwulang Moral**

Panaliten kanthi irah-irahan piwulang moral wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo menika manggihaken 33 (tigang dasa tiga) data panaliten babagan wujudipun piwulang moral, inggih menika: *Bekti Dhumateng Gusti, Narima Kersaning Gusti, Pakurmatan Dhateng Tiyang Sanesipun, Tulung-tinulung, Ndherek Nandang Raosipun Tiyang Sanes, Sampun Ngantos Nyakiti Tiyang Sanes, Remen Paring Pambiyantu Kaliyan Tiyang Sanesipun, Ampun Remen Melik Darbeke Tiyang Sanes, Ampun Remen Mbeda-mbedake Mring Liyan, Ampun Remen Nlikung Liyan, Rukun Karya, Remen Peparang, Kedah lila lan legawa, Aja*

*Adigang Adigung Adiguna, Sengkut Makarya, Sabar, Ampun Sembrana, Satriya, Empan Papan, Remen Reresik, Ampun Remen Tumindak Culika, Sapa Nandur Bakal Ngundhuh, Dados Tiyang Ampun Kesed, Ampun Remen Duka, Prasaja, Bakti dhateng tiyang sepuh, Ampun Remen Paring Patuladhan ingkang Awon, Ngajeni Panguwasa, Kepemimpinan, Ampun Remen Umuk, Kedah Njagi Alam lan Mundhut Asiling Alam Saprelune Mawon.* Saking ningali data-data babagan wujudipun piwulang moral wonten ing nginggil, badhe kaandharaken data ingkang sampun kapanggihaken kadosta wonten ing ngandhap menika.

**a. Bakti Dhumateng Gusti**

Manungsa minangka *makhluk* ingkang karipta dening Gusti gadhah kuwajiban bakti dhumateng Gusti. Bakti dhumateng Gusti menika kangge ndadosaken manungsa manunggal kaliyan Gusti. Salah satunggaling cara anggenipun manungsa beti dhumateng Gusti kanthi ngibadah.

Panaliten menika manggihaken data babagan piwulang moral kanthi wujud bakti dhumateng Gusti ingkang andharanipun saged dipuntingali kadosta wonten ing ngandhap menika. Buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo ngawrat piwulang moral babagan bakti dhumateng Gusti ingkang wonten ing cakepan gendhing kanthi irah-irahan *Cep Menenga*. Data ingkang kapanggihaken saking cakepan gendhing saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Padha mujiya kalis sakehing godha.* (SW, 2012 : 2-3)

*Konteks* data wonten ing data panaliten *padha mujiya kalis sakehing godha* menika ngandharaken bilih manungsa gesang menika dipunemutaken bilih kedah *padha mujiya*. *Padha mujiya* menika saged dipunandharaken bilih manungsa menika kedah memuji dhumateng Gusti ingkang sampun ngripta lan paring rejeki. Memuji dhateng Gusti menika minangka kuwajiban manungsa wonten ing donya menika.

Saking ningali data panaliten ing nginggil saged dipunpanggihaken dudutan bilih kanthi muji dhateng Gusti, manungsa saged *kalis sakehing godha*. *Kalis sakehing godha* saged kawastanan bilih manungsa ingkang tansah paring pepuji dhumateng Gusti menika saged kalis saking sakathah-kathahipun godha ingkang wonten ing ndonya menika. Pagodhan wonten ing donya menika saged ndadosaken margi lurus ingkang kedahipun dipunlampahi dening manungsa menika saged ewah, satemah manungsa saged nemahi memala. Kanthi mujiya dhumateng Gusti, manungsa dipunajab saged wilujeng saking sakehing godha wonten ing donya menika, amargi manungsa tansah emut dhumateng Gusti wonten ing pundi papan. Gendhing *Cep Menenga* menika ngewrat piwulang moral bekti dhumateng Gusti katitik saking cakepan *padha mujiya* amargi saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang jumbuh kaliyan kersaning Gusti.

#### **b. Narima Kersaning Gusti**

Sakluntunipun bekti dhumateng Gusti, panaliten menika ugi manggihaken piwulang sanesipun, inggih menika narima kersaning Gusti. Narima dhateng

kersaning Gusti saged kawastanan bilih manungsa menika minangka *makhluk* ingkang karipta dening Gusti kedah tunduk kaliyan dhawuhipun Gusti. Piwulang moral kanthi wujud narima kersaning Gusti menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral ingkang gegayutan kaliyan Gusti. Kanthi narima kersaning Gusti manungsa dipunajab saged *ikhlas* lan legawa wonten ing pagesanganipun.

Panaliten menika manggihaken cakepan ingkang ngawrat piwulang moral bekti dhumateng Gusti. Dene cakepanipun wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Bung-bung Legi*. Wonten ing cakepan gendhing menika, kapanggihaken data panaliten kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Kang kuwasa anjurungi mbabar miyos kakung tibane miyos putri.* (SW, 2012 : 14-15).

Saking ningali data panaliten wonten ing nginggil, kapanggihaken konteks data panaliten ingkang ngandharaken bilih *kang kuwasa* menika saged dipunwastani inggih menika tiyang ingkang *ahli kandungan*, dukun bayi, *dokter* lan sakpanunggalanipun. Tembung salajengipun inggih menika *anjurungi*, wonten ing mriki anjurungi tegesipun inggih menika ingkang *mendukung* utawi maringi gambaran/*prediksi* babagan miyosing bayi(lare). Miyosing lare menika saged dipuntingali saking tembung *miyos(lare) kakung*. Dene ing tembe wuri ingkang miyos dede lare jaler/kakung ananging malah lare estri/putri, menika saged kapanggihaken wonten ing wasana gatra ingkang katingal saking tembung *tibane miyos putri*.

Kanthi andharan wonten ing nginggil, saged dipunpanggihaken dudutan bilih sanajan dukun bayi sampun paring *prediksi* bilih lare ingkang badhe lair menika putra, ananging Gusti kersa bilih ingkang sae menika putri. Minangka manungsa mliginipun tiyang sepuhipun, kedah saged narima perkawis ingkang dados kersaning Gusti kados kalawau. Gendhing *Bung-bung Legi* menika ngewrat piwulang moral narima kersaning Gusti katitik saking *tibane miyos putri*, perkawis menika negesaken bilih manungsa menika namung saged *usaha*, ananging Gusti ingkang nemtokaken. Perkawis bilih namung Gusti ingkang saged nemtokaken saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kedah dipundhasari kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang tansah narima kaliyan kersaning Gusti.

### **c. Pakurmatan Dhateng Tiyang Sanesipun**

Piwulangan kanthi wujud pakurmatan dhateng tiyang sanesipun menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa. Kanthi paring pakurmatan, manungsa tansah saged gadhah tata krama kangge njagi raos dhumateng tiyang sanesipun. Manungsa ingkang tansah nggatosaken lan pinter anggenipun paring pakurmatan dening tiyang sanesipun ugi badhe dipunajeni tumindakipun dening tiyang sanes. Dene kosok-wangsulipun menawi tiyang menika kirang saged paring pakurmatan dhateng tiyang sanes, wonten ing gesangipun tiyang menika boten dipunajeni ugi dening tiyang sanesipun.

Panaliten menika manggihaken wujudipun piwulang moral dhateng tiyang sanesipun wonten ing cakupan gendhing dolanan kanthi irah-irahan

*Ana Tamu*. Andharan babagan piwulang moral wonten ing cakepan gendhing *Ana Tamu* saged dipunpirsani kados wonten ing ngandhap menika.

*Mangga lenggah rumiyin* .(SW, 2012 : 4)

*Analisis konteks* nedahaken bilih cakepan wonten ing nginggil ngewrat babagan pakurmatan dhateng tiyang sanesipun. Kanthi nggayutaken irah-irahan gendhing *Ana Tamu* lan data *mangga lenggah rumiyin* menika saged kawastanan bilih tiyang wonten ing gendhing menika ngormati tamu. Tamu ingkang badhe mertamu menika dipunkengken supados lenggah. Saking andharan menika saged dipuntegesi bilih ingkang gadhah dalem menika ngormati dhateng tamunipun.

Kanthi ningali andharan wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutanipun bilih ngormati dhateng tamu menika kalebet wonten ing wujudipun piwulang moral kangge paring pakurmatan dhateng tiyang sanesipun. Manungsa ingkang ngormati tamu menapa malih saged ndamel tamu menika bingah badhe dipunajeni ugi dening tamunipun mbokmenawi sakwanci-waci gantosan mertamu dhateng dalemipun. Gendhing *Ana Tamu* menika ngewrat piwulang moral pakurmatan dhateng tiyang sanesipun, katitik saking cakepan *mangga lenggah rumiyin* ingkang saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti jumbuh kaliyan kawontenan wonten ing *masyarakat*.

#### **d. Tulung-tinulung**

Gesang bebrayan wonten ing donya menika kedah tulung-tinulung kaliyan tiyang sanesipun. Tulung tinulung wonten ing mriki mliginipun

tulung-tinulung ing kabecikan, boten dipunkeparengaken tulung-tinulung wonten ing babagan ingkang boten sae, kadosta wekdal badhe maling, mejahi tiyang lansapanunggalanipun. Kanthi nduweni tulung-tinulung mring sesami, manungsa kaajab saged kiat anggenipun ngayahi pacoban wonten ing donya menika. Tiyang ingkang boten remen tulung-tinulung menika wonten ing masyarakat limrahipun kirang dipunremeni. Menawi boten remen maringi pitulungan dhumateng tiyang sanesipun, tiyang menika menawi gadhah ayahan boten gampil pados pitulungan ugi. Dene perkawis mekaten ingkang njalari bilih tulung-tinulung menika saestu saged dipunbetahaken kangge gesang bebrayan ingkang sae wonten ing ndonya menika.

Piwulang moral kanthi wujud tulung tinulung kapanggihaken wonten ing panaliten menika. Wujuding piwulang moral tulung tinulung menika dipunpanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Gugur Gunung*. Gugur gunung menika ngemu cakepan *gendhing* ingkang andharanipun saged dipunpirsani kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Sayuk-sayuk rukun bebarengan ro kancane* .(SW, 2012 : 9)

Cakepan *gendhing* menika ngandharaken bilih manungsa wonten ing ndoya menika kedah *sayuk-sayuk rukun*. *Sayuk* wonten ing mriki menika tegesipun rukun, Dados, manungsa wonten gesang bebrayan menika kedah rukun. Perkawis rukun wonten ing gendhing menika wigati sanget, ngantos wonten ing cakepan gendhing dipunambali ngantos tiga. Kaambalan ngantos tiga menika nedahaken bilih rukun menika minangka pandoming urip bebrayan ingkang kedah katindakaken. Salajengipun, perangan kaping kalih

saking cakepan gendhing nedahaken bilih manungsa menika kedah *bebarengan ro kancane*. *Bebarengan ro kancane* menika ngemu teges bilih manungsa wonten ing ndonya menika boten saged gesang piyambak, kedah sesarengan lan tulung-tinulung kaliyan kancanipun. Menawi kekalih perangan cakepan gendhing menika dipundadosaken setunggal, saged kawastanan bilih manungsa wonten ing donya menika kedah rukun lan tulung-tinulung kaliyan manungsa sanesipun.

Kanthi ningali andharan wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutanipun bilih manungsa wonten ing donya menika kedah rukun lan tulung-tinulung kaliyan manungsa sanesipun. Gendhing *Gugur Gunung* menika ngewrat piwulang moral tulung-tinulung, katitik saking cakepan *bebarengan ro kancane* ingkang saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti jumbuh kaliyan kawontenan wonten ing *masyarakat*.

#### **e. Ndherek Nandang Raosipun Tiyang Sanes**

Sedaya tiyang wonten ing donya menika sami-sami minangka reriptaning Gusti, kedahipun saged ngraosaken menapa kemawon ingkang nembe dipunraosaken dening tiyang sanesipun. Kanthi saged ngraosaken raosipun tiyang sanes, kita dipunajab saged maringi pitulungan lan mangertos kahananipun tiyang sanes. Tiyang ingkang *peka* dhumateng tiyang sanesipun limrahipun dipunremeni. Kanthi boten perlu paring imbal pangandikan, tiyang menika kedah saged ngraosaken raosipun tiyang sanes. Dene supados saged nginggilaken perkawis babagan ngraosaken dhateng raosing tiyang sanes

menika manungsa kedah ajar kanthi permadi. Menawi wonten tiyang ingkang nandang kesisahan, kita kedah ningali kahanan lan paring pitulungan ingkang saged katindakaken.

Piwulang moral ngengingi ndherek nandang raosipun tiyang sanes menika kapanggihaken wonten ing panaliten babagan piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan ingkang wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo. Data ngengingi cakepan gendhing ingkang ngewrat babagan piwulang moral ndherek nandang raosipun tiyang sanes saged dipunpirsani wonten ing gendhing dolanan ingkang gadhah irah-irahan *Cublak-cublak Suweng*. Andharan data cakepan gendhing ingkang ngewrat babagan piwulang moral ndherek nandang raosipun tiyang sanes saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Yen mati melu kelangan* .(SW, 2012 : 20-22)

Data panaliten menika nedahaken bilih menawi wonten satunggaling tiyang ingkang nandang kesisahan amargi dipuntilar sedherek (katingal saking cakepan *yen mati*), kita kedah ndherek(*melu kelangan*). Tegesipun *melu kelangan* wonten ing *konteks* mriki saged dipunandharaken bilih boten namung ndherek kelangan mawon, ananging ugi kedah paring pitulungan babagan nyamektakaken sedaya kemawon kabetahan sripahan. Kadosta nyirami, ngedekaken trap, ndherek ndudak kubur sarta paring donga dhumateng suwarginipun supados dipuntampi dening Gusti lan ingkang dipuntilar dipunparingi kasabaran.

Kanthe ningali andharan wonten ing nginggil, saged dipunpundhut dudutanipun bilih ndherek nandang raos dhateng liyan menika kabetahaken wonten ing masyarakat. Dene kejawi kados perkawis wonten ing nginggil ingkang ngemu babagan kesisahan, ndherek raosipun liyan menika saged katindakaken ugi wekdal remen. Kadosta bilih wonten ingkang badhe tumbas pit enggal, kita kedah ugi saged ngraosaken *bombong* lan remen. Menawi manungsa saged ndherek nandang raos dhateng liyan, saged nebihaken sipat ingkang boten sae, inggih menika *dengki*, *srei*, *melik* lan sanesipun. Gendhing *Cublak-cublak Suweng* menika ngewrat piwulang moral ndherek nandang raosipun tiyang sanes, katitik saking cakepan *melu kelangan* ingkang saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthe akhlak saha budi pakerti dipunjumbuhaken kaliyan kawontenan wonten ing *masyarakat*.

#### **f. Sampun Ngantos Nyakiti Tiyang Sanes**

Manungsa gesang ampun remen nglarani manahipun tiyang sanes. Boten pareng nglarani manahipun tiyang sanes menika minangka salahsatunggalipun wujud piwulang moral ingkang dipunginakaken kangge njagi raos lan tumindak dhateng tiyang sanes. Tiyang ingkang boten remen nglarani liyan menika gesangipun saged pikantuk kasarasan. Dene kosokwangsulipun, tiyang ingkang remen nglarani liyan boten saged nemahi katentreman wonten ing pagesanganipun. Piwulang moral sampun ngantos nyakiti tiyang sanes menika kedahipun dipuntularaken tiyang sepuh dhumateng para larenipun wiwit taksih timur. Kanthe mekaten, lare dipunajab saged njagi raosipun tiyang sanes.

Panaliten menika manggihaken wujudipun piwulang moral sampun ngantos nyakiti tiyang sanes. Cakepan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sampun ngantos nyakiti tiyang sanes menika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Jambu Dresana*. Piwulang moral sampun ngantos nyakiti tiyang sanes wonten ing gendhing dolanan *Jambu Dresana* menika saged kaandharaken kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Jambu-jambu dresana dresanane mbok eloke* .(SW, 2012 : 39)

Cakepan gendhing wonten ing nginggil ngandharaken bilih manungsa wonten ing ndonya menika boten angsal remen alok dhateng liyan. Perkawis mekaten dipunandharaken saking cakepan *jambu-jambu dresana* ingkang mawi salah satunggaling jinising jambu, wonten ing mrik jambu menika kangge negesi dhateng salah satunggaling manungsa. Cakepan salajegipun nedahaken bilih *dresanane mbok eloke*. Jambu dresana inggih menika salahsatunggaling jinis jambu ingkang gadhah werna kulit ingkang langkung cemeng(*gelap*) menawi dipuntandingaken kaliyan jinis jambu sanesipun. Wonten ing gendhing menika perangan jambu ingkang dipunalokaken inggih babagan dresananipun, dresana saged dipuntegesi minangka manungsa ingkang gadhah *ciri* kulit arupi warna cemeng ingkang sejatosipun sami-sami kaliyan kulit sanesipun ananging wernipun beda kaliyan tiyang limrah, satemah wusanipun dados alokan dening tiyang sanesipun. Remen alok dhateng tiyang menika kalebet ala, amargi saged nglarani dhateng liyan.

Kanthi ningali andharan wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutanipun bilih manungsa wonten ing donya menika sampun ngantos nyakiti tiyang sanes, amargi wonten ing pagesangan menika tiyang betah sawung kaliyan tiyang sanesipun, dene tiyang ingkang remen nglarani liyan saged dipuntebihi kaliyan tiyang sanesipun wonten ing pagesanganipun. Gendhing *Jambu Dersana* menika ngewrat piwulang moral sampun ngantos nyakiti tiyang sanes, katitik saking cakepan *dresanane mbok eloke* ingkang saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kedah kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang boten nglarani dhateng tiyang sanesipun.

**g. Remen Paring Pambiyantu Kaliyan Tiyang Sanesipun**

Ngengingi bilih dhasaripun manungsa gadhah kathah kekirangan lan boten saged gesang piyambak, manungsa kedah paring pambiyantu dhumateng tiyang sanesipun. Amargi, kanthi pambiyantu menika kalawau dipunajab manungsa saged nutupi kekiranganipun. Kekirangan saged babagan *fisik/materi* lan *rohani*. Kekirangan fisik tuladhanipun inggih menika, menawi wonten tiyang ingkang saweg nandang kekirangan kangge tumbas kabetahan pokok amargi saweg dipunuji dening Gusti kanthi bencana, manungsa sanesipun kedah paring pambiyantu dhumateng tiyang ingkang nandang kesisahan *bencana alam* menika. Kanthi pambiyantunipun, tiyang ingkang saweg nandang pacoban pagesangan menika kaajab saged sabar, pulih lan boten patia rekasa anggenipun mbangun malih gesangipun. Dene kangge ingkang sampun paring pambiyantu, kajawi pikantuk ganjaran dening Gusti

ugi saged nuwuhaken sipat-sipat sae wonten ing dhirinipun piyambak supados dados tiyang ingkang ikhlas.

Sasampunipun ningali saking andharan wonten ing nginggil, saged dipunpundhut dudutanipun bilih manungsa ingkang remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun menika dipunbetahaken wonten ing gesang bebrayan. Panaliten menika manggihaken bilih piwulang moral remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun dipunbetahaken wonten ing gesang bebrayan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun menika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Cengkir Legi*. Dene cakepan gendhingipun saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Kancaku dadi temanten tak sembahe* .(SW, 2012 : 45)

Cakepan wonten ing nginggil negesi bilih wonten satunggaling tiyang ingkang badhe nyembah kancanipun(*kancaku*). Nyembah wonten ing mriki boten kados nyembah Gusti, ananging saged kawastanan bilih kanthi ngraos sukur amargi kancanipun badhe dados temanten. Kajawi sukur piyambakipun ugi paring pambiyantu dhumateng kancanipun. Wujud pambiyantu wonten ing konteks gendhing menika kanthi cara paring pambiyantu dhateng sedaya ingkang dipunbetahaken wonten pawiyatan mantu. Wujud pambiyantu pawiyatan saged kanthi mbombong moralipun pinanganten(wujud *mental*). Ugi saged kanthi wujud *materi/fisik* kadosta dados peladen.

Saking andharan ing nginggil saged kapethik dudutan bilih manungsa wonten ing donya menika boten saged gesang piyambak. Manungsa gadhah kuwajiban paring pambiyantu dhateng sanesipun. Gendhing *Cep Menenga* menika ngewrat piwulang moral remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun, katitik saking cakepan *kancaku dadi temanten tak sembahe*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kedah kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang jumbuh kaliyan kawontenanipun tiyang sanes wonten ing *masyarakat*.

#### **h. Ampun Remen Melik Darbeke Tiyang Sanes**

Manungsa wonten ing donya menika sampun ginaris dening Gusti sepinten rejeki ingkang badhe dipungadhahi. Dene cacahipun rejeki satunggaling tiyang kaliyan tiyang sanesipun menika beda-beda. Perkawis mekaten amargi rejeki menika gumantung saking sepinten usaha lan donga ingkang katindakaken dhumateng manungsa. Manungsa wonten ingkang dipunuji kanthi dipunparingi rejeki ingkang kathah. Rejeki ingkang kathah menika kalawau menawi boten dipunginakaken kanthi sae boten wonten ginanipun. Rejeki ingkang kathah menika kalawau sajatosipun kedah dipunperang-perang kangge dipunparingaken dhumateng tiyang sanes ingkang kurang mampu, supados tiyang ingkang kurang mampu ugi saged ngraosaken kahanan ingkang sekeca lan raos remen. Dene tiyang ingkang dipunuji kanthi cara dipunparingi rejeki ingkang kurang boten pikantuk melik dening darbekipun tiyang ingkang sugih.

Tiyang ingkang ngraos kirang anggenipun piningan rejeki sejatosipun boten badhe nemahi kekurangan menawi prigel sukur dhumateng Gusti. Gusti menika boten badhe nguji manungsa langkung saking kahanipun, menawi manungsa tansah syukur. Sukur saged ndadosaken sepinten-pinten rejeki ingkang dipunparingaken menika tansah cukup. Supados saged tansah sukur, salahsatunggalipun kanthi cara ampun remen melik darbeke liyan. Kanthi boten melik darbeke liyan, dipunjab saged tansah narima ing pandum. Kosokwangsulipun, menawi tiyang asring remen melik darbeke liyan, saged ngirangi raos syukur lan paring daya pangaribawa ingkang kirang sae dhateng gegayutanipun kaliyan tiyang sanesipun. Amargi tiyang ingkang sampun dipunkuwasani *melik* saged ndadosaken manahipun tansah boten remen dhateng rejeki tiyang sanes, langkung-langkung wekdal tiyang sanesipun menika pikantuk rejeki ingkang linuwih. Tiyang ingkang remen melik sasaged-sagedipun ngupaya supados rejeki ingkang dados gadhanipun tiyang sanes menika uwal lan saged dados gadhanipun piyambak.

Panaliten menika manggihaken wujudipun piwulang moral ampun remen melik darbeke tiyang sanes ingkang dipunbetahaken wonten ing gesang bebrayan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun remen melik darbeke tiyang sanes kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Welingku*. Cakepan gendhing ingkang ngewrat piwulang ampun remen melik darbeke tiyang sanes saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Luwih ala luwih ala melik darbeke liya* .(SW, 2012 :46)

Analisis konteks ingkang saged dipunandharaken sasampunipun ningali cakepan gendhing wonten ing nginggil kados mekaten. Tumindak kirang sae(*luwih ala*) menawi manungsa menika wonten ing pagesanganipun asring *melik* dhateng rejeki ingkang dados *darbeke liya*. *Darbeke liya* menika saged kawastanan melik rejeki kagunganipun tiyang sanes. Perkawis melik darbeke liyan menika kedah dipuntilar wonten ing pagesangan. Manungsa wonten ing donya menika kedah narima dhateng rejeki ingkang dados kersaning Gusti. Wujud piwulang moral ampun melik dhumateng darbeke liyan menika kedah kawulangaken para tiyang sepuh dhateng larenipun. Mliginipun tiyang sepuh ingkang kaparingan rejeki bandha donya ingkang langkung sekedhik menawi dipuntandingaken kaliyan tiyang sanesipun.

Saking andharan ing nginggil saged kapethik dudutan bilih remen melik darbeke liyan menika kedah dipuntilar dening manungsa supados saged gesang bebrayan kanthi sae kaliyan tiyang sanesipun. Gendhing *Welingku* menika ngewrat piwulang moral ampun remen melik darbeke tiyang sanes, katitik saking cakepan *luwih ala luwih ala melik darbeke liya*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti dipunjumbuhaken kaliyan kawontenanipun tiyang wonten ing *masyarakat*.

#### **i. Ampun Remen Mbeda-mbedake Mring Liyan**

Manungsa gesang wonten ing ndonya menika betah sesrawungan kaliyan manungsa sanesipun. Sesrawungan kaliyan manungsa sanesipun

menika kedah dipunlandhesi kanthi raos ingkang tulus. Raos menika saged dipuntegesi bilih wonten ing sesrawungan manungsa boten mbeda dhateng tiyang sanesipun. Manungsa ingkang sae menika ingkang saged kekancan kaliyan sedaya jinising tiyang. Kekancan boten perlu ningali saking pundi asalipun, kadospundi tiyang sepuhipun, menapa kemawon titihanipun lan sapanunggalanipun.

Panaliten menika manggihaken piwulang moral kanthi wujud ampun remen mbeda-mbedakaken kaliyan tiyang sanes. Wujudipun piwulang moral menika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Uri-uri*. Dene cakepan ingkang ngemut babagan wujud piwulang moral ampun remen mbeda-mbedakaken kaliyan tiyang sanes saged dipunpirsani kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Gedhe cilik padha methik* .(SW, 2012 :92)

Menawi dipunatingali saking konteksipun, cakepan gendhing wonten ing nginggil ngawrat babagan bilih manungsa (*gedhe* utawi *cilik*) sami-sami(*padha*) gadhah hak kangge *methik*, boten dibeda-beda. Menawi perkawis *methik* ingkang sami menika dipungayutaken kaliyan pagesangan, saged kawastanan bilih sedaya ingkang sampun usaha wonten ing pagesanganipun bakal pikantuk hak piyambak-piyambak ingkang sami, gumantung kados pundi usahanipun.

Saking andharan ing nginggil saged kapethik dudutan bilih manungsa boten pareng mbeda kahananipun tiyang. Tiyang wonten ing ndonya menika minangka *makhluk* ingkang karipta dening Gusti, dados derajatipun menika

sami. Gendhing *Uri-uri* menika ngawrat piwulang moral ampun remen mbeda-mbedakake mring liyan, katitik saking cakepan *gedhe cilik padha methik*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng kangge tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang dipunjumbuhaken kaliyan kawontenanipun tiyang sane ing *masyarakat*.

**j. Ampun Remen Nlikung Liyan**

Manungsa ingkang gadhah sipat dengki utawi srei asring nlikung perkawis ingkang boten kagunganipun piyambak. Remen nlikung boten kalebet tumindak ingkang sae. Wujud piwulang moral ampun remen nlikung dhateng rejeki liyan kanthi sedaya upaya supados rejekipun uwal menika boten sae, amargi tumindak menika saged ndadosaken tumindak ala sanesipun saged kapupuk, kadosta : *fitnah, rerasan ingkang boten sae*, lsp.

Panaliten menika manggihaken piwulang moral ingkang awujud ampun remen nlikung liyan. Wujudipun piwulang moral ampun remen nlikung liyan menika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Dhempo Talu Tameng*. Dene cakepan ingkang ngewrat babagan wujud piwulang moral ampun remen nlikung liyan saged dipunpirsani kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Nala jaya ditelikung* .(SW, 2012 :101)

*ciyet ciyet ciyet Nala jaya dibebencet* .(SW, 2012 : 101)

Cakepan gendhing/gendhing wonten ing nginggil menika ngandharaken bilih wonten kewan ingkang kasebat *Nala Jaya* ingkang wonten mriki saged mawi gambaran ngengingi manungsa ingkang saweg *ditelikung* dening

manungsa sanesipun. Manungsa ingkang saweg dipuntlikung menika saged nandang lelara (*ciyet-ciyet ciyet*) menawi dipuntlikung(*dibebencet*).

Saking andharan ing nginggil saged kapethik dudutan bilih kekancan kanthi resiking ati boten kenging dipunparingi wos ingkang sejatosipun nuju kangge nlikung. Gendhing *Dhempo Talu Tameng* menika ngewrat piwulang moral ampun remen nlikung liyan, katitik saking cakepan *nala jaya ditelikung*, satemah saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti dipunjumbuh kaliyan kawontenanipun tiyang sanes wonten ing *masyarakat*.

#### **k. Rukun Karya**

Manungsa menika salahsatunggalipun *makhluk sosial* ingkang boten saged gesang piyambakan wonten ing donya menika. Manungsa kedah tansah tulung-tinulung kaliyan manungsa sanesipun. Tulung-tinulung menika kangge ngupaya supados manungsa saged rukun karya kaliyan sanesipun. *Kelompok* manungsa ingkang boten rukun karya wonten pagesangan menika saged nemahi crah. Regeng menika perkawis ingkang saged nuwuhaken kekiyatan ingkang boten saged kaetang. Kempalan manungsa setunggal kaliyan setunggalipun ingkang tansah regeng angel dipunadu, dene kosok wangsulipun bilih masyarakat menika boten regeng saged gampil dipunpecah dening para *pihak-pihak* ingkang boten sae.

Panaliten menika manggihaken wujud piwulang moral rukun karya ingkang dipunbetahaken wonten ing gesang bebrayan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken

wigatinipun piwulang moral rukun karya kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Baris*. Cakepan gendhing ingkang ngewrat piwulang rukun karya saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Ayo kanca kanca ndegeg padha maju baris manut aba-aba* .(SW, 2012 :104)

Cakepan gendhing wonten ing nginggil ngandharaken bilih wonten salahsatunggalipun manungsa ingkang ajak-ajak kancanipun kanthi aba-aba *ayo kanca-kanca*. Kanca-kanca wonten ing mriki saged kanca tentara menapa saged ugi kawastan kanca tani, perkawis mekaten dipuntingali saking cakepan *baris*. Limrahipun *baris* menika asring dipuntindakaken dening para tentara, bocah sekolah lan para tani ingkang saweg nuju wonten ing pakaryan. Cakepan salajengipun ingkang aswara *ndegeg padha maju* ngandharaken bilih manungsa menika kedah ndegeg lan siap kangge ngadhepi pagesangan. Dene anggenipun nglampahi pagesangan wonten ing donya, manungsa kedah *manut aba-aba*(parentah).

Saking andharan ing nginggil saged kapethik dudutan bilih tiyang kedah regeng kaliyan tiyang sanesipun supados saged nemahi ancas ingkang badhe kagayuh. Gendhing *Baris* menika ngewrat piwulang moral rukun karya, katitik saking cakepan *ayo kanca kanca ndegeg padha maju baris manut aba-aba* ingkang saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti dipunjumbuhaken kaliyan kawontenanipun tiyang sanes wonten ing *masyarakat*.

## 1. Remen Peparang

Manungsa wonten ing ndonya menika kagungan rejeki ingkang beda-beda, wonten tiyang ingkang kagungan bandha donya kathah ugi ingkang saged kagolongaken *fakir miskin*. Tiyang ingkang dipunparingi dening Gusti rejeki ingkang cukup, sampun kuwajibanipun manungsa paring pitulungan dhumateng sanesipun. Tiyang ingkang remen paring pitulungan limrahipun tiyang menika saged dipunajeni dening tiyang sanesipun. Ananging kedahipun kita paring pitulungan dhateng tiyang sanes menika boten mawi pamrih. Menawi tiyang menika saged paring pitulungan tanpa pamrih, tiyang menika dipunajab saged *ikhlas* lan ngirangi *bebanipun* tiyang sanes. Wigatinipun remen peparang wonten ing sambet rapeting kaliyan gesang wonten ing donya menika njalari dene wujud piwulang moral remen peparang menika kedah dipunwurukaken wiwit alit dening tiyang sepuh dhateng larenipun.

Panaliten menika manggihaken wujud piwulang remen peparang ingkang dipunbetahaken wonten ing gesang bebrayan. cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral remen peparang, kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Cah Ladak*. Cakepan gendhing ingkang ngewrat piwulang remen peparang saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Enak panganane dipangan karo kancane* .(SW, 2012 : 98)

*Analisis konteks* saking cakepan gendhing menika saged kaandharaken kados mekaten. Tiyang ingkang pikantuk rejeki ingkang langkung, saged

dipuntingali saking *enak panganane*. *Enak panganane* nedahaken bilih wonten tiyang ingkang pikantuk dhaharan ingkang enak, ananging tiyang menika ngemut lan maringi saperangan dhumateng kancanipun, saged dipuntingali saking *dipangan karo kancane*. Perkawis menika negesi bilih menawi gadhah rejeki menika boten kedah dipun-dhahar piyambak ananging ugi saged dipunpantha saperangan kangge dipunparingaken tiyang sanesipun.

Saking andharan ing nginggil saged kapethik dudutan bilih, menawi gadhah rejeki menika saenipun boten dipun-dhahar piyambak ananging saged dipunpantha saperangan kangge dipunparingaken dhateng tiyang sanesipun. Gendhing *Cah Ladak* menika ngewrat piwulang moral remen peparing, katitik saking cakepan *enak panganane dipangan karo kancane* ingkang saged dados tetimbangan pamireng kangge tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti dipunjumbuhaken kaliyan kawontenanipun tiyang sanes wonten ing *masyarakat*.

### **m. *Disiplin***

*Disiplin* inggih menika nuhoni kaliyan tatanan. Tatanan menika kadosta tatanan wekdal lan tatanan cara. Tiyang ingkang wonten ing pagesanganipun saged disiplin kaajab saged damel treping pagesanganipun. Dene sejatosipun *disiplin* menika saged nuwuhaken tumindak ingkang sae sanesipun, kadosta ngregani wekdal lan sengkut anggenipun nglampahi pagesangan wonten ing donya menika. Panaliten menika manggihaken wujud piwulang moral kangge *disiplin* dhumateng manungsa ingkang dipunbetahaken kangge damel trep pagesanganipun piyambak. Lirik gendhing dolanan saklebetipun buku

anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun *disiplin* kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Wayah Esuk*. Cakepan gendhing ingkang ngewrat piwulang moral *disiplin* saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Yen esuk keprungu suarane jago kluruk* .(SW, 2012 : 7)

Tiyang wonten ing donya menika kedah usaha supados gesangipun menika saged mulya, dene sasampunipun makarya manungsa ugi betah wekdal kangge sumene, kadosta sare. Sarenipun tiyang menika limrahipun wonten ing wanci dalu. Dene minangka titikan kangge makarya malih menika saged dipuntingali saking swantenipun jago. Dados manungsa menika *yen esuk lajeng keprungu suarane jago kluruk* kedahipun enggal-enggal miwiti makarya malih. Tiyang ingkang enggal miwiti makarya kanthi trep kaliyan suwantenipun jago kluruk menika kalebet tiyang ingkang *disiplin*, amargi sampun nuhoni kaliyan wekdal.

Saking andharan wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutanipun bilih, *disiplin* kedah dipungatosaken dening tiyang amargi saged damel gesangipun dados trep. Tiyang ingkang *disiplin* saged dipundamel tuladha kaliyan tiyang sanesipun. Saking ningali bilih disiplin menika wigati sanget dipungadhahi dening manungsa, piwulang moral babagan disiplin menika kedah dipunwulangaken dhateng lare alit. Dene cara anggenipun paring piwulang, kedahipun boten namung saking pangandikan, ananging tiyang ingkang maringi piwulang ugi kedah paring tuladha walaka kanthi ngetrepaken disiplin *menika* dhumateng dhirinipun piyambak. Gendhing

*Wayah Esuk* menika ngewrat piwulang moral disiplin, katitik saking cakepan *yen esuk keprungu suarane jago kluruk*, perkawis mekaten saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi nggatosaken akhlak saha budi pakerti ingkang sae kangge dhirinipun piyambak.

**n. Lila lan legawa**

Manungsa anggenipun nglampahi gesang wonten ing donya menika kedah lila lan legawa. Lila lan legawa inggih menika *ikhlas* menawi badhe nglampahi tumindak menapa kemawon. Lila lan legawa saged nuwuhaken sukur dhumateng Gusti. Sedaya perkawis ingkang dipunparingaken dening Gusti menawi dipunadhepi kanthi rila lan legawa kaajab saged njalari manungsa kangge langkung sae lan *berkualitas* anggenipun nglampahi gesang wonten ing donya menika.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, wujudipun piwulang moral ngengingi babagan rila lan legawa menika kedah dipungadhahi dening manungsa wonten ing pagesangan menika. Panaliten menika manggihaken piwulang moral babagan rila lan legawa ingkang dipunbetahaken manungsa kangge damel sae dhateng pagesanganipun piyambak. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral rila lan legawa kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Gugur gunung*. Cakepan gendhing *gugur gunung* ingkang ngewrat piwulang moral lila lan legawa saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Rila lan legawa kangge mulyaning Negara* .(SW, 2012 : 9)

Cakepan gendhing wonten ing nginggil nedahaken tiyang gesang menika kedah *rila* (lila) *lan legawa*. Kanthi lila lan legawa menika dipunajib saged damel *mulyaning Negara*. Dados saking cakepan menika saged dipunwastani bilih mulyanipun Negara menika gumantung kaliyan tiyang ingkang rila lan legawa kangge nyambut damel mbangun Negara.

Saking andharan wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutanipun bilih, lila lan legawa menika kedah kagadhahan dening manungsa, amargi kanthi mekaten anggenipun makarya menika saged sengkut lan gumregut. Gendhing *Rila lan legawa kangge mulyaning Negara* menika ngewrat piwulang moral lila lan legawa, katitik saking cakepan *Rila lan legawa kangge mulyaning Negara*, perkawis mekaten saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang sae kangge dhirinipun piyambak.

**o. Aja Adigang Adigung Adiguna**

Manungsa anggenipun nglampahi pagesangan wonten ing donya menika kedah nebihi adigang adigung adiguna, amargi manungsa menika minangka reriptaning Gusti ingkang gadhah kathah kekirangan. Manungsa kedah emut bilih manungsa menika dipunripta dening Gusti supados nuhoni dhateng parentahing Gusti. Manungsa boten pikantuk ngendelake kekiyatan, kaluhuran lan kapinteranipun kangge tumindak ingkang boten sae. Manungsa kedah ngemut bilih sedaya menika kalawau namung titipaning Gusti ingkang Murbeng Dumadi.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, manungsa kedahipun saged nebihi sipat adigang, adigung lan adiguna kalawau. Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados tebih saking sipat adigang, adigung lan adiguna. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral aja adigang, adigung lan adiguna kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Cohung*. Cakepan gendhing *Cohung* ingkang ngewrat piwulang moral aja adigang adigung lan adiguna saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Anggepe kaya pangeran* .(SW, 2012 : 18)

Saking cakepan gendhing wonten ing nginggil, saged kagatosaken bilih manungsa menika boten kepareng nganggep piyambakipun menika minangka *Pangeran*. Pangeran menawi wonten ing Jawi menika salahsatunggalipun asma kangge Gusti. *Anggepe kaya pangeran* nedahaken bilih manungsa kedah emut bilih manungsa menika saderma namung reriptaning Gusti, dados boten pareng ngendelake kekiyatan, kaluhuran lan kapinteranipun.

Saking andharan wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutanipun bilih manungsa anggenipun nglampahi pagesangan wonten ing donya menika kedah tebih saking adigang adigung adiguna, amargi manungsa menika minangka reriptaning Gusti gadhah kathah kekirangan. Gendhing *Cohung* menika ngewrat piwulang moral aja adigang adigung adiguna, katitik saking cakepan *anggepe kaya pangeran*, perkawis menika saged dados tetimbangan

pamireng anggenipun gesang kedah nebihi tumindak ingkang ala kangge dhirinipun piyambak.

**p. Sengkut Makarya**

Gusti ingkang peparing rejeki dhateng manungsa, anggenipun maringi rejeki dhateng manungsa gumantung saking anggenipun manungsa menika ngupaya lan donga. Pramila saking mekaten manungsa kedah ngupaya supados saged mindhakaken kahananipun wonten ing pagesangan menika. Upaya ingkang katindakaken dening manungsa menika salahsatunggalipun kanthi cara sengkut makarya. Menawi anggenipun makarya wonten ing pagesanganipun menika kalampahaken kanthi saestu, manungsa kaajab saged nggayuh dhateng penggayuhanipun wonten ing pagesangan menika.

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados sengkut anggenipun makarya. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sengkut makarya kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Ledhung-ledhung*. Cakepan gendhing *ledhung-ledhung* ingkang ngewrat piwulang moral sengkut makarya kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Wimbuh pinter nyambut gawe* .(SW, 2012 : 27)

Cakepan gendhing kanthi irah-irahan *Ledhung-ledhung* wonten ing nginggil negesi bilih wonten salahsatunggalipun manungsa ingkang gadhah kaprigelan. Perkawis mekaten saged dipuntingali saking *wimbuh pinter* wonten ing babagan *nyambut gawe*. *Wimbuh pinter* saged dipuntegesi bilih

tegesipun sami kaliyan sengkut. Dene *nyambut gawe* menika saged dipunwastani ngengingi babagan makarya ing pakaryan. Pramila saking mekaten saged kawastanan bilih gendhing menika ngewrat wujuding piwulang moral babagan sengkut makarya.

Saking andharan wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutanipun bilih Gusti anggenipun maringi rejeki dhateng manungsa gumantung saking anggenipun manungsa menika ngupaya lan donga. Pramila saking mekaten manungsa kedah ngupaya supados saged mindhakaken kahananipun. Upaya ingkang katindakaken dening manungsa menika salahsatunggalipun kanthi cara sengkut makarya. Gendhing *Ledhung-ledhung* menika ngewrat piwulang moral sengkut makarya, katitik saking cakepan *wimbuh pinter nyambut gawe*, ingkang saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang sae kangge dhirinipun piyambak.

#### **q. Sabar**

Gesang wonten ing donya menika wonten mangsa kalanipun pikantuk pacoban dening Gusti, manungsa kedah nampi kanthi sabar. Sabar inggih menika sipating manungsa kangge narima pacobaning pagesangan. Kanthi sabar menika, kaajab manungsa saged nglampahi pacoban pagesangan menika kanthi leres. Anggenipun sabar dipunsarengi kaliyan donga. Amargi donga menika sejatosipun gadhah ancas kangge damel manungsa langkung sabar. Kanthi ngayahi sabar lan donga, manungsa dipunajab saged mindhakaken raos sukuripun dhumateng Gusti.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, manungsa kedahipun saged sabar anggenipun nglampahi pagesangan. Panaliten menika manggihaken tuladha wujudipun piwulang moral supados manungsa saged sabar anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sabar kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Paman Tani*. Cakepan gendhing *Paman Tani* ingkang ngewrat piwulang moral kangge manungsa supados sabar wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Srantekna den sabar yen udan tumurun* .(SW, 2012 : 28)

Cakepan wonten ing nginggil negesi tiyang menika kedah sranta utawi saranta (*srantekna*) lan *sabar*. *Srantekna den sabar* menika negesaken wigatinipun sabar. Tembung *srantekna* saking tembung sranta ingkang ngemu teges sabar. *Srantekna* saged dipuntegesi bilih manungsa kedah sabar. Dene tembung salajengipun wonten ing cakepan gendhing, *den sabar* ingkang ngemu teges lan sabar. Kanthi ningali perkawis kalih kempalan tembung kalawau nedahaken bilih manungsa kedah sabar lan sabar ngadhepi pacoban. Pethilan ukara salaengipun *yen udan tumurun* ngemu teges menawi jawah tumurun. Menawi sedaya cakepan menika dipungandheng, saged kaandharaken bilih manungsa menika kedah sabar lan sabar menawi nampi pacoban jawah tumurun. Jawah tumurun menika ugi saged kangge ngandharaken sedaya babagan ingkang saged damel kuciwaning manungsa. Dados dudutanipun, cakepan wonten ing nginggil menika ngandharaken bilih

manungsa wonten ing pagesanganipun kedah sabar dhateng sedaya kemawon ingkang boten jumbuh kaliyan ingkang dipunkarepaken.

Kanthi ningali andharan wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutanipun bilih manungsa wonten ing pagesanganipun kedah sabar dhateng sedaya kemawon ingkang boten jumbuh kaliyan ingkang dipunkarepaken. Gendhing *Paman Tani* menika ngawrat piwulang moral sabar, katitik saking cakepan *srantekna den sabar yen udan tumurun*, saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **r. Ampun Sembrana**

Sembrana inggih menika salah satunggaling sipating manungsa ingkang kirang weweka utawi kurang tumemen anggenipun nglampahi pagesangan menika. Manungsa kedahipun nebihi sembrana menika, amargi menawi sampun dipungadhahi boten gampil dipunicali(*kebiasaan*). Tiyang ingkang remen sembrana wonten ing pagesanganipun saged damel bebaya dhirinipun piyambak lan tiyang sanesipun.

Kanthi ningali andharan wonten ing nginggil, manungsa kedahipun ampun sembrana anggenipun nglampahi pagesangan. Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa ampun sembrana anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun sembrana kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Ima-ima*. Cakepan gendhing *Ima-ima* ingkang ngawrat piwulang

moral kangge manungsa supados ampun sembrana wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Rujak pace jo sembrano* .(SW, 2012 : 31-32)

Konteks *rujak pace* menika negesi kaliyan sedaya kemawon ingkang ndadosaken raosipun manungsa menika boten sekeca(pait). Amargi pace menika salahsatunggalipun jinis woh-wohan ingkang raosipun boten sekeca, menapa malih menawi dipunrujak. Lajeng *jo sembrana* ngemu teges bilih manungsa menika anggenipun nglampahi pagesangan kedahipun saged nebihi sembrana. Menawi kekalih teges menika kalawau dipungayutaken saged kaandharaken bilih sembrana menika saged ndadosaken raosipun manungsa menika boten sekeca.

Kanthi ningali andharan wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutanipun, bilih manungsa wonten ing donya menika kedah nebihi sembrana. Amargi menawi sampun dipungadhahi, boten gampil dipunicali. Tiyang ingkang remen sembrana wonten ing pagesanganipun saged damel bebaya dhirinipun piyambak lan tiyang sanesipun. Gendhing *Ima-ima* menika ngawrat piwulang moral ampun sembrana, katitik saking cakepan *rujak pace jo sembrano*, saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **s. Satriya**

Satriya tegesipun inggih menika tiyang utawi prajurit ingkang luhur. Dene tiyang ingkang dipunarani satriya saged dipunwastani tiyang ingkang kagungan watak satriya, watak satriya menika antawisipun kendel lan utama.

Kendel wonten ing mriki kendel wonten ing babagan kabecikan, boten wonten ing babagan kalepatan. Dados menawi badhe mbelani dhateng kabecikan kedah kendel. Perkawis menika jumbuh kaliyan tetembunganipun tiyang jawi menawi kendel ampun wedi wedi, menawi wedi ampun wani wani.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, manungsa kedahipun saged satriya anggenipun nglampahi pagesangan. Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa saged satriya anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral satriya kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Kembang Jagung*. Cakepan gendhing *Kembang Jagung* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados satriya wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Iki lho dhadha satriya iki lho dhadha Janaka* .(SW, 2012 : 33-34)

Cakepan wonten ing nginggil negesi wonten satunggaling manungsa ingkang saweg nandang bebaya. Ananging manungsa menika kendel boten wedi kanthi ngendika *iki lho dhadha satriya*. *Iki lho dhadha satriya* menika ngemu teges bilih tiyang menika boten purun selak lan malah ngendelaken sipat satriyanipun, perkawis menika saged dipuntingali saking perangan ukara salajengipun *iki lho dhadha Janaka*. *Janaka* wonten ing pewayangan inggih menika panengahe pandhawa ingkang gadhah sipat satriya ingkang sampun misuwur wonten ing jagad menika. Kanthi mekaten, nedahaken bilih tiyang menika boten ajrih lan kendel ngadhepi bebaya ingkang wonten ing

sangajengipun. Wigatinipun sipat satriya kangge tiyang kangge ngadhepi perkawis utawi pacoban wonten ing donya menika ndadosaken sipat menika kedah dipungadhahi dening manungsa.

Kanthi ningali andharan wonten ing nginggil saged dipunpundhut dudutanipun bilih sipat satriya menika wigati kangge dhirinipun manungsa piyambak kangge ngadhepi perkawis utawi pacoban wonten ing donya menika. Gendhing *Kembang Jagung* menika ngawrat piwulang moral satriya, katitik saking cakepan *iki lho dhadha satriya iki lho dhadha Janaka*, saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **t. Empan Papan**

Empan papan inggih menika saged mangertos lan manggenaken dhirinipun wonten ing kahanan tartamtu. Empan papan menika menawi wonten ing *istilah ilmiah* saged dipunwastani sami kaliyan *adaptasi*. Tiyang ingkang ngetrepaken empan papan wonten ing pagesanganipun langkung saged dipunkormati dening tiyang sanesipun. Amargi tiyang ingkang empan papan wonten ing pagesanganipun tansah ngatos-ngatos menawi badhe tumindak tartamtu.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, manungsa kedahipun saged empan papan anggenipun nglampahi pagesangan. Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa saged empan papan anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken

wigatinipun piwulang moral empan papan kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Anti-anti*. Cakepan gendhing *Anti-anti* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados empan papan wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Ora lali kelesedan turu njogan ngalih longan* .(SW, 2012 : 43)

Tiyang menika limrahipun remen sumene menawi sampun ngayahi jejibahan wonten ing pagesanganipun. Ananging kedah ngemut menawi badhe sumene kadosta pethilan tembung *ora lali kelesedan*. *Ora lali kelesedan* menika nedahaken bilih tiyang menika ampun kesupen sumene. Pethilan ukara salajengipun *turu njogan ngalih longan* negesi bilih tiyang menika boten pikantuk tilem wonten ing njogan utawi *ruang tamu*, Langkung sae bilih menawi badhe tilem menika wonten ing panggenanipun, inggih menika wonten ing longan utawi *kamar* kangge tilem. Dudutanipun saking wosing cakepan gendhing ing nginggil tiyang menika kedah empan papan, mangertos menawi badhe tilem menika boten ing ruang tamu ananging kedah wonten ing kamar kangge sare.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapethik dudutanipun bilih manungsa kedahipun saged empan papan anggenipun nglampahi pagesangan satemah saged ngrampungaken perkawis kanthi leres. Gendhing *Anti-anti* menika ngawrat piwulang moral ampun empan papan, katitik saking cakepan *ora lali kelesedan turu njogan ngalih longan*, ingkang saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### u. Remen Reresik

Manungsa wonten ing donya menika saderma namung numpang Gusti. Kuwajiban tiyang ingkang numpang salah satunggalipun inggih menika kanthi njagi donya supados resik. Reresik wonten ing mriki saged resetik babagan jiwa lan raga. Wonten salahsatunggalipun bebasan ingkang nedahaken bilih wonten ing raga kang resik, kawontenan jiwa ingkang resik ugi. Kanthi nggatosaken perkawis kalawau, manungsa kedahipun ampun kesupen anggenipun resetik dhateng raganipun. Raga ingkang sampun dipunparingaken dening Gusti menika kedah dipunjagi kanthi salahsatunggalipun cara inggih menika resetik.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, manungsa kedahipun remen resetik wonten ing pagesanganipun. Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa remen resetik wonten ing pagesanganipun. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun wujud piwulang moral remen resetik kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Lebar Nyambut Gawe*. Cakepan gendhing *Lebar Nyambut Gawe* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados remen resetik wonten ing pagesanganipun, saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Lebar nyambut gawe wis resik awake* .(SW, 2012 : 51)

*Lebar nyambut gawe* negesi bilih sampun limrahipun manungsa menika sasampunipun makarya kedahipun resetik (*wis resik awake*). Tegese

sasampunipun nyambut damel manungsa kedahipun boten kesed anggenipun reresik, ananging gage kemawon ngicali sedaya rereged ingkang nemplok wonten ing raganipun. Menawi boten gage dipunicali, rereged kalawau saged damel raga menika dipunremeni dening pernyakit.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih tiyang kedah enggal-enggal reresik sasampunipun nyambut damel. Amargi menawi boten, saged ndadosaken *penyakit*. Perkawis mekaten boten saged kadosan menawi manungsa menika remen reresik. Gendhing *Lebar Nyambut Gawe* menika ngawrat piwulang moral remen reresik, katitik saking cakepan *lebar nyambut gawe wis resik awake*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **v. Ampun Remen Tumindak Culika**

Nglampahi pagsangan wonten ing donya menika kedahipun saged kanthi leres lan boten kanthi tumindak culika. Amargi, tumindak culika menika saged ndadosaken manungsa menika menika boten *jujur* wonten ing pagesanganipun. Sipat culika inggih menika remen ngapusi anggenipun nglampahi pagesangan. Sipat culika saged ndadosaken manungsa boten dipercaya malih dening manungsa sanesipun. Menawi sampun kadosan mekaten, manungsa bakalipun boten sekeca anggepun nglampahi pagesangan

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, manungsa kedahipun ampun remen tumindak culika wonten ing pagesangan. Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa ampun

remen tumindak culika. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun remen tumindak culika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Sepuran*. Cakepan gendhing *Sepuran* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados ampun remen tumindak culika wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Sapa trima nggonceng konangan kondektur. Yen didhendha kenceng napa boten kojur.* (SW, 2012 : 55)

*Sapa trima nggonceng negesi dhateng tiyang ingkang remen numpang.* Salajengipun *konangan kondektur* negesi bilih menawi dipunpanggihaken dening kondektur. Kondektur inggih menika tiyang ingkang gadhah pedamelan nariki *karcis* kangge nitih kendaraan *umum*. Cakepan salajengipun ingkang arupi *yen didhenda kenceng* negesi bilih menawi dipundhendha kathah, *menapa boten kojur* saged dipunwastani menapa boten cubluk/*bangkrut*. Menawi dipunpendhet dudutanipun, wonten tiyang culika ingkang *was-was* ingkang saweg nitih sepur amargi boten gadhah karcis. Menawi tiyang menika kapanggihaken dening kondektur, saged dipundhendha kathah dening kondektur.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih tiyang ingkang remen tumindak culika bakalipun *was-was* anggenipun nglampahi pagesangan. Amargi sawanci-wanci menawi kapanggihaken saweg tumindak culika, tiyang menika kedah siap nampi asiling sedaya tumindak culika ingkang sampun katindakaken. Gendhing

*Sepuran* menika ngawrat piwulang moral ampun remen tumindak culika, katitik saking cakepan *Sapa trima nggonceng konangan kondektur. Yen didhendha kenceng napa boten kojur*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **w. Sapa Nandur Bakal Ngundhuh**

Sedaya ingkang sampun katindakaken dening manungsa tembe wurine bakalipun konangan. Dene asilipun tumindak kalawau gumantung saking sedaya ingkang sampun kalampahaken dening manungsa wonten ing pagesanganipun. Tiyang ingkang remen tumindak becik wusananipun manggihaken asil ingkang becik, kosokwangsulipun tiyang ingkang remen tumindak ala badhe nemahi piwales ingkang ala ugi. Perkawis menika jumbuh kaliyan wujudipun piwulang moral sapa nandur bakal ngundhuh.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, manungsa kedahipun saged ngemut piwulang moral sapa nandur bakal ngundhuh wonten ing pagesanganipun. Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral sapa nandur bakal ngundhuh. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sapa nandur bakal ngundhuh kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Dolanan*. Cakepan gendhing *Dolanan* ingkang ngawrat piwulang moral sapa nandur bakal ngundhuh saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Aja ana kono bocah nakal dak kepruk tompo* .(SW, 2012 : 56)

*Aja ana kono bocah nakal* negesi bilih wonten bocah nakal ingkang manggen wonten ing panggenan ingkang lepat, dene bocah ingkang nakal menika bakal manggihaken asilipun kanthi *dakkepruk tompo*. Perkawis menika saged dipunjumbuhaken kaliyan tiyang ingkang tumindak boten leres (nakal) bakalipun ngundhuh wohing tumindak ingkang sampun katindakaken.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih tiyang ingkang nandur tumindak ingkang boten leres bakalipun badhe ngundhuh wohing tumindak ingkang sampun katindakaken kalawau. Gendhing *Dolanan* menika ngawrat piwulang moral sapa nandur bakal ngundhuh, katitik saking cakepan *Aja ana kono bocah nakal dak kepruk tompo*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **x. Dados Tiyang Ampun Kesed**

Gesang wonten ing donya ndadosaken kedah usaha ingkang mepeng menawi gadhah pepinginan damel gesangipun supados sekeca. Manungsa kedahipun ampun kesed anggenipun nglampahi pagesangan. Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa boten kesed anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun kesed kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Bocah Kesed*. Cakepan gendhing *Bocah Kesed* ingkang ngawrat

piwulang moral kangge manungsa supados ampun kesed wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Bocah kesed ing sabarang gawe kanthi klelat klelet watake* .(SW, 2012 : 63)

Cakepan gendhing wonten ing nginggil nedahaken cirinipun *bocah kesed* ingkang salahsatunggalipun menika menawi nyambut damel wonten ing pagesanganipun dipuntindakaken kanthi *klelat-klelet*. *Klelat-klelet* wonten ing mriki kangge negesi dhateng tumindakipun anggenipun tandang makarya ingkang boten sarwa cepet lan leres.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih gesang wonten ing donya kedah upaya ingkang mepeng menawi gadhah pepinginan damel gesangipun supados langkung sekeca. Manungsa kedahipun ampun kesed anggenipun nglampahi pagesangan wonten ing donya menika. Gendhing *Bocah Kesed* menika ngawrat piwulang moral dados tiyang ampun kesed, katitik saking cakepan *bocah kesed ing sabarang gawe kanthi klelat klelet watake*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **y. Ampun Remen Duka**

Duka kalebet tumindak ingkang boten sae ingkang kedah dipuntebihi dening manungsa wonten ing pagesangan menika. Duka saged damel manungsa boten saged mikir kanthi resik. Kajawi saking mekaten, remen duka ugi saged damel maneka warna peryakit kadosta *hypertensi*. Ningali saking

kalawau, manungsa kedahipun ampun remen duka anggenipun nglampahi pagesangan.

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral ampun remen duka anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun remen duka kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Macan Kerah*. Cakepan gendhing *Macan Kerah* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados ampun remen duka wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*E aja nesu (kaca 64)*

Pethilan cakepan wonten ing nginggil ngandharaken kangge manungsa supados ampun remen duka wonten ing pagesanganipun, dipuntingali saking pethilan tembung *e aja nesu*. Aja nesu menawi dipundadosaken basa jawi ragam krama dados ampun duka.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih duka saged damel manungsa boten saged mikir kanthi resik. Gendhing *Macan Kerah* menika ngawrat piwulang moral ampun remen duka, katitik saking cakepan *E aja nesu*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

## **z. Prasaja**

Prasaja inggih menika sipating manungsa ingkang boten ngginakaken rerenggan utawi panganggenan ingkang sarwa mobyar. Kanthi prasaja manungsa saged tebih saking sipat adigang, adigung adiguna. Amargi, prasaja saged damel manungsa emut dhateng Gusti kanthi cara prihatin. Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, manungsa kedahipun saged prasaja anggenipun nglampahi pagesangan. Panaliten menika manggihaken tuladha prasaja anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral prasaja kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Cah Angon*. Cakepan gendhing *Cah Angon* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados prasaja wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Kathok sronthal-sranthil* .(SW, 2012 : 65)

Sanajan namung ngangge *kathok* ingkang *sronthal-sranthil*, Ananging cah angon tansah prigel tumandang gawe ngangon kewan. Cah angon saged dipundadosaken *analogi* dhateng tiyang ingkang gadhah bandha donya supados saged tetep ngemut wujud piwulang moral prasaja wonten ing padintenanipun ing pagesangan. Sanajan prasaja ananging prigel makaryanipun.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih manungsa kedah prasaja, ananging tetep prigel makarya. Prasaja saged nebihaken saking adigang adigung adiguna, amargi prasaja

saged damel manungsa tansah emut dhateng Gusti kanthi cara prihatin. Gendhing *Cah Angon* menika ngawrat piwulang moral prasaja, katitik saking cakepan *kathok sronthal-sranthil*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **aa. Bekti dhateng tiyang sepuh**

Manungsa menika kedah emut bilh saged wonten ing donya menika amargi saking kersaning Gusti. Inkang dados *perantara* Gusti inggih menika tiyang sepuh kita. Manungsa kedah bekti dhateng tiyang sepuhipun, amargi menawi boten wonten *peran* tiyang sepuh manungsa boten saged nglampahi pagesangan wonten ing donya kanthi gampang.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, manungsa kedahipun saged bekti dhateng tiyang sepuh. Panaliten menika manggihaken piwulang moral bekti dhateng tiyang sepuh. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral bekti dhateng tiyang sepuh kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Ledhung-ledhung*. Cakepan gendhing *Ledhung-ledhung* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados bekti dhateng tiyang sepuh saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Ayo melu aku bae atak ledhung-ledhung si bu lagi ngolahake kowe* .(SW, 2012 : 76)

Cakepan gendhing ing nginggil menawi dipungayutaken kaliyan konteksipun nedahaken bilih wonten kakang/mbakyu ingkang paring pambiyantu dhumateng tiyang sepuhipun kanthi cara njagi adhinipun. Perkawis menika saged katingal saking *ayo melu aku bae* ingkang nedahaken ngajak dhateng adhinipun supados tumut lan boten ngganggu ibunipun ingkang saweg ngolahke dhaharan (*si bu lagi ngolahke kowe*).

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih manungsa kedah bekti dhateng tiyang sepuhipun, amargi menawi boten wonten *peran* tiyang sepuh manungsa boten saged nglampahi pagesangan wonten ing donya menika kanthi gampang. Gendhing *Ledhung-ledhung* menika ngawrat piwulang moral bekti dhateng tiyang sepuh, katitik saking cakepan *ayo melu aku bae atak ledhung-ledhung si bu lagi ngolahake kowe*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **bb. Ampun Remen Paring Patuladhan ingkang Awon**

Sedaya tumindakipun manungsa ingkang badhe kalampahaken kedahipun dipunpikir malih kanthi tememen. Amargi sedaya tumindakipun manungsa, langkung-langkung menawi manungsa menika gadhah palenggahan ingkang wonten ing masyarakat, saged dipuntuladhani dening manungsa sanesipun. Menawi manungsa menika remen tumindak awon wonten ing pagesanganipun, saged damel manungsa menika paring patuladhan ingkang awon ugi wonten ing pagesanganipun.

Panaliten menika manggihaken piwulang moral supados manungsa ampun remen paring patuladhan ingkang awon wonten ing pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun remen paring patuladhan ingkang awon wonten ing pagesangan kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Buta Galak*. Cakepan gendhing *Buta Galak* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados ampun remen paring patuladhan ingkang awon wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Lha wong kowe sing marah-marahi gawemu sok ngono* .(SW, 2012 : 83)

*Lha wong kowe sing marah-marahi* nedahaken bilih tumindak ingkang boten leres menika kaasilaken saking patuladhan ingkang awon. *Gawemu sok ngono* menawi dipuntingali saking konteksipun mujudaken tumindak ingkang boten leres. Dene menawi dipundadosaken setunggal, saged dipunpangihaken teges bilih manungsa wonten ing pagesanganipun ampun paring patuladhan ingkang awon/boten leres.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih manungsa wonten ing pagesanganipun ampun remen paring patuladhan ingkang awon. Amargi tumindakipun manungsa menika mliginipun para *pejabat* saged dipuntuladhani dening liyan. Gendhing *Buta Galak* menika ngawrat piwulang moral ampun remen paring patuladhan ingkang awon, katitik saking cakepan *lha wong kowe sing marah-marahi gawemu sok ngono*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng

anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

### cc. Ngajeni Panguwasa

Manungsa gesang wonten ing donya menika menawi boten wonten ingkang dados panguwasa saged crah anggenipun nglampahi pagesangan. Amargi saking menika *sosok* panguwasa kedahipun saged dados pandoming masyarakat supados saged rukun. Dene kuwajiban ingkang kedah dipuntindakaken dening warganipun inggih menika ngormati utawi ngajeni panguwasa ingkang sampun ngatur supados rakyatipun menika saged tentrem.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, manungsa kedahipun saged ngajeni panguwasa ingkang wonten ing pagesangan. Panaliten menika manggihaken piwulang moral ngajeni panguwasa ingkang wonten ing pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun wujud piwulang moral ngajeni panguwasa ingkang wonten ing pagesangan kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Jaran Teji*. Cakepan gendhing *Jaran Teji* ingkang ngawrat piwulang moral ngajeni panguwasa saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Sing numpak ndara Bei sing ngiring para Mantri* .(SW, 2012 : 94)

Cakepan wonten ing nginggil nedahaken wonten *ndara bei* utawi panguwasa ingkang dipuniringi dening *para mantri*. Menawi dipuntingali saking konteksipun, kuwajibanipun rakyat menawi tepung panguwasa inggih

menika nyambut kanthi raos ingkang sae. Menawi wonten iring-iringan panguwasa, masyarakat kedahipun nglilakaken maringi dalan.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih manungsa kedah ngormati utawi ngajeni panguwasa ingkang sampun ngatur supados rakyatipun menika saged tentrem. Gendhing *Jaran Teji* menika ngawrat piwulang moral ngajeni panguwasa, katitik saking cakepan *sing numpak ndara Bei sing ngiring para Mantri*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **dd. Kepemimpinan**

Manungsa gesang wonten ing donya menika minangka *khalifah* ingkang dipunpercaya dening Gusti supados ngolah alam menika. Manungsa ingkang saged nduweni sipat *kepemimpinan*, anggenipun nglampahi pagesangan saged katata. *Kepemimpinan* inggih menika sipat-sipat ingkang dipunbetahaken kangge mangarsani dhirinipun piyambak menapa dhateng tiyang sanesipun kanthi cara ingkang leres. Manungsa kedahipun saged mangertos wigatinipun *kepemimpinan*. Panaliten menika manggihaken piwulang moral *kepemimpinan* ingkang wonten ing pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral *kepemimpinan* dipunpanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Gundhul Pacul*. Cakepan gendhing *Gundhul Pacul* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados

nuladhani sipat *kepemimpinan* saged kapirsanan wonten ing ngandhap menika.

*Nyunggi-nyunggi wakul gemblelengan wakul jomplang segane dadi saklatar* .(SW, 2012 : 95)

*Gundhul* inggih menika mustaka, wonten ing saklebetipun mustaka wonten *polo, polo* menika tugasipun ngatur sedaya perangan badan lintunipun supados saged nglampahi tumindak. Dados saged kawastanan bilih *gundhul* menika sami tugasipun kaliyan panguwasa pamarentahan ingkang ngatur masyarakat. Nyunggi-nyunggi wakul negesi dhateng panguwasa ingkang dipunparingi kuwajiban. Menawi panguwasa menika *gemblelengan* utawi sakpurunipun piyambak, *wakul* saged *jomplang*. *Wakul* nedahaken panguwasanipun. *Jomplang segane dadi saklatar* nedahaken bilih menawi panguwasa menika sakpurunipun piyambak anggenipun paring parentah, kahananipun masyarakat ingkang bakal cilaka.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutan bilih *kepemimpinan* dipunbetahaken kangge mangarsani dhirinipun piyambak lan tiyang sanesipun kanthi cara ingkang leres. Gendhing *Gundhul Pacul* menika ngawrat piwulang moral *kepemimpinan*, katitik saking cakepan *nyunggi-nyunggi wakul gemblelengan wakul jomplang segane dadi saklatar*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

### ee. Ampun Remen Umuk

Umuk inggih menika pranyatan lepat ingkang gadhah ancas damel tiyang sanesipun percados. Tiyang ingkang sampun remen umuk, limrahipun boten gampil menawi badhe blaka. Menawi wonten ing pagesanganipun, tiyang remen umuk, tembe wurine bakalipun boten dipunpercados malih sedaya ngendikanipun dening tiyang sanes.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, manungsa kedahipun ampun remen umuk wonten ing pagesanganipun. Panaliten menika manggihaken piwulang moral ampun remen umuk wonten ing pagesanganipun. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun remen umuk wonten ing pagesanganipun kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Jago Kate*. Cakepan gendhing *Jago Kate* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados ampun remen umuk wonten ing pagesanganipun saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Jrabthal pelayune mari umuk mari ngece* .(SW, 2012 : 95-96).

Sasampunipun tiyang nglampahi tumindak *umuk* lan *ngece* sejatosipun kedah tanggel jawab dhateng sedaya tumindakipun kalawau. Ananging wonten ing nginggil tiyang ingkang remen umuk namung mlayu. Menawi dipuntingali saking konteksipun, tiyang ingkang remen umuk limrahipun menika kalebet wonten ing golongan tiyang ingkang boten gadhah sipat tanggel jawab dhateng tumindakipun. Ananging, tiyang ingkang remen umuk badhe mlayu nilar tanggel jawabipun.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih tiyang kedah tebih saking remen umuk, amargi umuk menika kalebet boten gadhah tanggel jawab. Gendhing *Jago Kate* menika ngawrat piwulang moral *ampun remen umuk*, katitik saking cakepan *Jrabthal pelayune mari umuk mari ngece*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **ff. Kedah Njagi Alam**

Alam Donya menika minangka rejeki ingkang dipunparingaken dening Gusti. Manungsa gadhah kuwajiban kangge ngolah alam ndonya menika. Kajawi saking mekaten, manungsa kedahipun ugi saged njagi dhateng alam menika. Njagi alam menika antawisipun cara kanthi mbuwang *sampah* boten wonten kali lan nandur wit-witan kangge ngantosaken wit-witan ingkang sampun dipunpanen. Menawi manungsa boten ngemut babagan njagi alam menika, saged pikantuk piwales. Umpaminipun wontenipun *bencana* alam lan lelara. Perkawis menika saged dipunselakaken menawi manungsa saged njagi alam ndonya kanthi cara menika kalawau.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, manungsa kedahipun saged njagi alam dunungipun wonten ing donya menika. Panaliten menika manggihaken piwulang moral ngengingi babagan njagi alam donya. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral kedah njagi alam kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Kembang*

*Mlathi*. Cakepan gendhing *Kembang Mlathi* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados kedah njagi alam pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Kembang mlathi yen sore disirami (kaca 5)*

Tetaneman kedahipun dipunrawat supados saged gesang kanthi sae. *Kembang Mlathi yen sore disirami* nedahaken bilih manungsa gadhah kuwajiban njagi tetaneman. Njagi tetaneman menika saged kanthi cara boten kesupen anggenipun nyirami. Tetaneman ingkang dipunsirami kanthi runtut saged paring *imbal balik* ingkang sae dhumateng manungsa. Tuladhanipun kadosta menawi kembang mlathi asring dipunsirami, wusanipun saged tuwuh kanthi sae lan saged ngundhang para tawon supados dugi. Tawon menika menawi sampun pikantuk sarining kembang lajeng damel susah tawon. Saking susah tawon kalawau saged dipunpanen madu ingkang saged damel nambahi beya pagesanganipun manungsa. Menawi manungsa menika saged prigel anggenipun njagi alam, Gusti bakalipun ugi paring rejeki dhumateng manungsa kalawau.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih menawi manungsa menika saged prigel anggenipun njagi alam, Gusti bakalipun ugi paring rejeki dhumateng manungsa kalawau. Gendhing *Kembang Mlathi* menika ngawrat piwulang moral *kedah njagi alam*, katitik saking cakepan *kembang mlathi yen sore disirami*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti jumbuh kangge kaleresan alam.

### **gg. Mundhut Asiling Alam Saprelune Mawon**

Alam donya ingkang sampun dipunparingaken dhateng manungsa dening Gusti. Kuwajibanipun kedah dipunjagi, Sasampunipun kasil anggenipun njagi lan pikantuk asilipun, manungsa boten kepareng mundhut asilipun menika kanthi sakremenipun piyambak. Mundhut asiling alam kedah saprelune mawon. Boten menawi wonten asil ingkang kathah lajeng dipunpundhut sedaya. Ananging ugi kedah ngemut bilih menawi dipunpundhut sedaya asilipun, alam menika saged duka. Dukanipun alam saged kanthi maneka marna bebaya ingkang saged damel manungsa menika cilaka.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, manungsa kedahipun saged mundhut asiling alam saprelune mawon. Panaliten menika manggihaken piwulang moral supados manungsa mundhut asiling alam saprelune mawon. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral mundhut asiling alam saprelune mawon kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Kembang Jagung*. Cakepan gendhing *Kembang Jagung* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados mundhut asiling alam saprelune mawon saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Methik Kembang Soka dicaoske Kanjeng Rama* .(SW, 2012 : 49).

Cakepan wonten ing nginggil nedahaken wonten salah satunggaling tiyang ingkang *methik Kembang Soka* kangge *dicaoske* dhateng *Kanjeng Ramanipun*. Tiyang menika namung *methik kembang soka* ingkang gadhah

khasiat kangge Kanjeng Ramanipun lan boten methik kembang sanesipun. Tiyang menika methik kembang soka amargi wonten ancasipun.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih methik kembang utawi mundhut asiling alam sanesipun kedahipun ningali ancasipun methik menika kangge menapa saha kabetahanipun sepinten. Sambet rapeting perkawis menika kaliyan pagesanganipun manungsa, ndadosaken wujudipun piwulang moral ngengingi mundhut asiling alam saprelune mawon kedah dipungatosaken dening para manungsa wonten ing pagesanganipun. Gendhing *Kembang Jagung* menika ngawrat piwulang moral *mundhut asiling alam saprelune mawon*, katitik saking cakepan *methik Kembang Soka dicaoske Kanjeng Rama*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti jumbuh kangge kaleresan alam.

## **2. Jinising Piwulang Moral**

Panaliten kanthi irah-irahan piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo menika ndadosaken asiling panaliten babagan jinising piwulang moral dados ing sekawan perangan, inggih menika: *piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan Gusti*, *piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa*, *piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak lan piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan alam*. Saking ningali babagan jinising piwulang moral wonten ing

ninggil, badhe kaandharaken data ingkang sampun kapanggihaken kadosta wonten ing ngandhap menika.

#### **a. Gegayutanipun Manungsa kaliyan Gusti**

Manungsa minangka *makhluk* paling sampurna ingkang dipunripta dening Gusti gadhah kuwajiban kedah ngibadah lan *syukur* dhateng sedaya kemawon ingkang dipunparingaken dening Gusti. Sasampunipun ngayahi panaliten kanthi wujud tabel data, panaliten menika manggihaken 2 jinising piwulang moral ingkang ngandharaken gegayutanipun manungsa kaliyan Gusti, inggih menika bekti dhumateng Gusti lan narima kersaning Gusti. Andharaan babagan 2 piwulang moral manungsa dhateng gusti menika saged dipunandharaken kados wonten ing ngandhap menika.

#### **1) Beki Dhumateng Gusti**

Panaliten menika manggihaken data babagan piwulang moral kanthi wujud bekti dhumateng Gusti. Andharanipun saged dipuntingali kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Padha mujiya kalis sakehing godha .(SW, 2012 : 2-3).*

Data panaliten awujud cakepan gendhing menika dipunpanggihaken wonten ing satunggalipun gatra gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Cep menenga*. Konteks data wonten ing data panaliten *padha mujiya kalis sakehing godha* menika ngandharaken manungsa gesang menika kedah emut kanthi *padha mujiya*. Wonten ing mriki *padha mujiya* menika saged dipunandharaken bilih manungsa menika kedah muji dhateng Gusti ingkang sampun ngripta lan paring rejeki. Muji dhateng Gusti menika minangka

kuwajiban manungsa gesang wonten ing donya. Kadosta saged dipunpirsani saking data panaliten ing nginggil, kanthi muji dhateng Gusti, manungsa saged *kalis sakehing godha*. Kalis sakehing godha saged kawastanan bilih manungsa ingkang tansah paring pepuji dhumateng Gusti menika saged kalis saking sakathahipun godha ingkang wonten ing ndonya menika. Pagodha wonten ing donya menika saged ndadosaken margi lurus ingkang kedahipun dipunlampahi dening manungsa ewah. Kanthi mujiya dhumateng Gusti, manungsa dipunajab saged wilujeng saking sakathahing godha, amargi manungsa tansah emut dhumateng Gusti wonten ing sapanggenan-panggenanan. Kanthi nglampahi kuwajibanipun ngabekti dhumateng Gusti, manungsa saged pikantuk pepadhang gesangipun. Manungsa ingkang tansah mujiya dhateng Gusti saged raket dhumateng Gusti.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih kanthi raking manungsa kaliyan Gusti, manungsa kaajab tansah emut bilih Gusti menika tansah ningali sedaya tumindakipun manungsa wonten ing alam donya menika. Wigatinipun bekti dhumateng Gusti kangge manungsa supados saged raket kaliyan Gusti, ndadosaken bekti dhumateng Gusti menika dipunlebetaken wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan Gusti. Gendhing *Cep Menenga* katitik saking cakepan *padha mujiya* ngandharaken bilih wonten ing pagesangan menawi badhe nglampahaken sipating dhiri minangka *makhlukipun* Gusti, manungsa kedah mituhu kanthi bekti dhumateng Gusti. Perkawis menika

saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti jumbuh kaliyan kersaning Gusti.

## 2) Narima Kersaning Gusti

Panaliten menika manggihaken wujud piwulang moral narima kersaning Gusti wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Bung-bung Legi*. Wonten ing cakepan gendhing menika, kapanggihaken data panaliten kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Kang kuwasa anjurungi mbabar miyos kakung tibane miyos putri* .(SW, 2012 : 14-15).

Pratelan tembung *kang kuwasa* wonten ing mriki menika menawi dipuntingali konteksipun saged dipunwastani tiyang ingkang *ahli kandungan*, dukun bayi, *bidan* utawi *dokter*. Tembung salajengipun inggih menika *anjurungi*, tegesipun inggih menika ingkang *mendukung* utawi maringi gambaran/*prediksi* babagan miyosing bayi(lare). Miyosing lare menika saged dipuntingali saking tembung *miyos(lare) kakung*. Dene ing tembe wuri ingkang miyos dede lare jaler/kakung ananging estri/putri, menika saged kapanggihaken saking tembung *tibane miyos putri*. Kanthi andharan wonten ing nginggil, saged kajlentrehaken bilih sanajan *ahli/dukun bayi* sampun paring *prediksi* bilih lare ingkang badhe miyos menika putra, ananging Gusti paring kersa sanes bilih ingkang paling sae menika lare putri. Minangka manungsa mliginipun tiyang sepuhipun kedah saged narima perkawis ingkang dados kersaning Gusti kados kalawau.

Data panaliten ing nginggil nedahaken bilih manungsa kedah narima kanthi ikhlas dhateng kersaning Gusti. Manungsa wonten ing donya menika kedah *usaha* kangge nglampahi gesangipun. Usaha ingkang dipunlampahi dening manungsa menika ugi saged paring daya pangaribawa kangge gesangipun piyambak. Boten namung usaha, manungsa ugi kedah ngaturaken donga dhumateng Gusti. Kanthi usaha lan donga dipunajab saged damel gesangipun menika sekeca. Ananging manungsa ugi kedah saged narima kersaning Gusti ingkang sampun dipungarisaken dening Gusti. Jodho, pati lan anak menika salah satunggaling kersaning Gusti ingkang boten saged kaselak malih.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih manungsa kedah gadhah raos ingkang ikhlas supados saged narima sedaya kersaning Gusti kalawau. Kadosta narima kersaning Gusti babagan jinis *kelamin* lare. Wigatinipun wujud piwulang moral narima kersaning Gusti kangge manungsa supados saged raket kaliyan kersaning Gusti, ndadosaken narima kersaning Gusti menika dipunlebetaken wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan Gusti. Gendhing *Bung-bung Legi* katitik saking cakepan *kang kuwasa anjurungi mbabar miyos kakung tibane miyos putri* ngandharaken bilih menawi badhe nglampahaken sipating dhiri minangka *mahlukipun* Gusti, manungsa kedah mangertos ingkang paling leres menika percaya dhateng kersaning Gusti.

## **b. Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa**

Gesang wonten ing pagesangan menika kajawi kedah ngibadah dhumateng Gusti kanthi sae, manungsa ugi gadhah kuwajiban kedah srawung kanthi leres dhateng manungsa sanesipun. Manungsa kalebet makhluk ingkang boten saged gesang piyambak, dados manungsa kedah nggatosaken unggah-ungguh kaliyan tiyang sanes, cara anggenipun micara dhateng tiyang sanes lan ingkang paling penting manungsa gesang kedah tulung tinulung dhumateng tiyang sanesipun.

Wonten ing panaliten menika kapanggihaken 10 wujud piwulang moral ingkang kalebet jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa. Wujudipun piwulang moral menika antawisipun saged dipuntingali saking andharan kadosta wonten ing ngandhap menika.

### **1) Pakurmatan Dhateng Tiyang Sanesipun**

Panaliten menika manggihaken wujudipun piwulang moral dhateng tiyang sanes wonten ing cakepan gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Ana Tamu*. Andharan babagan piwulang moral wonten ing cakepan gendhing *Ana Tamu* saged dipunpirsani kados wonten ing ngandhap menika.

*Mangga lenggah rumiyin* .(SW, 2012 : 4).

Kanthi nggayutaken irah-irahan gendhing *Ana Tamu* lan cakepan *mangga lenggah rumiyin* menika saged kawastanan bilih tiyang wonten ing gendhing menika ngormati tamu. Tamu ingkang badhe mertamu menika dipunkengken supados lenggah wonten ing kursi. Saking andharan menika saged dipuntegesi bilih ingkang gadhah dalem menika ngormati dhateng tamunipun. Ngormati

dhateng tamu menika kalebet wonten ing wujudipun piwulang moral kangge paring pakurmatan dhateng tiyang sanesipun. Manungsa ingkang ngormati tamu, menapa malih saged ndamel tamu menika bingah, badhe dipunajeni ugi dening tamunipun mbokmenawi sakwanci-waci gantosan mertamu dhateng dalemipun.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutan bilih perkawis ngormati tamu menika menika kalebet wonten ing gesang bebrayan ingkang sae kaliyan tiyang sanes. Kanthi nggatosaken andharan kalawau, piwulang moral babagan ngormati tiyang sanes dipunlebetaken wonten ing jinising piwulang moral ingkang nedahaken gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun. Gendhing *Ana Tamu* ngawrat piwulang moral pakurmatan dhateng tiyang sanesipun mawi *norma sosial* mertamu, katitik saking cakepan *mangga lenggah rumiyin* ingkang saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti jumbuh kaliyan kawontenan wonten ing *masyarakat*.

## 2) Tulung-tinulung

Piwulang moral kanthi wujud tulung tinulung kapanggihaken wonten ing panaliten menika. Wujuding piwulang moral tulung tinulung menika dipunpanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Gugur Gunung*. Gugur gunung menika ngemu cakepan gendhing ingkang andharanipun saged dipunpirsani kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Sayuk-sayuk rukun bebarengan ro kancane* .(SW, 2012 : 9).

Cakepan *gendhing* menika ngandharaken bilih manungsa wonten ing ndoya menika kedah *sayuk-sayuk rukun*. *Sayuk* wonten ing mriki menika tegesipun rukun, Dados, manungsa wonten gesang bebrayan menika kedah rukun. Perkawis rukun wonten ing *gendhing* menika wigati sanget, ngantos wonten ing cakepan *gendhing* dipunambali tiga. Kaambalan ngantos tiga menika nedahaken bilih rukun menika kedah katindakaken. Salajengipun, perangan kaping kalih saking cakepan *gendhing* nedahaken bilih manungsa menika kedah *bebarengan ro kancane*. *Bebarengan ro kancane* menika ngemu teges bilih manungsa wonten ing ndonya menika boten saged gesang piyambak, kedah sesarengan lan tulung-tinulung kaliyan kancanipun. Menawi kekalih perangan cakepan *gendhing* menika dipundadosaken setunggal, saged kawastanan bilih manungsa wonten ing donya menika kedah rukun wanci tulung-tinulung sesarengan kaliyan manungsa sanesipun wonten ing pagesangan. Tulung-tinulung kedah katindakaken dening para tiyang kaliyan tiyang sanesipun. Perkawis tulung tinulung kados mekaten saged dados titikan kangge pandoming moral manungsa kaliyan manungsa sanesipun.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih tulung tinulung menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral babagan gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa. *Gendhing Gugur Gunung* menika ngawrat piwulang moral tulung-tinulung, katitik saking cakepan *bebarengan ro kancane* ingkang saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti jumbuh kaliyan kawontenanipun tiyang sanes wonten ing *masyarakat*.

### 3) Ndherek Nandang Raosipun Tiyang Sanes

Perkawis babagan piwulang moral ingkang ngengingi babagan ndherek nandang raosipun tiyang sanes menika kapanggihaken wonten ing panaliten menika. Data ngengingi cakepan gendhing ingkang ngawrat babagan piwulang moral ndherek nandang raosipun tiyang sanes saged dipunpirsani wonten ing gendhing dolanan ingkang gadhah irah-irahan *Cublak-cublak Suweng*. Andharan data cakepan gendhing ingkang ngawrat babagan piwulang moral ndherek nandang raosipun tiyang sanes saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Yen mati melu kelangan* .(SW, 2012 : 20-22).

Data panaliten menika nedahaken bilih menawi wonten manungsa ingkang nandang kesisahan ngengingi tilaring sedherek, kabukti saking cakepan *yen mati*, kita minangka manungsa *sosial* kedah ndherek utawi *melu kelangan*. Tegesipun *melu kelangan* wonten ing mriki saged dipunandharaken bilih boten namung ndherek kelangan mawon, ananging ugi kedah paring pitulungan babagan nyamektakaken sedaya kemawon kabetahan sripahan. Kadosta nyirami, ngedekaken tenda, ndherek ndudak kubur lan paring donga dhumateng suwarginipun supados dipuntampi dening Gusti sarta ingkang dipuntilar dipunparingi kasabaran.

Ndherek nandang raos dhateng liyan saestu dipunbetahaken wonten ing masyarakat. Dene kejawi kados perkawis wonten ing nginggil ingkang namung babagan kesisahan, ndherek raosing liyan menika saged katindakaken ugi wekdal remen. Kadosta bilih wonten ingkang badhe mbangun dalem utawi

tumbas pit enggal, kita kedah ugi saged ngraosaken *bombong* lan remen. Menawi manungsa saged gadhah sipat ndherek nandang raos dhateng liyan, saged nebihaken saking sipat ingkang boten becik inggih menika sipat *dengki*, *srei*, *melik* lan sipat-sipat ala sanesipun.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih ndherek ngraosaken dhateng raosipun tiyang sanes menika kalebet *interaksi* ingkang dipunbetahaken wonten ing pagesangan antawisipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun. Amargi mekaten, ndherek nandang dhateng tiyang sanes menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral ngengingi gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun. Gendhing *Cublak-cublak Suweng* menika ngawrat piwulang moral ndherek nandang raosipun tiyang sanes, katitik saking cakepan *melu kelangan* ingkang saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti jumbuh kaliyan kawontenan wonten ing *masyarakat*.

#### **4) Sampun Ngantos Nyakiti Tiyang Sanes**

Panaliten menika ugi manggihaken menapa ingkang negesi wujud piwulang moral sampun ngantos nyakiti tiyang sanes dipunbetahaken wonten ing gesang bebrayan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sampun ngantos nyakiti tiyang sanes menika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Jambu Dersana*. Perkawis sampun ngantos nyakiti tiyang sanes wonten ing gendhing dolanan *Jambu Dersana* menika saged kaandharaken kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Jambu-jambu dresana dresanane mbok eloke* .(SW, 2012 : 39).

Cakepan gendhing wonten ing nginggil ngandharaken bilih manungsa wonten ing ndonya menika boten angsal remen alok dhateng liyan. Perkawis mekaten dipunandharaken saking cakepan *jambu-jambu dresana* ingkang mawi salah satunggaling jinising jambu, wonten ing mriki jambu menika kangge negesi dhateng salah satunggaling manungsa. Cakepan salajegipun nedahaken bilih *dresanane mbok eloke*, jambu dresana inggih menika salahsatunggaling jinis jambu ingkang gadhah werna kulit ingkang langkung peteng(*gelap*) menawi dipuntandingaken kaliyan jambu sanesipun. Wonten ing gendhing menika jambu menika dipunalokaken babagan dresanipun, dresana wonten ing mriki saged dipuntegesi minangka manungsa ingkang gadhah *ciri* kulit arupi warna cemeng ingkang sejatosipun sami-sami kaliyan kulit sanesipun ananging warnanipun beda kaliyan tiyang limrah, satemah wusananipun dados *bahan* alokan dening tiyang sanesipun. Sipat remen alok dhateng tiyang menika kalebet sipat ingkang ala amargi saged nglarani dhateng liyan. Gesang menika kedah rukun, boten angsal remen nglarani tiyang.

Piwulang moral kanthi wujud sampun ngantos nyakiti tiyang sanes menika kedah dipuntrepaken wonten ing pagesangan, amargi kanthi sipat sampun ngantos nyakiti tiyang sanes menika, manungsa saged kaselak saking sipat *kufur/boten syukur* dhateng perkawis ingkang karipta dening Gusti. Tiyang ingkang wonten ing gesangipun menika tansah remen nglarani liyan wusananipun ugi boten dipunremeni dening tiyang ingkang sampun

dipunlarani, menapa malih menawi ingkang dipunlarani menika boten namung saking lahiripun, ananging ugi batinipun. Lara batin menika tumraping tiyang lara ingkang sisah tambanipun.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih wujud piwulang moral sampun ngantos nyakiti tiyang sanes menika wigati sanget kangge bebrayanipun tiyang setunggal kaliyan sanesipun, supados sami-sami njagi manah lan tumindakipun. Sambet rapeting antawisipun wujud piwulang sampun ngantos nyakiti tiyang sanes menika kaliyan pagesangan bebrayan manungsa, ndadosaken piwulang moral menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa. Gendhing *Jambu Dersana* menika ngawrat piwulang moral sampun ngantos nyakiti tiyang sanes, katitik saking cakepan *dresanane mbok eloke* ingkang saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kedah kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang boten nglarani dhateng tiyang sanesipun.

##### **5) Remen Paring Pambiyantu Kaliyan Tiyang Sanesipun**

Panaliten menika manggihaken wujud piwulang moral remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun ingkang wigati lan dipunbetahaken wonten ing gesang bebrayan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun menika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Cengkir Legi*. Dene cakepan gendhingipun saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Kancaku dadi temanten tak sembahe* .(SW, 2012 : 45).

Cakepan wonten ing nginggil negesi bilih tiyang menika manungsa ing cakepan kaliyan *kancaku* (wonten ing mriki konteksipun ngandharaken kancanipun) badhe nyembah, wonten ing mriki nyembah menika boten pareng dipunandharaken kanthi walaka ananging sembah menika diputingali saking *konteks* cakepan gendhing, satemah saged kawastanan bilih sembah menika awujud ngraos *syukur* lan badhe paring pambiyantu. Pambiyantu wonten ing gendhing menika awujud pambiyantu dhateng sedaya ingkang dipunbetahaken wonten pawiyatan kancanipun. Pambiyantu pawiyatan menika kagungan teges bilih kita saged paring pambiyantu wonten ing babagan mbombong moralipun pinanganten menawi saking wujud *mental*. Lajeng menawi saking wujud *materi* saged kanthi nyengkuyung babagan *dana* ingkang badhe kabetahaken. Saged ugi paring tetulungan sanesipun dhumateng tiyang ingkang kagungan pawiyatan.

Piwulang moral remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun menika kedah dipungatosaken dening manungsa supados saged gesang bebrayan kaliyan tiyang sanesipun kanthi sae. Wigatinipun piwulang moral remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun menika ndadosaken piwulang moral menika saged dipuntrepaken wonten ing sawanci-wanci wekdal lan panggenan.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih kanthi ngetrepaken wujudipun piwulang moral remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun wonten ing bebrayan, manungsa

menawi kagungan kabetahan ingkang gegayutan kaliyan tiyang sanesipun, tansah gampil pados pambiyantu. Sambet rapeting sipat remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun kangge pagesangan manungsa kaliyan manungsa menika saestu dipunbetahaken kangge sami-sami tetulung. Kanthi nggatosaken perkawis kalawau, wujud piwulang moral remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa. Gendhing *Cep Menenga* menika ngawrat piwulang moral remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun, katitik saking cakepan *kancaku dadi temanten tak sembahe* ingkang saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti dipunjumbuhaken kaliyan kawontenanipun tiyang sanes wonten ing *masyarakat*.

#### **6) Ampun Remen Melik Darbeke Tiyang Sanes**

Panaliten menika manggihaken wujudipun piwulang moral ampun remen melik darbeke tiyang sanes ingkang dipunbetahaken wonten ing gesang bebrayan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun remen melik darbeke tiyang sanes kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Welingku*. Cakepan gendhing ingkang ngawrat piwulang ampun remen melik darbeke tiyang sanes saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Luwih ala luwih ala melik darbeke liya* .(SW, 2012 : 46).

Analisis konteks ingkang saged dipunandharaken sasampunipun ningali cakepan gendhing wonten ing nginggil kados mekaten. Tumindak boten apik (*luwih ala*) menawi manungsa menika asring *melik* dhateng kahanan ingkang dados *darbeke liya*. *Darbeke liya* menika saged kawastanan melik rejeki kagunganipun tiyang menika. Cakepan utawi gendhing ing nginggil ngandharaken menawi manungsa gesang bebrayan wonten ing donya menika ampun gadhah sipat ingkang ala kadosta melik darbeke tiyang sanesipun.

Sipat melik darbeke liyan menika kedah dipuntilar wonten ing pagesangan. Manungsa wonten ing donya menika kedah narima dhateng rejeki ingkang dados kersaning Gusti. Ampun dados tiyang ingkang melik dhateng rejeki kagunganipun tiyang sanes. Wujud piwulang moral ampun melik dhumateng darbeke liyan menika kedah kawulangaken dening tiyang sepuh dhateng larenipun. Mliginipun dening tiyang sepuh ingkang kaparingan rejeki bandha donya ingkang langkung sekedhik menawi dipuntandingaken kaliyan tiyang sanesipun.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih wujud piwulang moral ampun remen melik darbeke liyan menika kabetahaken dening manungsa supados saged gesang bebrayan kanthi sae kaliyan tiyang sanesipun, sipat menika kalebetaken wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa. Gendhing *Welingku* ngawrat piwulang moral ampun remen melik darbeke tiyang sanes, katitik saking cakepan *luwih ala luwih ala melik darbeke liya*, ingkang saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi

pakerti jumbuh kaliyan kawontensanipun tiyang sanes wonten ing *masyarakat*.

### 7) Ampun Remen Mbeda-mbedake Mring Liyan

Panaliten menika manggihaken piwulang moral ingkang awujud ampun remen mbeda-mbedakaken kaliyan tiyang sanes. Wujudipun piwulang moral ampun remen mbeda-mbedakaken kaliyan tiyang sanes menika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Uri-uri*. Dene cakepan ingkang ngemut babagan wujud piwulang moral ampun remen mbeda-mbedakaken kaliyan tiyang sanes saged dipunpirsani kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Gedhe cilik padha methik* .(SW, 2012 : 92).

Menawi dipunandharaken cakepan gendhing wonten ing nginggil ngawrat babagan bilih manungsa *gedhe* lan *cilik* sami-sami *padha* kedah *methik* sesarengan, boten angsal mbeda-beda. Sedaya ingkang sampun usaha kanthi kiat wonten ing pagesanganipun bakal pikantuk bagian piyambak-piyambak. Dene minangka tiyang ingkang kedah sesrawungan kaliyan tiyang sanesipun kita boten angsal mbeda-mbeda asal-usulipun tiyang lan ageng alitipun tiyang. Amargi kita boten ngertos mbokmenawa sawanci-wanci betah pitulungan dhumateng sinten.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih wujudipun piwulang moral ampun mbeda-bedakake dhateng liyan menika kalebetaken wonten ing jinising piwulang moral ingkang ngengingi gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa. Amargi,

manungsa setunggal kaliyan sanesipun menika sejatosipun gadhah dasar ingkang sami, inggih menika minangka reriptaning Gusti. Gendhing *Uri-uri* ngawrat piwulang moral ampun remen mbeda-mbedakaken mring liyan, katitik saking cakepan *gedhe cilik padha methik*, satemah saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti dipunjumbuhaken kaliyan kawontenanipun tiyang sanes wonten ing *masyarakat*.

### **8) Ampun Remen Nlikung Liyan**

Panaliten menika manggihaken piwulang moral ingkang awujud ampun remen nlikung liyan. Wujudipun piwulang moral ampun remen nlikung liyan menika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Dhempo Talu Tameng*. Dene cakepan ingkang ngawrat babagan wujud piwulang moral ampun remen nlikung liyan saged dipunpirsani kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Nala jaya ditelikung* .(SW, 2012 : 101).

Cakepan gendhing/gendhing wonten ing nginggil menika ngandharaken bilih wonten kewan ingkang kasebat *Nala Jaya* ingkang wonten mriki saged mawi *gambaran* ngengingi manungsa ingkang saweg *ditelikung* dening manungsa sanesipun ngantos sesambat, kapanggihaken wonten ing cakepan salajengipun ingkang saged kapirsanan kadosta wonten ing ngandhap menika.

*ciyet ciyet ciyet Nala jaya dibebencet* .(SW, 2012 : 101).

Nlikung kanca ngantos nandang lelara menika kalebet tumindak ingkang boten sae wonten ing pagesangan tumrapipun kaliyan kanca.

Kekancan kedah kanthi resiking manah boten kenging dipunparingi wos ingkang sejatosipun nuju kangge nlikung. Sipat nlikung kanca kedah dipuntilar supados wonten ing pagesangan menika tiyang saged manggihaken kanca ingkang jati.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih manungsa wonten ing donya menika kedah nebihi sedaya ingkang saged ndadosaken crah dhumateng gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa(kancanipun). Pramila saking perkawis kalawau manungsa ampun remen nlikung dhateng rejeknipun tiyang sanes. Wujudipun piwulang moral ampun remen nlikung dhateng rejeknipun tiyang sanes menika kedah dipungatosaken wonten ing gesang bebrayan tumrapipun para manungsa kaliyan manungsa sanesipun. Kanthi ningali andharan wonten ing nginggil, ampun remen nlikung dhateng tiyang sanes menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutan kaliyan gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa. Gendhing *Dhempo Talu Tameng* menika ngawrat piwulang moral ampun remen nlikung liyan, katitik saking cakepan *nala jaya ditelikung*, satemah saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti jumbuh kaliyan kawontenanipun tiyang wonten ing *masyarakat*.

## 9) Rukun Karya

Panaliten menika manggihaken wujud piwulang moral rukun karya ingkang dipunbetahaken wonten ing gesang bebrayan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken

wigatinipun piwulang moral rukun karya kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Baris*. Cakepan gendhing ingkang ngawrat piwulang ampun remen rukun karya saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Ayo kanca kanca ndegeg padha maju baris manut aba-aba* .(SW, 2012 : 104).

Cakepan gendhing wonten ing nginggil ngandharaken bilih wonten salahsatunggalipun manungsa ingkang ngajak kancanipun kanthi aba-aba *ayo kanca-kanca*. Kanca-kanca wonten ing mriki menawi dipuntingali saking konteksipun saged kangge negesi kanca tani menapa saged ugi kawastan kanca tani, perkawis mekaten dipuntingali saking cakepan *baris*. Limrahipun *baris* menika asring dipuntindakaken dening para tentara, bocah sekolah lan para tani ingkang saweg nuju wonten ing pakaryan. Tembung salajengipun, *ndegeg padha maju* ngandharaken manungsa menika kedah ndegeg lan siap kangge ngadhepi pagesangan. Dene anggenipun nglampahi pagesangan wonten ing donya, manungsa kedah *manut aba-aba*. Wonten ing mriki tiyang ingkang badhe nglampahi gesang sesarengan kedah kagungan *pemimpin* ingkang dados pandom supados anggenipun nglampahi pagesangan menika katata lan boten gontok-gontokan.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih manungsa kedah kagungan sipat rukun karya supados boten gampil dipundamel crah dening manungsa sanesipun. Kempalan manungsa ingkang gadhah sipat regeng saged ndamel kempalanipun kiyat. Kempalan

manungsa ingkang kiyat saged ndadosaken daya pangaribawa ingkang ageng wonten ing pagesanganipun manungsa. Amargi wujudipun piwulang moral regeng menika wigati wonten ing pagesangan antawisipun gegayutanipun tiyang kaliyan tiyang sanesipun, piwulang moral menika kalebetaken wonten ing jinising piwulang moral ingkang ngawrat gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa. Gendhing *Baris* menika ngawrat piwulang moral rukun karya, katitik saking cakepan *ayo kanca kanca ndegeg padha maju baris manut aba-aba*, saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti dipunjumbuhaken kaliyan kawontenanipun tiyang sanes wonten ing *masyarakat*.

#### **10) Remen Peparang**

Panaliten menika manggihaken wujud piwulang moral remen peparang ingkang dipunbetahaken wonten ing gesang bebrayan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral remen peparang, kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Cah Ladak*. Cakepan gendhing ingkang ngawrat piwulang moral remen peparang saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Enak panganane dipangan karo kancane* .(SW, 2012 : 98).

*Analisis konteks* saking cakepan menika saged kaandharaken kados mekaten, wonten salahsatunggalipun tiyang ingkang pikantuk rejeki ingkang langkung kathah menawi dipuntandingaken kaliyan tiyang sanesipun, saged dipuntingali saking *enak panganane*. Wonten ing mriki *enak panganane*

nedahaken bilih wonten tiyang ingkang pikantuk dhaharan ingkang enak, ananging tiyang menika ngemut lan peparing dhateng kancanipun, saged dipuntingali saking *dipangan karo kancane*. Perkawis menika negesi bilih menawi gadhah rejeki menika boten namung dipun-dhahar piyambak ananging ngemut dhateng tiyang sanesipun.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih sambet rapeting remen peparing dening tiyang setunggal kaliyan tiyang sanesipun menika wigati wonten ing pagesangan menika. Kangge tiyang ingkang dipunparingi saged damel pitulungan pagesanganipun ingkang kekirangan. Lajeng, kangge tiyang ingkang remen peparing saged nuwuhaken sipat becik lintunipun, kadosta ikhlas. Dene ancasipun menawi kangge kekalihipun, antawisipun manungsa ingkang remen peparing kaliyan ingkang kaparingan peparing menika kaajab saged tuwuh pasedherekan ingkang raket. Wigatinipun piwulang moral remen peparing kangge pagesangan antawisipun para manungsa kaliyan manungsa njalari piwulang moral menika kalebet jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa. Gendhing *Cah Ladak* menika ngawrat piwulang moral remen peparing, katitik saking cakepan *enak panganane dipangan karo kancane*, saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti dipunjumbuhaken kaliyan kawontenanipun tiyang sanes wonten ing *masyarakat*.

### c. **Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak**

Manungsa wonten ing donya kajawi kedah nggatosaken lan nindakaken piwulang moral gegayutanipun kaliyan Gusti lan manungsa sanesipun, ugi ampun kesupen kaliyan moral dhirinipun piyambak. Panaliten ingkang ngengingi babagan piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan ingkang wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo menika manggihaken 19 wujudipun piwulang moral. Wujud-wujudipun piwulang moral menika saged kaandharaken kadosta wonten ing ngandhap menika.

#### 1) ***Disiplin***

Panaliten menika manggihaken wujud piwulang moral kangge *disiplin* dhumateng manungsa ingkang dipunbetahaken kangge damel trep pagesanganipun piyambak. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun *disiplin* kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Wayah Esuk*. Cakepan gendhing ingkang ngawrat piwulang moral *disiplin* saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Yen esuk keprungu suarane jago kluruk* .(SW, 2012 : 7).

Tiyang wonten ing donya menika kedah makarya kanthi tumemen supados gesangipun menika saged mulya, sasampunipun makarya manungsa betah sumene. Sumene menika tuladhanipun inggih menika sare. Sarenipun tiyang menika limrahipun wonten ing wanci dalu. Dene minangka titikan kangge makarya malih menika saged dipuntingali saking swantenipun jago.

Dados manungsa menika *yen esuk lajeng keprungu suarane jago kluruk* kedahipun enggal-enggal miwiti makarya malih. Tiyang ingkang enggal miwiti makarya trep kaliyan suwantenipun jago kluruk menika kalebet tiyang ingkang *disiplin*, amargi sampun nuhoni kaliyan wekdal.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih *disiplin* kedah dipungatosaken dening tiyang amargi saged damel gesangipun dados trep. Tiyang ingkang nggatosaken wujud piwulang moral *disiplin* menika saged dipundamel tuladha kaliyan tiyang sanesipun. Saking ningali bilih sipat disiplin menika wigati sanget dipungadhahi dening manungsa, piwulang moral babagan disiplin menika kedah dipunwulangaken dhateng lare. Dene cara anggenipun paring piwulang, kedahipun boten namung saking ngendikan, ananging ingkang paring piwulang kedah paring tuladha walaka kanthi ngetrepaken *disiplin* menika dhumateng dhirinipun piyambak. Sasampunipun ningali andharan ingkang wonten ing nginggil, saged dipunwastani bilih wujudipun piwulang moral *disiplin* menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutan kaliyan dhirinipun piyambak, amargi sambet rapeting *disiplin* kangge mindhakaken *kualitas* dhiri menika kathah sanget. Gendhing *Wayah Esuk* menika ngawrat piwulang moral *disiplin*, katitik saking cakepan *yen esuk keprungu suarane jago kluruk*, saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang sae kangge dhirinipun piyambak.

## 2) Kedah lila lan legawa

Panaliten menika manggihaken piwulang moral babagan rila lan legawa ingkang dipunbetahaken manungsa kangge damel sae dhateng pagesanganipun piyambak. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral rila lan legawa kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Gugur gunung*. Cakepan gendhing *gugur gunung* ingkang ngawrat piwulang moral lila lan legawa saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Rila lan legawa kangge mulyaning Negara* .(SW, 2012 : 9).

Cakepan gendhing wonten ing nginggil nedahaken tiyang gesang menika kedah *rila* (lila) *lan legawa*. Kanthi lila lan legawa menika dipunajib saged ndadosaken *mulyaning Negara*. Saking cakepan menika saged dipunwastani bilih mulyanipun Negara menika gumantung kaliyan tiyang ingkang rila lan legawa kangge nyambut damel mbangun Negara. Lila lan legawa menika kedah dipungadhahi dening sedaya manungsa, amargi kanthi sipat mekaten anggenipun makarya menika saged sengkut lan gumregut.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih lila lan legawa menika kedah dipungadhahi dening manungsa. Para tiyang sepuh kedah paring piwulang moral menika dhateng larenipun, amargi wujud piwulang moral menika dipunbetahaken sanget kangge dhirinipun manungsa piyambak. Sambet rapeting piwulang moral

menika kaliyan dhirinipun manungsa piyambak inggih menika kangge nuwuhaken sipat tansah paring syukur. Saking ningali andharan mekaten saged dipuntegesi bilih piwulang moral lila lan legawa menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral ngengingi babagan gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak. Gendhing *Rila lan legawa kangge mulyaning Negara* ngawrat piwulang moral lila lan legawa, katitik saking cakepan *Rila lan legawa kangge mulyaning Negara*, saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang sae kangge dhirinipun piyambak.

### 3) **Aja Adigang Adigung Adiguna**

Panaliten menika manggihaken tuladha wujud piwulang moral supados tebih saking adigang, adigung lan adiguna. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral aja adigang, adigung lan adiguna kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Cohung*. Cakepan gendhing *Cohung* ingkang ngawrat piwulang moral aja adigang adigung lan adiguna saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Anggepe kaya pangeran* .(SW, 2012 : 18).

Saking cakepan gendhing wonten ing nginggil, saged kawastanan bilih manungsa menika boten kepareng nganggep piyambakipun menika minangka *Pangeran*. Pangeran menawi wonten ing Jawi menika damel salahsatunggalipun asma kangge nyebat Gusti ingkang Maha Dumadi.

*Anggepe kaya pangeran* nedahaken bilih manungsa kedah emut bilih manungsa menika saderma namung reriptaning Gusti, dados boten saged gadhah sipat ingkang ngendelake kekiyatan, kaluhuran lan kapinteranipun.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih manungsa anggenipun nglampahi pagesangan ampun ngendelaken kekiyatan, kaluhuran lan kapinteranipun. Manungsa boten pikantuk ngendelaken sedaya perkawis kalawau, langkung-langkung menawi nganggep piyambakipun langkung ageng menawi dipuntandhingaken kaliyan Gusti. Manungsa menika namung saderma titik alit menawi wonten ing ngarsanipun Gusti. Manungsa kedah emut bilih Gusti menika ingkang ngripta dhateng piyambakipun. Sambet rapeting tumindak aja adigang adigung adiguna kaliyan ajinipun dhiri manungsa piyambak wonten ing masyarakat ndadosaken piwulang moral menika kalebetaken wonten ing jinising piwulang moral manungsa gegayutanipun kaliyan dhirinipun piyambak. Gendhing *Cohung* ngawrat piwulang moral aja adigang adigung adiguna, katitik saking cakepan *Anggepe kaya pangeran*, satemah saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang sae kangge dhirinipun piyambak.

#### **4) Sengkut Makarya**

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados sengkut anggenipun makarya. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sengkut makarya kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-

irahan *Ledhung-ledhung*. Cakepan gendhing *ledhung-ledhung* ingkang ngawrat piwulang moral sengkut makarya kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Wimbuh pinter nyambut gawe* .(SW, 2012 : 27).

Cakepan gendhing kanthi irah-irahan *Ledhung-ledhung* wonten ing nginggil negesi bilih wonten salahsatunggalipun manungsa ingkang gadhah kaprigelan. Perkawis mekaten saged dipuntingali saking *wimbuh pinter* wonten ing babagan *nyambut gawe*. *Wimbuh pinter* saged dipuntegesi sengkut. Dene *nyambut gawe* menika saged dipunwastani ngengingi babagan makarya ing pakaryan.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih wujud piwulang moral sengkut makarya menika wigati kangge mindhakaken nasib manungsa piyambak wonten ing pagesangan. Pramila kanthi andharan mekaten, saged dipunwastani bilih piwulang moral sengkut makarya menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral ingkang ngengingi babagan gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak. Gendhing *Ledhung-ledhung* menika ngawrat piwulang moral sengkut makarya, katitik saking cakepan *wimbuh pinter nyambut gawe*, saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang sae kangge dhirinipun piyambak.

##### **5) Sabar**

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa sabar anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing

dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sabar kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Paman Tani*. Cakepan gendhing *Paman Tani* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados sabar wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Srantekna den sabar yen udan tumurun* .(SW, 2012 : 28).

Cakepan wonten ing nginggil negesi tiyang menika kedah sranta utawi saranta lan sabar. Perkawis menika saged dipunpanggihaken wonten ing tembung *srantekna den sabar*. *Srantekna den sabar* menika negesaken wigatinipun sipat sabar. Tembung *srantekna* saking tembung sranta, ingkang ngemu teges sabar. *Srantekna* saged dipuntegesi bilih manungsa kedah sabar. Dene tembung salajengipun wonten ing cakepan gendhing, *den sabar* ingkang ngemu teges lan sabar. Kanthi ningali perkawis kalih kempalan tembung kalawau nedahaken bilih manungsa kedah sabar lan sabar. Pethilan ukara salaengipun *yen udan tumurun* ngemu teges menawi jawah tumurun. Menawi sedaya cakepan menika dipuntegesi saged kaandharaken bilih manungsa menika kedah sabar lan sabar menawi jawah tumurun. Jawah tumurun menika saged kangge ngandharaken dhateng sedaya babagan ingkang saged damel kuciwaning manungsa. Dados dudutanipun, cakepan wonten ing nginggil menika ngandharaken bilih manungsa wonten ing pagesanganipun kedah sabar dhateng sedaya kemawon ingkang boten jumbuh kaliyan ingkang dipunkarepaken.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih piwulang moral sabar menika wigati sanget lan kedah dipungadhahi dening manungsa. Kajawi saking mekaten sipat sabar saged damel manungsa nuwuhaken sipat ingkang sae sanesipun, kadosta sukur lan narima. Dene sipat sabar ugi saged nebihaken sipat-sipat ingkang ala, kadosta sipat gampil duka, melik, dengki lan srei. Kanthi ningali saking andharan kalawau saged dipuntegesi malih bilih sipat sabar menika saged ndadosaken manungsa langkung sae anggenipun nglampahi pagesangan menika. Sasampunipun nggatosaken perkawis mekaten, saged dipunwastani bilih piwulang moral sabar menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak. Gendhing *Paman Tani* ngawrat piwulang moral sabar, katitik saking cakepan *srantekna den sabar yen udan tumurun*, satemah, saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **6) Ampun Sembrana**

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa ampun sembrana anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun sembrana kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Ima-ima*. Cakepan gendhing *Ima-ima* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados ampun

sembrana wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Rujak pace jo sembrono* .(SW, 2012 : 31-32)

*Rujak pace* menika negesi kaliyan sedaya kemawon ingkang ndadosaken raosipun manungsa menika boten sekeca. Amargi pace menika salahsatunggalipun jinis woh-wohan ingkang raosipun boten sekeca, menapa malih menawi dipunrujak. Lajeng *jo sembrana* ngemu teges bilih manungsa menika anggenipun nglampahi pagesangan kedahipun saged nebihi sipat sembrana. Menawi kekalih teges menika kalawau dipungayutaken saged kaandharaken bilih sipat sembrana menika saged ndadosaken raosipun manungsa menika boten sekeca.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih sambet rapeting sipat sembrana kaliyan *kualitas* dhirinipun manungsa piyambak menika raket sanget. Satemah ndadosaken piwulang moral ampun sembrana menika kalebet jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak. Gendhing *Ima-ima* ngawrat piwulang moral ampun sembrana, katitik saking cakepan *rujak pace jo sembrono*, satemah saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

## 7) Satriya

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa saged satriya anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan

gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral satriya kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Kembang Jagung*. Cakepan gendhing *Kembang Jagung* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados satriya wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Iki lho dhadha satriya iki lho dhadha Janaka* .(SW, 2012 : 33-34)

Cakepan wonten ing nginggil negesi wonten satunggaling manungsa ingkang saweg nandang bebaya. Ananging manungsa menika kendel boten wedi kanthi ngendika *iki lho dhadha satriya*. *Iki lho dhadha satriya* menika ngemu teges bilih tiyang menika boten purun selak lan malah ngendelaken sipat satriyanipun, perkawis menika saged dipuntingali saking perangan ukara salajengipun *iki lho dhadha Janaka*. *Janaka* wonten ing pewayangan inggih menika panengahe pandhawa ingkang gadhah sipat satriya. Kanthi mekaten sampun cetha nedahaken bilih tiyang menika boten ajrih lan kendel ngadhepi bebaya ingkang wonten ing sangajengipun.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutan wigatinipun satriya kangge dhirinipun manungsa wekdal ngadhepi perkawis. Satemah ndadosaken wujud piwulang moral satriya menika kalebet jinising piwulang moral gegayutanipun kaliyan dhrinipun piyambak. Gendhing *Kembang Jagung* ngawrat piwulang moral satriya, katitik saking cakepan *iki lho dhadha satriya iki lho dhadha Janaka*, satemah saged dados

tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

### **8) Empan Papan**

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa saged empan papan anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sabar kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Anti-anti*. Cakepan gendhing *Anti-anti* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados empan papan wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Ora lali kelesedan turu njogan ngalih longan* .(SW, 2012 : 43)

Tiyang menika limrahipun betah sumene menawi sampun ngayahi jejibahan wonten ing pagesanganipun. Ananging kedah ngemut papan panggenanipun wonten pundi menawi badhe sumene, kadosta pethilan tembung *ora lali kelesedan*. *Ora lali kelesedan* menika nedahaken bilih tiyang menika ampun kesupen menawi badhe sumene. Pethilan ukara salajengipun *turu njogan ngalih longan* negesi bilih tiyang menika boten pikantuk tilem wonten ing njogan utawi *ruang tamu*, Ananging langkung sae bilih menawi badhe tilem menika wonten ing panggenanipun. Inggih menika wonten ing longan utawi *kamar* kangge tilem. Dudutanipun saking wosing cakepan gendhing ing nginggil tiyang menika kedah empan papan, mangertos menawi badhe tilem menika boten ing ruang tamu ananging kedah wonten ing kamar kangge sare.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih empan papan menika kedahipun dipungadhahi dening para manungsa. Empan papan kalebet wonten ing jinising piwulang moral manungsa gegayutanipun kaliyan dhirinipun piyambak. Gendhing *Anti-anti ngawrat piwulang moral ampun empan papan, katitik saking cakepan ora lali kelesedan turu njogan ngalih longan*, satemah saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### 9) Remen Reresik

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa remen reresik wonten ing pagesanganipun. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sabar kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Lebar Nyambut Gawe*. Cakepan gendhing *Lebar Nyambut Gawe* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados remen reresik wonten ing pagesanganipun saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Lebar nyambut gawe wis resik awake* .(SW, 2012 : 51)

*Lebar nyambut gawe* negesi bilih sampun dados limrahipun para manungsa menika sasampunipun makarya kedahipun *wis resik awake*. Tegese sasampunipun nyambut damel manungsa kedahipun boten kesed anggenipun reresik, ananging gage kemawon ngicali sedaya rereged ingkang wonten ing badanipun. Menawi boten gage dipunicali, sedaya rereged kalawau saged

damel badan menika dipunremeni dening lelara. Wusanipun tiyang ingkang boten remen resesik sasampunipun nyambut damel saged gerah. Perkawis mekaten boten saged kedadosan menawi manungsa menika remen resesik.

Andharan wonten ing nginggil negesaken malih wigatinipun remen resesik kangge dhirinipun manungsa piyambak. Piwulang moral kanthi wujud resesik kedahipun dipunwulangaken dhateng lare wiwit alit, amargi ngengingi bilih remen resesik menika saged kangge nyanggah penyakit ingkang saged damel lare gerah. Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih wujud piwulang moral remen resesik menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak. Gendhing *Lebar Nyambut Gawe* menika ngawrat piwulang moral ampun remen resesik, katitik saking cakepan *lebar nyambut gawe wis resik awake*, saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **10) Ampun Remen Tumindak Culika**

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa ampun remen tumindak culika. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun wujud piwulang moral ampun remen tumindak culika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Sepuran*. Cakepan gendhing *Sepuran* ingkang ngawrat piwulang moral kangge

manungsa supados ampun remen tumindak culika saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Sapa trima nggonceng konangan kondektur. Yen didhendha kenceng napa boten kojur.* (SW, 2012 : 55).

*Sapa trima nggonceng* negesi dhateng tiyang ingkang remen numpang. Salajengipun *konangan kondektur* negesi bilih menawi dipunpanggihaken dening kondektur. Kondektur inggih menika tiyang ingkang gadhah pedamelan nariki *karcis kangge nitih kendaraan umum*. Cakepan salajengipun ingkang arupi *yen didhenda kenceng* negesi bilih menawi dipundhendha kathah, *menapa boten kojur* saged dipunwastani menapa boten cubluk/*bangkrut*. Menawi dipunpendhet dudutanipun, wonten salahsatunggalipun tiyang culika ingkang *was-was*, amargi saweg nitih sepur ananging boten gadhah karcis, menawi tiyang menika kapanggihaken dening kondektur saged dipundhendha kathah dening kondektur.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih tiyang ingkang remen tumindak culika wusananipun *was-was* anggenipun nglampahi pagesangan. Amargi, sawanci-wanci menawi kapanggihaken saweg tumindak culika, tiyang menika kedah siap narima walesan tumidak ingkang sampun katindakaken. Gendhing *Sepuran* ngawrat piwulang moral ampun remen tumindak culika, katitik saking cakepan *sapa trima nggonceng konangan kondektur. Yen didhendha kenceng napa boten kojur*, satemah saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

### 11) Sapa Nandur Bakal Ngundhuh

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral sapa nandur bakal ngundhuh. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sapa nandur bakal ngundhuh kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Dolanan*. Cakepan gendhing *Dolanan* ingkang ngawrat piwulang moral sapa nandur bakal ngundhuh saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Aja ana kono bocah nakal dak kepruk tompo* .(SW, 2012 : 56)

*Aja ana kono bocah nakal* negesi bilih wonten bocah nakal ingkang manggen wonten ing panggenan ingkang lepat, dene bocah ingkang nakal menika bakal manggihaken asil tumundakipun kanthi dipunkepruk(*dakkepruk*) tompo. Perkawis menika saged dipunjumbuhaken kaliyan tiyang ingkang tumindak boten leres (nakal) wusanipun ngundhuh wohing tumindak ingkang sampun katindakaken.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih sambet rapeting tumundakipun manungsa kaliyan asil ingkang badhe dipunraosaken dhirinipun piyambak, ndadosaken sapa nandur bakal ngundhuh menika kalebet ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak. Gendhing *Dolanan* ngawrat piwulang moral sapa nandur bakal ngundhuh, katitik saking cakepan *aja ana kono bocah nakal dak kepruk tompo*, satemah saged dados tetimbangan

pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

## 12) Dados Tiyang Ampun Kesed

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa boten kesed anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun kesed kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Bocah Kesed*. Cakepan gendhing *Bocah Kesed* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados ampun kesed wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Bocah kesed ing sabarang gawe kanthi klelat klelet watake* .(SW, 2012 : 63).

Cakepan gendhing wonten ing nginggil nedahaken cirinipun *bocah kesed* ingkang salah setunggalipun menika wonten ing *sabarang menawi nyambut damel(gawe)* dipuntindakaken kanthi klelat-klelet. Klelat-klelet wonten ing mriki saged negesi dhateng tumindak anggenipun tandang makarya ingkang boten cepet lan leres.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih piwulang moral ingkang dipunpanggihaken wonten ing cakepan gendhing wonten ing nginggil inggih menika ampun kesed. Piwulang moral ampun kesed menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak, amargi ampun remen

kesed menika gadhah daya pangaribawa supados dhirinipun piyambak sengkut makarya. Gendhing *Bocah Kesed* ngawrat piwulang moral sapa nandur bakal ngundhuh, katitik saking cakepan *bocah kesed ing sabarang gawe kanthi klelat klelet watake*, satemah saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

### 13) Ampun Remen Duka

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral ampun remen duka anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun remen duka kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Macan Merah*. Cakepan gendhing *Macan Merah* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados ampun remen duka saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*E aja nesu* .(SW, 2012 : 64)

Pethilan cakepan wonten ing nginggil ngandharaken manungsa supados ampun remen duka wonten ing pagesanganipun, dipuntingali saking pethilan tembung *e aja nesu*. Aja nesu menawi dipundadosaken basa jawi ragam krama dados ampun duka.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih piwulang moral ampun remen duka menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak, amargi ingkang saged dados *kendali* duka, dhirinipun manungsa

piyambak. Gendhing *Macan Kerah* menika ngawrat piwulang moral ampun remen duka, katitik saking cakepan *E aja nesu*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### 14) Prasaja

Panaliten menika manggihaken tuladha prasaja anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral prasaja kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Cah Angon*. Cakepan gendhing *Cah Angon* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados prasaja wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Kathok sronthal-sranthil* .(SW, 2012 : 65).

Sanajan namung ngangge *kathok* ingkang *sronthal-sranthil*, Ananging cah angon tansah prigel tumandang gawe ngangon kewan. Cah angon saged dipundadosaken *analogi* dhateng tiyang ingkang gadhah bandha donya supados saged tansah ngemut wujud piwulang moral prasaja wonten ing padintenanipun.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih piwulang moral prasaja menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak, amargi prasaja menika kalebet wujud piwulang moral ingkang kedah *disadari* piyambak. Gendhing *Cah Angon* menika ngawrat piwulang moral prasaja,

katitik saking cakepan *kathok sronthal-sranthil*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

### **15) Bakti dhateng tiyang sepuh**

Panaliten menika manggihaken piwulang moral bakti dhateng tiyang sepuh. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral bakti dhateng tiyang sepuh kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Ledhung-ledhung*. Cakepan gendhing *Ledhung-ledhung* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados bakti dhateng tiyang sepuh saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Ayo melu aku bae atak ledhung-ledhung si bu lagi ngolahake kowe* .(SW, 2012 : 76).

Cakepan gendhing ing nginggil menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, nedahaken bilih wonten kakang/mbakyu ingkang paring pambiyantu dhumateng tiyang sepuhipun kanthi cara njagi adhinipun. Perkawis menika saged katingal saking *ayo melu aku bae* ingkang nedahaken ngajak dhateng adhinipun supados tumut lan boten ngganggu ibunipun ingkang saweg ngolahake dhaharan (*si bu lagi ngolahake kowe*).

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih piwulang moral bakti dhateng tiyang sepuh menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak, amargi bakti menika awujud pakurmatan ingkang

dipunsadari piyambak. Gendhing *Ledhung-ledhung* menika ngawrat piwulang moral bekti dhateng tiyang sepuh, katitik saking cakepan *ayo melu aku bae atak ledhung-ledhung si bu lagi ngolahake kowe*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **16) Ampun Remen Paring Patuladhan ingkang Awon**

Panaliten menika manggihaken piwulang moral supados manungsa ampun remen paring patuladhan ingkang awon wonten ing pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun wujud piwulang moral ampun remen paring patuladhan ingkang awon kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Buta Galak*. Cakepan gendhing *Buta Galak* ingkang ngawrat piwulang moral ampun remen paring patuladhan ingkang awon saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Lha wong kowe sing marah-marahi gawemu sok ngono* .(SW, 2012 : 83).

*Lha wong kowe sing marah-marahi* nedahaken bilih tumindak ingkang boten leres menika kaasilaken saking patuladhan ingkang awon. Gawemu sok ngono menawi dipuntingali saking konteksipun nggambaraken tumindak ingkang boten leres. Dene menawi dipundadosaken setunggal, saged dipunpangihaken bilih manungsa wonten ing pagesanganipun ampun paring patuladhan ingkang awon.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil saged kapundhut dudutanipun bilih piwulang moral ampun remen paring patuladhan ingkang

awon menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak, amargi dhirinipun piyambak ingkang kedah njagi tumindakipun. Gendhing *Buta Galak* menika ngawrat piwulang moral ampun remen paring patuladhan ingkang awon, katitik saking cakepan *lha wong kowe sing marah-marahi gawemu sok ngono*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

### **17) Ngajeni Panguwasa**

Panaliten menika manggihaken piwulang moral ngajeni panguwasa ingkang wonten ing pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ngajeni panguwasa ingkang wonten ing pagesangan kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Jaran Teji*. Cakepan gendhing *Jaran Teji* ingkang ngawrat piwulang moral ngajeni panguwasa ingkang wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Sing numpak ndara Bei sing ngiring para Mantri*. (SW, 2012 : 94)

Cakepan wonten ing nginggil nedahaken wonten *ndara bei* utawi panguwasa ingkang dipuniringi dening *para mantri*. Menawi dipuntingali saking konteksipun, kuwajibanipun rakyat menawi tepung panguwasa inggih menika ngormati lan nyambut medalipun panguwasa kanthi manah ingkang sae.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih piwulang moral ngajeni panguwasa menika kalebet wonten

ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak. Perkawis mekaten amargi ngajeni menika kedah dipundasari kanthi ikhlasing manah dhirinipun piyambak. Gendhing *Jaran Teji* menika ngawrat piwulang moral ngajeni panguwasa, katitik saking cakepan *sing numpak ndara Bei sing ngiring para Mantri*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

### **18) Kepemimpinan**

Panaliten menika manggihaken piwulang moral *kepemimpinan* ingkang wonten ing pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun wujud piwulang moral *kepemimpinan* dipunpanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Gundhul Pacul*. Cakepan gendhing *Gundhul Pacul* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados nuladhani wujud piwulang moral *kepemimpinan* saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Nyunggi-nyunggi wakul gemblelengan wakul jomplang segane dadi saklatar* .(SW, 2012 : 95)

Gatra cakepan saderengipun aswanten *Gundhul-gundhul*, *Gundhul* inggih menika mustaka. Wonten ing saklebeting mustaka wonten *polo, polo* menika tugasipun ngatur sedaya perangan badan lintunipun supados saged nglampahi tumindak. Dados, saged kawastanan bilih gundhul menika sami tugasipun kaliyan panguwasa ingkang ngatur masyarakat. *Nyunggi-nyunggi wakul*

negesi dhateng panguwasa ingkang dipunparingi kuwajiban ingkang awrat. Menawi panguwasa menika *gemblelengan* utawi sakpurunipun piyambak, *wakul saged jomplang*. *Wakul* nedahaken pamarentahipun. *Jomplang segane dadi saklatar* nedahaken bilih menawi panguwasa menika sakpurunipun piyambak anggenipun paring parentah, kahananipun masyarakat ugi ingkang bakal nemahi cilaka.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih wujud piwulang moral *kepemimpinan* menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak. Amargi, *kepemimpinan* menika dipundhasari saking manungsa nata dhirinipun piyambak rumiyin. Gendhing *Gundhul Pacul* menika ngawrat piwulang moral *kepemimpinan*, katitik saking cakepan *nyunggi-nyunggi wakul gemblelengan wakul jomplang segane dadi saklatar*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

### **19) Ampun Remen Umuk**

Panaliten menika manggihaken piwulang moral ampun remen umuk wonten ing pagesanganipun. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun wujud piwulang moral ampun remen umuk wonten ing pagesanganipun kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Jago Kate*. Cakepan gendhing *Jago Kate* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa

supados ampun remen umuk wonten ing pagesanganipun saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Jrabthal pelayune mari umuk mari ngece* .(SW, 2012 : 95-96)

Sasampunipun tiyang nglampahi tumindak *umuk* lan *ngece* sejatosipun kedah tanggel jawab dhateng sedaya tumindakipun kalawau. Ananging wonten ing nginggil tiyang ingkang remen umuk namung saged *mlayu*. Menawi dipuntingali saking konteksipun, tiyang ingkang remen umuk limrahipun kalebet wonten ing golongan tiyang ingkang boten gadhah sipat tanggel jawab dhateng tumindakipun, tiyang ingkang remen umuk badhe *mlayu* nilar tanggel jawabipun.

Sasampunipun ningali andharan wonten ing nginggil, saged kapundhut dudutanipun bilih piwulang moral ampun remen umuk menika kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak. Amargi ingkang mangertosi bilih wiwitan piyambakipun umuk menapa boten menika namung dhirinipun piyambak. Gendhing *Jago Kate* menika ngawrat piwulang moral *ampun remen umuk*, katitik saking cakepan *Jrabthal pelayune mari umuk mari ngece*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti ingkang leres kangge dhirinipun piyambak.

#### **d. Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Alam**

##### **1) Kedah Njagi Alam**

Panaliten menika manggihaken piwulang moral ngengingi babagan njagi alam donya menika. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku

anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral kedah njagi alam kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Kembang Mlathi*. Cakepan gendhing *Kembang Mlathi* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados kedah njagi alam pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Kembang mlathi yen sore disirami* .(SW, 2012 : 5).

Tetaneman kedahipun dipunrawat supados saged gesang kanthi sae. *Kembang Mlathi yen sore disirami* nedahaken bilih manungsa gadhah kuwajiban njagi tetaneman. Njagi tetaneman menika saged kanthi cara boten kesupen anggenipun nyirami. Tetaneman ingkang dipunsirami kanthi runtut saged paring *imbal balik* ingkang sae dhumateng manungsa. Tuladhanipun kadosta menawi kembang mlathi sregep dipunsirami, wusanipun saged tuwuh kanthi sae lan saged ngundhang para tawon supados dugi. Kewan Tawon menika menawi sampun pikantuk sarining kembang lajeng damel susah tawon. Saking susah tawon kalawau saged dipunpanen madu ingkang saged damel nambahi beya pagesanganipun manungsa. Menawi manungsa menika saged prigel anggenipun njagi alam, Gusti bakalipun ugi paring rejeki dhumateng manungsa kanthi wujud asiling alam.

Saking andharan kalawau saged dipunwastani bilih kedah njagi alam kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan alam. Gendhing *Kembang Mlathi* menika ngawrat piwulang moral kedah njagi alam, katitik saking cakepan *kembang mlathi yen sore disirami*.

Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti jumbuh kangge kaleresan alam.

## 2) Mundhut Asiling Alam Saprelune Mawon

Panaliten menika manggihaken piwulang moral supados manungsa mundhut asiling alam saprelune mawon. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral mundhut asiling alam saprelune mawon kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Kembang Jagung*. Cakepan gendhing *Kembang Jagung* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados mundhut asiling alam saprelune mawon saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Methik Kembang Soka dicaoske Kanjeng Rama* .(SW, 2012 : 49).

Cakepan wonten ing nginggil nedahaken wonten salah satunggaling tiyang ingkang *methik Kembang Soka* kangge *dicaoske* dhateng *Kanjeng Ramanipun*. Tiyang menika namung *methik kembang soka* ingkang gadhah khasiat kangge *Kanjeng Ramanipun* lan boten *methik kembang sanesipun*. Tiyang menika *methik kembang soka* amargi wonten ancasipun.

*Methik kembang* utawi mundhut asiling alam sanesipun kedahipun ningali ancasipun *methik kembang* menika kangge menapa saha kabetahanipun sepinten. Menawi mundhut asiling alam kanthi sakremenipun, saged ndadosaken manungsa menika kedah nampi cilaka awujud *bencana* alam. Ngengingi perkawis mundhut asiling alam saprelune mawon menika wigati sanget kangge manungsa kaliyan alam ndadosaken perkawis menika

kalebet wonten ing jinising piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan alam. Gendhing *Kembang Jagung* menika ngawrat piwulang moral *mundhut asiling alam saprelune mawon*, katitik saking cakepan *methik Kembang Soka dicaoske Kanjeng Rama*. Perkawis menika saged dados tetimbangan pamireng anggenipun tumindak kanthi akhlak saha budi pakerti jumbuh kangge kaleresan alam.

### **3. Cara Ngandharaken Piwulang Moral**

#### **a. Walaka**

##### **1) Bekti dhumateng Gusti**

Panaliten menika manggihaken wujud piwulang moral bekti dhumateng Gusti wonten ing gendhing kanthi irah-irahan *Cep Menenga*. Data ingkang kapanggihaken saking cakepan gendhing saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

*Padha mujiya kalis sakehing godha* .(SW, 2012 : 2-3).

Cara anggenipun ngandharaken piwulang moral ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka. Amargi piwulang bekti dhumateng Gusti sinerat walaka wonten ing cakepan menawi dipungancaraken dados *padha (sami) mujiya (dhumateng Gusti supaya) kalis sakehing godha*. Manungsa kedah muji(salah satunggalipun cara ngabekti dhumateng Gusti) dhumateng Gusti.

Dados dudutanipun inggih menika, cara anggenipun ngandharaken piwulang moral ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka. Perkawis mekaten saged katitikan saking cakepan gendhing dolanan ingkang

ngandharaken piwulang moral bekti dhumateng Gusti menika kanthi cara terang-terangan, satemah damel gampang anggenipun saged mangertos menapa piwulang moralipun.

## 2) Pakurmatan Dhateng Tiyang Sanesipun

Panaliten menika manggihaken wujudipun piwulang moral dhateng tiyang sanesipun wonten ing cakepan gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Ana Tamu*. Andharan babagan piwulang moral wonten ing cakepan gendhing *Ana Tamu* saged dipunpirsani kados wonten ing ngandhap menika.

*Mangga lenggah rumiyin* .(SW, 2012: 4).

Seratan cakepan *mangga lenggah rumiyin* menika kalebet salah satunggalipun kuwajiban dhateng tamu ingkang saweg sowan wonten ing dalemipun. Dados saged kanthi walaka dipunpundhut wosipun bilih ingkang kagungan dalem menika ngayahi kuwajiban ngormati dhateng tamunipun.

Dudutanipun, cara anggenipun ngandharaken piwulang moral ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka. Perkawis mekaten saged katitikan saking cakepan gendhing dolanan ingkang ngandharaken piwulang moral pakurmatan marang tiyang sanesipun menika kanthi cara terang-terangan, satemah damel gampang anggenipun saged mangertos menapa piwulang moralipun.

## 3) Tulung-Tinulung

Piwulang moral kanthi wujud tulung tinulung kapanggihaken wonten ing panaliten babagan piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan ingkang wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri

Widodo menika. Wujuding piwulang moral tulung tinulung menika dipunpanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Gugur Gunung*. Gugur gunung menika ngemu Cakepan *gendhing* ingkang andharanipun saged dipunpirsani kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Sayuk-sayuk rukun bebarengan ro kancane* .(SW, 2012 : 9)

Saking cakepan ing nginggil sinerat *bebarengan ro kancane, bebarengan* menika nedahaken bilih manungsa kedah tulung-tinulung kaliyan tiyang sanesipun anggenipun nglampahi pagesangan wonten ing donya menika.

Dudutanipun, cara anggenipun ngandharaken piwulang moral ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka. Perkawis mekaten saged katitikan saking cakepan gendhing dolanan ingkang ngandharaken piwulang moral tulung-tinulung menika kanthi cara terang-terangan, satemah damel gampil anggenipun saged mangertos menapa piwulang moralipun.

#### **4) Ndherek Nandang Raosipun Tiyang Sanes**

Perkawis babagan piwulang moral ingkang ngengingi babagan ndherek nandang raosipun tiyang sanes kapanggihaken wonten ing panaliten menika. Data ngengingi Cakepan gendhing ingkang ngawrat babagan piwulang moral ndherek nandang raosipun tiyang sanes saged dipunpirsani wonten ing gendhing dolanan ingkang gadhah irah-irahan *Cublak-cublak Suweng*. Andharan data cakepan gendhing ingkang ngawrat babagan piwulang moral ndherek nandang raosipun tiyang sanes saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Yen mati melu kelangan* .(SW, 2012 : 20-22)

Cakepan wonten ing nginggil nedahaken bilih menawi wonten manungsa ingkang tilar donya saged dipunpirsani saking *yen mati* kedahipun ndherek nandang raos kicalan saged dipunpirsani saking *melu kelangan*. Anggenipun ngandharaken ndherek nandang raosipun tiyang sanes saged dipunpirsani kanthi cetha amargi sinerat walaka wonten ing cakepan gendhingipun.

Dudutanipun, cara anggenipun ngandharaken piwulang moral ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka. Perkawis mekaten saged katitikan saking cakepan gendhing dolanan ingkang ngandharaken piwulang moral ndherek nandang raosipun tiyang sanes menika kanthi cara terang-terangan, satemah damel gampil anggenipun saged mangertos menapa piwulang moralipun.

##### **5) Ampun Remen Melik Darbeke Tiyang Sanes**

Panaliten menika manggihaken wujudipun piwulang moral ampun remen melik darbeke tiyang sanes ingkang dipunbetahaken wonten ing gesang bebrayan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun remen melik darbeke tiyang sanes kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Welingku*. Cakepan gendhing ingkang ngawrat piwulang ampun remen melik darbeke tiyang sanes saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Luwih ala luwih ala melik darbeke liya* .(SW, 2012 : 46).

Manungsa menika saged kawastanan langkung kirang sae (saged dipuntingali saking *luwih ala*) menawi melik kaliyan kagunganipun tiyang

sanes (saged dipunpanggihaken saking *melik darbeke liya*). Piwulang ampun remen melik darbeke liyan sinerat kanthi *tersurat* wonten ing cakepan gendhing ing nginggil, dados saged dipunwastani bilih anggenipun ngandharaken piwulang moral gendhing ing nginggil kanthi cara walaka.

Dudutanipun, cara anggenipun ngandharaken piwulang moral ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka. Perkawis mekaten saged katitikan saking cakepan gendhing dolanan ingkang ngandharaken piwulang moral ampun remen melik darbeke tiyang sanes menika kanthi cara terang-terangan, satemah damel gampil anggenipun saged mangertos menapa piwulang moralipun.

#### **6) Ampun Remen Mbeda-Mbedake Mring Liyan**

Wonten ing Panaliten menika kapanggihaken piwulang moral ingkang awujud ampun remen mbeda-mbedakaken kaliyan tiyang sanes. Wujudipun piwulang moral ampun remen mbeda-mbedakaken kaliyan tiyang sanes menika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Uri-uri*. Dene cakepan ingkang ngemut babagan wujud piwulang moral ampun remen mbeda-mbedakaken kaliyan tiyang sanes saged dipunpirsani kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Gedhe cilik padha methik* .(SW, 2012 : 92)

Cakepan gendhing wonten ing nginggil ngemu babagan bilih manungsa *gedhe lan cilik sami-sami padha methik* “asilipun” sesarengan, boten angsal mbeda-beda. Methik asilipun wonten ing mriki menika methik asilipun anggenipun nanem. Asilipun nanem menika saged dipuntingali saking

cakepan gendhing saderengipun, *suruh secandhik*, perkawis *suruh secandik* nedahaken bilih menika awujud asiling tetaneman saking alam. Sedaya ingkang sampun ngupaya wonten ing pagesanganipun pikantuk *hak* kangge methik asilipun.

Dudutanipun, cara anggenipun ngandharaken piwulang moral ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka. Perkawis mekaten saged katitikan saking cakepan gendhing dolanan ingkang ngandharaken piwulang moral ampun remen mbeda-mbedakake mring liyan menika kanthi cara terang-terangan, satemah damel gampil anggenipun saged mangertos menapa piwulang moralipun.

#### **7) Kedah Lila Lan Legawa**

Panaliten menika manggihaken piwulang moral babagan rila lan legawa ingkang dipunbetahaken manungsa kangge damel sae dhateng pagesanganipun piyambak. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral rila lan legawa kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Gugur gunung*. Cakepan gendhing *gugur gunung* ingkang ngawrat piwulang moral lila lan legawa saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Rila lan legawa kangge mulyaning Negara* .(SW, 2012 : 9).

Piwulang rila lan legawa menika saged kanthi walaka dipunpanggihaken wonten ing saklebeting cakepan gendhing, *rila(lila) lan legawa*. Lila an

legawa menika tumindak *kangge mulyaning Negara*. Dados, saged dipunandharaken bilih piwulang rila lan legawa menika salah satunggalipun kangge ndamel mulyanipun Nagari.

Dudutanipun, cara anggenipun ngandharaken piwulang moral ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka amargi piwulang moralipun saged kanthi walaka dipunpanggihaken wonten ing cakepan gendhing. Perkawis mekaten saged katitikan saking cakepan gendhing dolanan ingkang ngandharaken piwulang moral kedah lila lan legawa menika kanthi cara terang-terangan, satemah damel gampil anggenipun saged mangertos piwulang moralipun.

#### **8) Sengkut Makarya**

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados sengkut anggenipun makarya. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sengkut makarya kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Ledhung-ledhung*. Cakepan gendhing *ledhung-ledhung* ingkang ngawrat piwulang moral sengkut makarya kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Wimbuh pinter nyambut gawe* .(SW, 2012 : 27).

Piwulang moral sengkut makarya menika saged dipunpanggihaken walaka wonten ing saklebeting cakepan gendhing, *pinter* anggenipun *nyambut gawe*. Pinter wonten ing mriki menawi dipuntingali saking *konteks* menika saged dipuntegesi kanthi sengkut anggenipun *nyambut gawe* utawi makarya.

Dudutanipun, cara anggenipun ngandharaken piwulang moral ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka. Perkawis mekaten saged katitikan saking cakepan gendhing dolanan ingkang ngandharaken piwulang moral sengkut makarya menika kanthi cara terang-terangan, satemah damel gampil anggenipun saged mangertos menapa piwulang moralipun.

### 9) Ampun Sembrana

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa ampun sembrana anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun sembrana kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Ima-ima*. Cakepan gendhing *Ima-ima* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados ampun sembrana wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Rujak pace jo sembrono* .(SW, 2012 :31-32)

Piwulang moral supados ampun sembrana anggenipun nglampahi pagesangan menika saged kapanggihaken wonten ing cakepan gendhing amargi sampun *tersurat*. *Jo sembrono* menika nedahaken bilih manungsa menika aja utawi ampun sembrana anggenipun ngayahi pagesangan.

Dudutanipun, cara anggenipun ngandharaken piwulang moral ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka. Perkawis mekaten saged katitikan saking cakepan gendhing dolanan ingkang ngandharaken piwulang

moral ampun sembrana menika kanthi cara terang-terangan, satemah damel gampil anggenipun saged mangertos menapa piwulang moralipun.

#### **10) Satriya**

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa saged satriya anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral satriya kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Kembang Jagung*. Cakepan gendhing *Kembang Jagung* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados satriya wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Iki lho dhadha satriya iki lho dhadha Janaka* .(SW, 2012 : 33-34).

Piwulang moral satriya saged dipunpanggihaken wonten ing cakepan gendhing kanthi walaka amargi sampun *tersurat*. Iki lho dhadha satriya ingkang dipunlajengaken iki lho dhadha Janaka. Janaka inggih menika *tokoh* wayang ingkang kalebet salahsatunggalipun pandhawa. Janaka misuwur mawi *tokoh* ingkang gadhah sipat satriya. Menawi dipuntingali saking andharan ing nginggil, piwulang moral babagan satriya menika kedah ningali dhateng sipat-sipating Janaka. Piwulang moral menika saged dipunpanggihaken wonten ing saklebeting cakepan gendhing kanthi cara walaka.

Dudutanipun, cara anggenipun ngandharaken piwulang moral ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka. Perkawis mekaten saged katitikan saking cakepan gendhing dolanan ingkang ngandharaken piwulang

moral satriya menika kanthi cara terang-terangan, satemah damel gampil anggenipun saged mangertos menapa piwulang moralipun.

### **11) Remen Reresik**

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa remen reresik wonten ing pagesanganipun. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sabar kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Lebar Nyambut Gawe*. Cakepan gendhing *Lebar Nyambut Gawe* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados remen reresik wonten ing pagesanganipun saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Lebar nyambut gawe wis resik awake* .(SW, 2012 : 51)

Tiyang ingkang bibar nyambut damel menika gadhah kuwajiban kangge reresik badanipun supados kalis saking mala. Dene wonten ing cakepan gendhing wonten ing nginggil, saged kapanggihaken kanthi walaka lan *tersurat*, bilih sasampunipun nyambut damel sampun resik awake. Sampun resik menika nedahaken tiyang menika reresik sabibaripun nyambut damel.

Dudutanipun, cara anggenipun ngandharaken piwulang moral ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka. Perkawis mekaten saged katitikan saking cakepan gendhing dolanan ingkang ngandharaken piwulang moral remen reresik menika kanthi cara terang-terangan, satemah damel gampil anggenipun saged mangertos menapa piwulang moralipun.

## 12) Dados Tiyang Ampun Kesed

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa boten kesed anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun kesed kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Bocah Kesed*. Cakepan gendhing *Bocah Kesed* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados ampun kesed wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Bocah kesed ing sabarang gawe kanthi klelat klelet watake* .(SW, 2012 : 63)

Cakepan gendhing wonten ing nginggil nedahaken bilih tiyang ingkang kesed menika anggenipun nyambut damel tansah klelat-klelet, boten wonten gregetipun. Piwulang moral dados tiyang menika ampun kesed anggenipun ngayahi pagesangan saged dipuntingali kanthi walaka amargi sampun tersurat wonten ing cakepan gendhing wonten ing nginggil.

Dudutanipun, cara anggenipun ngandharaken piwulang moral ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka. Perkawis mekaten saged katitikan saking cakepan gendhing dolanan ingkang ngandharaken piwulang moral dados tiyang ampun kesed menika kanthi cara terang-terangan, satemah damel gampil anggenipun saged mangertos menapa piwulang moralipun.

### 13) Ampun Remen Umuk

Panaliten menika manggihaken piwulang moral ampun remen umuk wonten ing pagesanganipun. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun remen umuk wonten ing pagesanganipun kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Jago Kate*. Cakepan gendhing *Jago Kate* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados ampun remen umuk wonten ing pagesanganipun saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Jrabthal pelayune mari umuk mari ngece* (SW, 2012 : 95-96).

Tiyang ingkang remen *umuk* sasampunipun kabikak wadinipun banjur *mlayu* boten tanggeljawab kaliyan sedaya tumindakipun. Perkawis menika saged katingal kanthi walaka lan *tersurat* wonten ing cakepan gendhing menika.

Dudutanipun, cara anggenipun ngandharaken piwulang moral ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka. Perkawis mekaten saged katitikan saking cakepan gendhing dolanan ingkang ngandharaken piwulang moral ampun remen menika kanthi cara terang-terangan, satemah damel gampil anggenipun saged mangertos menapa piwulang moralipun.

### 14) Kedah Njagi Alam

Panaliten menika manggihaken piwulang moral ngengingi babagan njagi alam donya menika. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral

kedah njagi alam kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Kembang Mlathi*. Cakepan gendhing *Kembang Mlathi* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados kedah njagi alam pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Kembang mlathi yen sore disirami* .(SW, 2012 : 5).

Menawi dipuntingali saking konteks data negesaken bilih wonten ing cakepan gendhing menika ngawrat kanthi *tersurat* piwulang moral bilih tiyang menika kedah nyirami kembang supados saged ndadosaken tentremipun manah. Perkawis menika kabiyantu saking cakepan gendhing gatra saderengipun, *gonda wangi agawe ayeming ati*. Dados menawi kembang mlathi menika dipunjagi kanthi dipunsirami saged ndamel manah tentrem amargi alamipun(mlathi) menika ketawis asri.

Dudutanipun, cara anggenipun ngandharaken piwulang moral kedah njagi alam wonten ing nginggil menika kanthi ngginakaken cara walaka. Perkawis mekaten saged katitikan saking cakepan gendhing dolanan ingkang ngandharaken piwulang moral kedah njagi alam menika kanthi cara terang-terangan (*tersurat* walaka), satemah ndadosaken gampil anggenipun saged mangertos piwulang moralipun.

## **b. Sinamun**

### **1) Narima kersaning Gusti**

Cakepan gendhing ingkang ngandharaken babagan wujudipun piwulang moral narima kersaning Gusti kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan

kanthi irah-irahan *Bung-bung Legi*. Data panaliten ingkang kapanggihaken kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Kang kuwasa anjurungi mbabar miyos kakung tibane miyos putri.* (SW, 2012 : 14-15).

Data wonten ing nginggil boten saged kanthi walaka dipunpanggihaken piwulang moralipun. Ananging kedah dipunpadosi piyambak amargi piwulang moralipun *tersirat* wonten ing cakepan gendhing. Tembung *Kang Kuwasa* (ngengingi bayi) saged dipunwastani *ahli kandungan*, dukun bayi, *dokter bayi* lan sakpanunggalanipun. Tembung salajengipun inggih menika *anjurungi*, wonten ing mriki anjurungi tegesipun inggih menika ingkang *mendukung* utawi maringi gambaran/*prediksi* babagan miyosing bayi(lare). Miyosing lare menika saged dipuntingali saking tembung *miyos(lare) kakung*. Dene ing tembe wuri ingkang miyos dede lare jaler/kakung ananging estri/putri, saged kapanggihaken wonten ing wasana gatra ingkang katingal saking tembung *tibane miyos putri*. Kanthi andharan wonten ing nginggil, saged kaandharaken bilih sanajan para *ahli bayi* sampun paring *prediksi* bilih lare ingkang badhe miyos menika putra, ananging Gusti paring kersa bilih ingkang paling sae menika miyos lare putri. Minangka manungsa mliginipun tiyang sepuh, kedah saged narima perkawis ingkang dados kersaning Gusti kados kalawau.

Dudutanipun, piwulang moral narima kersaning Gusti wonten ing gendhing *Bung-bung Legi* menika caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun utawi *tersirat*. Pamaos utawi pamireng menika kedah madosi

piyambak piwulang moral narima kersaning Gusti wonten ing cakepan gendhing kalawau.

## 2) Sampun Ngantos Nyakiti Tiyang Sanes

Panaliten menika manggihaken piwulang moral sampun ngantos nyakiti tiyang sanes. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sampun ngantos nyakiti tiyang sanes menika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Jambu Dersana*. Piwulang moral sampun ngantos nyakiti tiyang sanes wonten ing gendhing dolanan *Jambu Dersana* menika saged kaandharaken kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Jambu-jambu dresana dresanane mbok eloke.* (SW, 2012 : 39).

Cakepan gendhing wonten ing nginggil boten kanthi walaka ngandharaken piwulang moral wonten ing cakepan perangan tembungipun. Ananging menawi dipunpadosi teges ingkang *tersirat*, cakepan ing nginggil ngandharaken bilih manungsa wonten ing ndonya menika boten pareng remen alok dhateng liyan. Perkawis mekaten dipunandharaken saking cakepan *jambu-jambu dresana* ingkang mawi salah satungaling jinising jambu, wonten ing mriki jambu menika kangge negesi dhateng salahsatunggalipun tiyang. Cakepan salajegipun nedahaken bilih *dresanane mbok eloke*, jambu dresana inggih menika salahsatunggalipun jinis jambu ingkang gadhah warni kulit ingkang langkung cemeng(*gelap*) menawi dipuntandingaken kaliyan jambu sanesipun. Wonten ing gendhing menika jambu menika ingkang dipunalokaken inggih babagan dresananipun, dresana wonten ing mriki saged

dipuntegesi minangka manungsa ingkang gadhah *ciri* kulit arupi warna cemeng ingkang sejatosipun sami-sami kaliyan kulit sanesipun ananging wernipun beda kaliyan tiyang limrah, satemah wusanipun dados *bahan* alokan dening tiyang sanesipun.

Dudutanipun, piwulang moral *sampun ngantos nyakiti tiyang sanes* wonten ing gendhing *Jambu Dresana* ing nginggil caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun utawi *tersirat*. Pamaos utawi pamireng kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

### **3) Remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun**

Panaliten menika manggihaken menapa ingkang negesi piwulang moral remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun wigati sanget dipunbetahaken wonten ing gesang bebrayan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun menika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Cengkir Legi*. Dene cakepan gendhingipun saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Kancaku dadi temanten tak sembahe.* (SW, 2012 : 45).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi walaka wonten ing perangan cakepan. Ananging menawi dipunpadosi teges ingkang *tersirat* saged kapanggihaken andharan kados mekaten. Wonten salah satunggaling tiyang(wonten ing gendhing) ngormati kaliyan *kancaku* (wonten ing mriki konteksipun *kancanipun tiyang menika*) kanthi nyembah. Wonten

ing mriki nyembah menika boten pareng dipunandharaken kanthi *walaka* ananging sembah menika menawi diputingali saking *konteks* cakepan gendhing saged kawastanan bilih awujud ngraos syukur lan badhe paring pambiyantu dhumateng kancanipun.

Dudutanipun, piwulang moral remen paring pambiyantu dhateng tiyang sanesipun wonten ing gendhing *Cengkir Legi* menika caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng menika kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

#### **4) Ampun remen nlikung liyan**

Panaliten menika manggihaken piwulang moral ingkang awujud ampun remen nlikung liyan. Wujudipun piwulang moral ampun remen nlikung liyan menika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Dhempo Talu Tameng*. Dene cakepan ingkang ngawrat babagan wujud piwulang moral ampun remen nlikung liyan saged dipunpirsani kadosta wonten ing ngandhap menika.

*Nala jaya ditelikung* . (SW, 2012 : 101).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi *walaka* wonten ing perangan cakepan. Ananging menawi dipunpadosi teges ingkang tersirat saged kapanggihaken andharan kados mekaten. Cakepan gendhing/gendhing wonten ing nginggil menika ngandharaken bilih wonten sato kewan ingkang kasebat *Nala Jaya* ingkang wonten mriki saged mawi gambaran ngengingi manungsa ingkang saweg *ditelikung* dening manungsa

sanesipun satemah njerit-jerit, kapanggihaken wonten ing cakepan salajengipun ingkang saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*ciyet ciyet ciyet Nala jaya dibebencet.* (SW, 2012 : 101)

Nlikung kanca ngantos nandang lelara menika kalebet tumindak ingkang boten sae wonten ing pagesangan tumrapipun kaliyan kanca.

Dudutanipun, piwulang moral ampun remen nlikung liyan wonten ing gendhing *Dhempo Talu* menika caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng menika kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

##### **5) Rukun Karya**

Panaliten menika manggihaken wujud piwulang moral rukun karya ingkang dipunbetahaken wonten ing gesang bebrayan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral rukun karya kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Baris*. Cakepan gendhing ingkang ngawrat piwulang ampun remen rukun karya saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Ayo kanca kanca ndegeg padha maju baris manut aba-aba.* (SW, 2012 : 104).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi *walaka* wonten ing perangan cakepan. Ananging menawi dipunpadosi teges ingkang *tersirat* saged kapanggihaken andharan kados mekaten. Cakepan gendhing wonten ing nginggil ngandharaken bilih wonten salahsatunggalipun

manungsa ingkang ajak-ajak kancanipun kanthi aba-aba *ayo kanca-kanca*. Kanca-kanca wonten ing mriki saged kanca tentara menapa saged ugi kawastan kanca tani, perkawis mekaten dipuntingali saking cakepan *baris*. Limrahipun *baris* menika asring dipuntindakaken dening para tentara, bocah sekolah lan para tani ingkang saweg nuju wonten ing pakaryan. Cakepan salajengipun ingkang aswara *ndegeg padha maju* ngandharaken bilih manungsa menika kedah ndegeg lan siap kangge ngadhepi pagesangan. Dene anggenipun nglampahi pagesangan wonten ing donya, manungsa kedah *manut aba-aba*. Wonten ing mriki tiyang ingkang badhe nglampahi gesang sesarengan kedah kagungan *pemimpin* ingkang dados pandom supados anggenipun nglampahi pagesangan menika katata.

Dudutanipun, piwulang moral rukun karya wonten ing gendhing *Baris* menika caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng menika kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

#### **6) Remen peparing**

Panaliten menika manggihaken wujud piwulang moral remen peparing ingkang dipunbetahaken wonten ing gesang bebrayan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral remen peparing, kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Cah Ladak*. Cakepan gendhing ingkang ngawrat piwulang moral remen peparing saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Enak panganane dipangan karo kancane* . (SW, 2012 : 98).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi *walaka* wonten ing perangan cakepanipun. Ananging menawi dipunpadosi teges ingkang *tersirat* saged kapanggihaken andharan kados mekaten. *Wonten* salahsatunggalipun tiyang ingkang pikantuk rejeki ingkang langkung kathah menawi dipuntandingaken kaliyan tiyang sanesipun, saged dipuntingali saking *enak panganane*. Wonten ing mriki *enak panganane* nedahaken bilih wonten salahsatunggalipun tiyang ingkang pikantuk dhaharan ingkang enak, ananging tiyang menika ngemut lan peparing dhateng kancanipun, saged dipuntingali saking *dipangan karo kancane*. Perkawis menika negesi bilih menawi gadhah rejeki menika boten namung dipun-dhahar piyambak ananging kedah ngengingi dhateng tiyang sanesipun.

Dudutanipun, piwulang moral *remen peparing* wonten ing gendhing *Cah Ladak* menika caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

### 7) *Disiplin*

Panaliten menika manggihaken wujud piwulang moral *disiplin* ingkang dipunbetahaken kangge damel trep pagesanganipun piyambak. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun *disiplin* kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Wayah Esuk*. Cakepan gendhing ingkang ngawrat piwulang moral *disiplin* saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Yen esuk keprungu suarane jago kluruk.* (SW, 2012 : 7).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi walaka wonten ing perangan cakepanipun. Ananging menawi dipunpadosi teges ingkang tersirat saged kapanggihaken andharan kados mekaten. Tiyang wonten ing pagesangan menika kedah ngupaya kanthi saestu supados gesangipun menika saged mulya, dene sasampunipun makarya manungsa betah sumene, kadosta sare. Sarenipun tiyang menika limrahipun wonten ing wanci dalu. Dene minangka titikan kangge makarya malih, saged dipuntingali saking swantenipun jago. Dados manungsa menika *yen esuk lajeng keprungu suarane jago kluruk* kedahipun enggal-enggal miwiti makarya. Tiyang ingkang enggal miwiti makarya malih kanthi trep kaliyan suwantenipun jago kluruk menika kalebet tiyang ingkang *disiplin*, amargi sampun nuhoni kaliyan wekdal.

Dudutanipun, piwulang moral *disiplin* wonten ing gendhing *Wayah Esuk* menika caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng menika kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

#### **8) Aja adigang adigung adiguna**

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados tebih saking adigang, adigung lan adiguna. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral aja adigang, adigung lan adiguna kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Cohung*. Cakepan gendhing *Cohung* ingkang

ngawrat piwulang moral aja adigang adigung lan adiguna saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Anggepe kaya pangeran.* (SW, 2012 : 18).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi walaka wonten ing perangan cakepan. Ananging menawi dipunpadosi teges ingkang *tersirat* saged kapanggihaken andharan kados mekaten. Saking cakepan gendhing wonten ing nginggil, saged dipungatosaken bilih manungsa menika boten kepareng nganggep piyambakipun menika minangka *Pangeran*. Pangeran menawi wonten ing Jawi menika salahsatunggalipun asma Gusti ingkang Maha Dumadi. *Anggepe kaya pangeran* nedahaken manungsa kedah emut bilih saderma namung riptaning Gusti, dados boten pikantuk ngandelake kekiyatan, kaluhuran lan kapinteranipun ingkang winates.

Dudutanipun, piwulang moral *Aja Adigang adigung adiguna* wonten ing gendhing *Cohung* menika caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

## **9) Sabar**

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa saged sabar anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebetipun buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sabar kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Paman Tani*. Cakepan gendhing *Paman Tani*

ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados sabar wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Srantekna den sabar yen udan tumurun.* (SW, 2012 : 28).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi walaka wonten ing perangan cakepan. Ananging menawi dipunpadosi teges ingkang *tersirat* saged kapanggihaken andharan kados mekaten. Cakepan wonten ing nginggil negesi tiyang menika kedah sranta utawi saranta lan sabar. Perkawis menika saged dipunpanggihaken wonten ing tembung *srantekna den sabar*. *Srantekna den sabar* menika negesaken wigatinipun sabar. Tembung *srantekna* saking tembung sranta ingkang ngemu teges sabar. *Srantekna* saged dipuntegesi bilih manungsa kedah sabar. Dene tembung salajengipun wonten ing cakepan gendhing, *den sabar* ingkang ngemu teges lan sabar. Kanthi ningali kalih kempalan tembung kalawau, saged dipunwastani bilih manungsa kedah sabar lan sabar. Pethilan ukara salaengipun *yen udan tumurun* ngemu teges menawi jawah tumurun. Menawi sedaya cakepan menika dipuntegesi saged kaandharaken bilih manungsa menika kedah sabar lan sabar menawi jawah tumurun. Jawah tumurun menika saged kangge ngandharaken dhateng sedaya babagan ingkang saged damel kuciwaning manungsa. Dados dudutanipun, cakepan wonten ing nginggil menika ngandharaken bilih manungsa wonten ing pagesanganipun kedah sabar dhateng sedaya kemawon ingkang boten jumbuh kaliyan ingkang dipunkarepaken.

Dudutanipun, piwulang moral *sabar* wonten ing gendhing *Paman Tani* menika caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

#### **10) Empan papan**

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral supados manungsa saged empan papan anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral empan papan kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Anti-anti*. Cakepan gendhing *Anti-anti* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados empan papan wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Ora lali kelesedan turu njogan ngalih longan.* (SW, 2012 : 43).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi walaka wonten ing perangan cakepan. Ananging menawi dipunpadosi teges ingkang tersirat saged kapanggihaken andharan kados mekaten. Tiyang menika limrahipun remen sumene menawi sampun ngayahi jejibahan wonten ing pagesanganipun. Ananging kedah ngemut papan menawi badhe sumene, kadosta pethilan tembung *ora lali kelesedan*. *Ora lali kelesedan* menika nedahaken bilih tiyang menika ampun kesupen menawi badhe sumene. Pethilan ukara salajengipun *turu njogan ngalih longan* negesi bilih tiyang menika boten pikantuk tilem wonten ing njogan utawi *ruang tamu*, Ananging

langkung sae bilih menawi badhe tilem menika wonten ing panggenanipun, inggih menika wonten ing longan utawi *kamar* kangge tilem. Dados, saking wosing cakepan gendhing ing nginggil saged dipunandharaken bilih tiyang menika kedah empan papan, mangertos menawi tilem menika boten wonten ing ruang tamu ananging kedah wonten ing kamar kangge sare.

Dudutanipun, piwulang moral *empan papan* wonten ing gendhing *Anti-anti* caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

#### **11) Ampun Remen Tumindak Culika**

Panaliten menika manggihaken piwulang moral ampun remen tumindak culika. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun remen tumindak culika kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Sepuran*. Cakepan gendhing *Sepuran* ingkang ngawrat piwulang moral ampun remen tumindak culika wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Sapa trima nggonceng konangan kondaktur. Yen didhendha kenceng napa boten kojur.* (SW, 2012 : 55).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi walaka wonten ing perangan cakepan. Ananging menawi dipunpadosi teges ingkang *tersirat* saged kapanggihaken andharan kados mekatèn. *Sapa trima nggonceng* negesi dhateng tiyang ingkang remen numpang. *Konangan*

*kondektur* negesi bilih menawi dipunpanggihaken dening kondektur. *Kondektur* inggih menika tiyang ingkang gadhah pedamelan nariki *karcis* kangge nitih kendaraan *umum*. Cakepan salajengipun ingkang arupi *yen didhenda kenceng* negesi bilih menawi dipundhendha kathah, *menapa boten kojur* saged dipunwastani menapa boten cubluk/*bangkrut*. Menawi dipunpendhet dudutanipun, wonten tiyang culika ingkang *was-was* ingkang saweg nitih sepur ananging boten gadhah *karcis*, menawi tiyang menika kapanggihaken dening kondektur saged dipundhendha kathah dening kondektur. Perkawis menika nedahaken bilih tiyang ingkang remen tumindak culika bakalipun *was-was* anggenipun nglampahi pagesangan. Amargi sawanci-wanci menawi kapanggihaken saweg tumindak culika, tiyang menika kedah siap nampi asiling sedaya tumindak culika ingkang sampun katindakaken. Ngengingi perkawis mekaten, manungsa kedah nggatosaken malih dhateng wujudipun piwulang moral ampun remen tumindak culika, supados gesangipun tentrem.

Dudutanipun, piwulang moral *ampun remen tumindak culika* wonten ing gendhing *Sepuran* caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

## **12) Sapa Nandur Bakal Ngundhuh**

Panaliten menika manggihaken wujud piwulang moral sapa nandur bakal ngundhuh. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral sapa nandur

bakal ngundhuh kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Dolanan*. Cakepan gendhing kanthi irah-irahan *Dolanan* ingkang ngawrat piwulang moral sapa nandur bakal ngundhuh saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Aja ana kono bocah nakal dak kepruk tompo.* (SW, 2012 : 56).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi walaka wonten ing perangan cakepan. Ananging menawi dipunpadosi teges ingkang *tersirat* saged kapanggihaken andharan kados mekaten. *Aja ana kono bocah nakal* negesi bilih wonten lare nakal ingkang manggen wonten ing panggenan ingkang lepat. Lare ingkang nakal menika bakal manggihaken asilipun inggih menika kanthi *dakkepruk tompo*. Perkawis menika saged dipunjumbuhaken kaliyan tiyang ingkang tumindak boten leres (nakal) wusananipun ngundhuh wohing tumindak ingkang sampun katindakaken.

Dudutanipun, piwulang moral sapa nandur bakal ngundhuh wonten ing gendhing kanthi irah-irahan *Dolanan* caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

### **13) Ampun Remen Duka**

Panaliten menika manggihaken tuladha piwulang moral ampun remen duka. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun remen duka kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Macan Kerah*. Cakepan gendhing *Macan Kerah*

ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados ampun remen duka wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*E aja nesu.* (SW, 2012 : 64).

Cakepan ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi walaka wonten ing perangan cakepan. Ananging menawi dipunpadosi teges ingkang *tersirat* saged kapanggihaken andharan kados mekaten. Pethilan cakepan wonten ing nginggil nedahaken dhateng manungsa supados ampun remen duka, saged dipuntingali saking pethilan tembung *e aja nesu*. Aja nesu menawi dipundadosaken basa jawi ragam krama dados ampun duka. Sebab menapa ampun duka menika boten kasebataken wonten ing cakepan. Ananging menawi dipungayutaken kaliyan irah-irahan Macan Kerah, kerah menika tegesipun gelut. Wonten ing mriki gelut boten antawisipun macan kaliyan macan, ananging kangge nedahaken kerahipun/gelutipun manungsa ingkang saweg duka.

Dudutanipun, piwulang moral *ampun remen duka* wonten ing gendhing *Macan Kerah* caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

#### **14) Prasaja**

Panaliten menika manggihaken tuladha prasaja anggenipun nglampahi pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral prasaja

kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Cah Angon*. Cakepan gendhing *Cah Angon* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados prasaja wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Kathok sronthal-sranthil*. (SW, 2012 : 65).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi walaka wonten ing perangan cakepanipun. Ananging menawi dipunpadosi teges ingkang tersirat saged kapanggihaken andharan kados mekatèn. Sanajan namung ngangge *kathok* ingkang *sronthal-sranthil*, Ananging cah angon tansah prigel tumandang gawe ngangon kewan. Cah angon saged dipundadosaken *analogi* dhateng tiyang ingkang gadhah bandha donya supados saged tetep ngemut sikap prasaja wonten ing padintenanipun ing pagesangan. Wujudipun piwulang moral ingkang dipunpanggihaken wonten ing cakepan gendhing wonten ing nginggil inggih menika prasaja.

Dudutanipun, piwulang moral *prasaja* wonten ing gendhing *Cah Angon* caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

### **15) Bakti dhateng tiyang sepuh**

Panaliten menika manggihaken piwulang moral bakti dhateng tiyang sepuh. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral bakti dhateng tiyang sepuh kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan

*Ledhung-ledhung*. Cakepan gendhing *Ledhung-ledhung* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados bekti dhateng tiyang sepuh saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Ayo melu aku bae atak ledhung-ledhung si bu lagi ngolahake kowe.* (SW, 2012 : 76).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi walaka wonten ing perangan cakepanipun. Ananging menawi dipunpadosi teges ingkang tersirat saged kapanggihaken andharan kados mekatèn. Cakepan gendhing ing nginggil menawi dipungayutaken kaliyan *konteks*, nedahaken bilih wonten kakang/mbakyu ingkang paring pambiyantu dhumateng tiyang sepuhipun kanthi cara njagi adhinipun. Perkawis menika saged katingal saking *ayo melu aku bae* ingkang nedahaken ngajak dhateng adhinipun supados tumut lan boten ngganggu ibunipun ingkang saweg ngolahke dhaharan (*si bu lagi ngolahake kowe*). Wonten ing cakepan boten kaserat bektinipun dhateng tiyang sepuh kanthi walaka, ananging saged dipuntingali bilih nggantosi tiyang sepuh momong rayinipun menika ugi saged kalebet bekti dhateng tiyang sepuh.

Dudutanipun, piwulang moral *bekti dhateng tiyang sepuh* wonten ing gendhing *Ledhung-ledhung* caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

### 16) Ampun Remen Paring Patuladhan ingkang Awon

Panaliten menika manggihaken piwulang moral supados manungsa ampun remen paring patuladhan ingkang awon wonten ing pagesangan. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ampun remen paring patuladhan ingkang awon kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Buta Galak*. Cakepan gendhing *Buta Galak* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados ampun remen paring patuladhan ingkang awon wonten ing pagesangan saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Lha wong kowe sing marah-marahi gawemu sok ngono* . (SW, 2012 : 83).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi walaka wonten ing perangan cakepanipun. Menawi dipunpadosi teges ingkang *tersirat* saged kapanggihaken andharan kados mekaten. *Lha wong kowe sing marah-marahi* nedahaken bilih tumindak ingkang boten leres menika dipunasilaken saking patuladhan ingkang awon. *Gawemu sok ngono* menawi dipuntingali saking konteksipun nggambaraken tumindak ingkang boten leres. Menawi dipundadosaken setunggal, saged dipunpangihaken asil bilih manungsa ampun paring patuladhan ingkang awon. Patuladhan ingkang awon menika kagayutaken kaliyan solahipun buta(katitik saking irah-irahan Buta Galak) ingkang limrahipun gadhah tumindak ingkang boten sae/lepat ingkang boten pareng dipuntuladhani.

Dudutanipun, piwulang moral *ampun remen paring patuladhan ingkang awon* wonten ing gendhing *Buta Galak* caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

### **17) Ngajeni Panguwasa**

Panaliten menika manggihaken piwulang moral ngajeni panguwasa. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral ngajeni panguwasa kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Jaran Teji*. Cakepan gendhing *Jaran Teji* ingkang ngawrat piwulang moral ngajeni panguwasa saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Sing numpak ndara Bei sing ngiring para Mantri.* (SW, 2012 : 94).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi walaka wonten ing perangan cakepanipun. Menawi dipunpadosi teges ingkang tersirat saged kapanggihaken andharan kados mekaten. Cakepan wonten ing nginggil nedahaken wonten *ndara bei* utawi panguwasa ingkang dipuniringi dening *para mantri*. Menawi dipuntingali saking konteksipun, kuwajibanipun rakyat menawi tepung panguwasa inggih menika nyambut kanthi manah ingkang sae, perkawis menika boten kasurat wonten ing cakepan, ananging kapanggihaken kanthi cara nggayutaken kuwajibanipun manungsa menawi wonten panguwasa ingkang badhe makarya kangge pamarentahan.

Dudutanipun, piwulang moral *ngajeni panguwasa* wonten ing gendhing *Jaran Teji* caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi

pamireng kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

### **18) Kepemimpinan**

Panaliten menika manggihaken piwulang moral *kepemimpinan* ingkang. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral *kepemimpinan* dipunpanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Gundhul Pacul*. Cakepan gendhing *Gundhul Pacul* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados nuladhani *kepemimpinan* saged kapirsanan wonten ing ngandhap menika.

*Nyunggi-nyunggi wakul gemblelengan wakul jomplang segane dadi saklatar.* (SW, 2012 : 95).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi walaka wonten ing perangan cakepanipun. Menawi dipunpadosi teges ingkang *tersirat* saged kapanggihaken andharan kados mekaten. Perangan wiwitan gatra saderengipun aswanten *Gundhul-gundhul, Gundhul* inggih menika mustaka. Wonten ing saklebeting mustaka wonten *polo, polo* menika tugasipun ngatur sedaya perangan badan lintunipun supados saged nglampahi tumindak. Dados saged kawastanan bilih gundhul menika sami tugasipun kaliyan panguwasa pamarentahan ingkang ngatur masyarakat. Nyunggi-nyunggi wakul negesi dhateng panguwasa ingkang dipunparingi kuwajiban. Menawi panguwasa menika *gemblelengan* utawi sakpurunipun piyambak, *wakul* saged *jomplang*. *Wakul* nedahaken panguwasanipun. *Jomplang segane*

*dadi saklatar* nedahaken bilih menawi panguwasa menika sakpurunipun piyambak anggenipun paring parentah, kahananipun masyarakat ugi ingkang bakal cilaka.

Dudutanipun, piwulang moral *kepemimpinan* wonten ing gendhing *Gundhul Pacul* caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

### **19) Mundhut Asiling Alam Saprelune Mawon**

Panaliten menika manggihaken piwulang moral supados manungsa mundhut asiling alam saprelune mawon. Cakepan gendhing dolanan saklebeting buku anggitanipun Sri Widodo ingkang ngandharaken wigatinipun piwulang moral mundhut asiling alam saprelune mawon kapanggihaken wonten ing gendhing dolanan kanthi irah-irahan *Kembang Jagung*. Cakepan gendhing *Kembang Jagung* ingkang ngawrat piwulang moral kangge manungsa supados mundhut asiling alam saprelune mawon saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

*Methik Kembang Soka dicaoske Kanjeng Rama.* (SW, 2012 : 49).

Cakepan wonten ing nginggil boten ngandharaken piwulang moral kanthi walaka wonten ing perangan cakepanipun. Menawi dipunpadosi teges ingkang tersirat saged kapanggihaken andharan kados mekaten. Cakepan wonten ing nginggil nedahaken wonten salahsatunggalipun tiyang ingkang *methik Kembang Soka* kangge *dicaoske* dhateng *Kanjeng Ramanipun*. Tiyang menika namung methik kembang soka ingkang gadhah khasiat kangge Kanjeng

Ramanipun lan boten methik kembang sanesipun. Tiyang menika methik kembang soka amargi wonten ancasipun. Methik kembang utawi mundhut asiling alam sanesipun kedahipun ningali ancasipun methik kembang menika kangge menapa saha kabetahanipun sepinten. Menawi mundhut asiling alam kanthi sakremenipun, saged ndadosaken manungsa menika kedah nampi cilaka awujud *bencana* alam.

Dudutanipun, piwulang moral *mundhut asiling alam saprelune mawon* wonten ing gendhing *Kembang Jagung* caranipun ngandharaken kanthi cara sinamun. Pamaos utawi pamireng kedah madosi piyambak piwulang moral ingkang wonten ing cakepan gendhing kalawau.

## **BAB V PANUTUP**

### **A. Dudutan**

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo ngengingi wujud piwulang moral, jinising piwulang moral saha cara anggenipun ngandharaken piwulang moral, pramila saged dipunpendhet dudutanipun. Dudutanipun saged dipunpirsani kadosta ingkang wonten ing ngandhap menika.

1. Wujudipun piwulang moral ingkang kapanggihaken wonten ing panalien menika cacahipun wonten 33, inggih menika : bekti dhumateng Gusti, narima kersaning Gusti, pakurmatan marang tiyang sanesipun, tulung-tinulung, ndherek nandang raosipun tiyang sanes, sampun ngantos nyakiti tiyang sanes, remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun, ampun remen melik darbeke tiyang sanes, ampun remen mbeda-mbedake mring liyan, ampun remen nlikung liyan, rukun karya, remen peparing, kedah lila lan legawa, aja adigang adigung adiguna, sengkut makarya, sabar, ampun sembrana, satriya, empan papan, remen reresik, ampun remen tumindak culika, sapa nandur bakal ngundhuh, dados tiyang ampun kesed, ampun remen duka, prasaja, bekti marang tiyang sepuh, ampun remen paring patuladhan ingkang awon, ngajeni panguwasa, *kepemimpinan*, ampun remen umuk, kedah njagi alam lan mundhut asiling alam saprelune mawon.

2. Jinising Piwulang Moral ingkang kapanggihaken wonten ing panalien menika cacahipun wonten 4, inggih menika :
  - a. Piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan Gusti antawisipun bekti dhumateng Gusti, narima kersaning Gusti
  - b. Piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa antawisipun pakurmatan marang tiyang sanesipun, tulung-tinulung, ndherek nandang raosipun tiyang sanes, sampun ngantos nyakiti tiyang sanes, remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun, ampun remen melik darbeke tiyang sanes, ampun remen mbeda-mbedake mring liyan, ampun remen nlikung liyan, rukun karya, remen peparing
  - c. Piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan dhirinipun piyambak antawisipun kedah lila lan legawa, aja adigang adigung adiguna, sengkut makarya, sabar, ampun sembrana, satriya, empan papan, remen resesik, ampun remen tumindak culika, sapa nandur bakal ngundhuh, dados tiyang ampun kesed, ampun remen duka, prasaja, bekti marang tiyang sepuh, ampun remen paring patuladhan ingkang awon, ngajeni panguwasa, kepemimpinan, ampun remen umuk
  - d. Piwulang moral gegayutanipun manungsa kaliyan alam antawisipun kedah njagi alam lan mundhut asiling alam saprelune mawon.

3. Cara ngandharaken Piwulang Moral ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika kaperang dados 2, inggih menika :

a. Walaka

Piwulang moral ingkang ngginakaken cara walaka antawisipun bekti dhumateng Gusti, pakurmatan marang tiyang sanesipun, tulung-tinulung, ndherek nandang raosipun tiyang sanes, ampun remen melik darbeke tiyang sanes, ampun remen mbeda-mbedake mring liyan, kedah lila lan legawa, sengkut makarya, ampun sembrana, satriya, remen reresik, dados tiyang ampun kesed, ampun remen umuk, kedah njagi alam

b. Sinamun

Piwulang moral ingkang ngginakaken cara sinamun antawisipun Narima Kersaning Gusti, sampun ngantos nyakiti tiyang sanes, remen paring pambiyantu kaliyan tiyang sanesipun, ampun remen nlikung liyan, rukun karya, remen peparang, disiplin, aja adigang adigung adiguna, sabar, empan papan, ampun remen tumindak culika, sapa nandur bakal ngundhuh, ampun remen duka, prasaja, bekti marang tiyang sepuh, ampun remen paring patuladhan ingkang awon, ngajeni panguwasa, kepemimpinan, mundhut asiling alam saprelune mawon.

## **B. Pamrayogi**

1. Gendhing dolanan menika sarana ingkang pas menawi dipundadosaken minangka piranti kangge paring piwulangan,

miginipun dhumateng kangge lare-lare. Gendhing dolanan menika saged dados alternatif dening para tiyang sepuh kangge mbentengi larenipun saking ajaran moral kirang sae ingkang limrahipun kapanggihaken wonten ing gendhing *modern*.

2. Gendhing dolanan kedah dipunlestantunaken malih amargi wonten ing jaman sakmenika kathah tiyang Jawi ingkang boten mangertos malih babagan gendhing dolanan menika. Sasampunipun ningali perkawis mekaten, panaliten kangge ningkataken panganggenan gendhing dolanan wonten ing pagesangan masyarakat *modern* perlu katindakaken.

### **C. Implikasi**

Panaliten menika ngrembag babagan piwulang moral wonten ing cakepan gendhing dolanan wonten ing buku gendhing-gendhing dolanan anggitanipun Sri Widodo. Salajengipun, panaliten menika kaajab saged paring tuladha kangge nglampahi pagesangan wonten ing donya menika. Panaliten menika saged dados *referensi* kangge panaliten salajengipun ingkang ngengingi babagan piwulang moral wonten ing gendhing.

## KAPUSTAKAN

- Darusuprpta. 1990. *Ajaran Moral dalam Susastra Suluk*. Jakarta : Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Depdikbud. 1996. *Teori Sastra*. Jakarta.
- Depdikbud. 2002. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta : Balai Pustaka.
- Djojuroto, Kinayati. 2006. *Analisis Teks Sastra dan pengajarannya*. Yogyakarta : Pustaka.
- Endraswara, Suwardi. 2004. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- \_\_\_\_\_. 2011. *Metode Penelitian Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: FBS Universitas Negeri Yogyakarta.
- \_\_\_\_\_. 2012. *Pedoman Studi Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FBS UNY.
- \_\_\_\_\_. 2012. *Filsafat Sastra*. Yogyakarta : Layar Kaca
- Hadiatmaja, Sarjana. 2011. *Etika Jawa*. Yogyakarta : Grafika Indah
- Hadiatmaja lan Endah. 2008. *Filsafat Jawa*. Yogyakarta : Kanwa Publisher
- Hartoko, Dick. 1986. *Pemandu Dunia Sastra*. Yogyakarta: Kanisius.
- Luxemburg, Jan Van, dkk. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra*. Diindonesiakan oleh Dick Hartoko. Jakarta : Gramedia.
- Nurdiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta : Gajah Mada University Press.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2009. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta : Gajah Mada University.

- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia : J. B. Wolters Uitgever Maatschappij.
- Purwadi. 2009. *Pengkajian Sastra Jawa*. Yogyakarta : Pura Pustaka Yogyakarta.
- \_\_\_\_\_. 2009. *Etika Jawa*. Yogyakarta : Paradigma Indonesia Publisher.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2007. *Teori, Metode, dan teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.
- Sarwono, 1995. *Gendhing Dolanan Anak. Jilid 1*. Solo: Tiga Serangkai.
- Soeroso. 1984. *Lagu Dolanan Slendro Pelog*. Yogya : ISI.
- Tambayong. 1992. *Ensiklopedi Musik*. Jakarta : PT. Cipta Adi Pustaka.
- Teeuw, A. 2003. *Sastera dan Ilmu Sastera*. Jakarta : Pustaka Jaya.
- Triyono, Bramantyo. 2000. *Lagu Dolanan Anak*. Yogya : Tarawang Press.
- Widodo, Sri. 2012. *Gendhing-gendhing Dolanan*. Surakarta: CV. Cendrawasih.

### Lampiran 1. Kertu Data Wujudipun Piwulang Moral

No.	Judul Tembang Dolanan	Data	Kaca	Wujudipun Piwulang Moral
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	Cep Menenga	Padha mujiya kalis sakehing godha	2-3	Bekti Dhumateng Gusti
2	Bung Bung Legi	Kang kuwasa anjurungi mbabar miyos kakung tibane miyos putri	14-15	Narima Kersaning Gusti
3	Ana Tamu	Mangga lenggah rumiyin	4	Pakurmatan Marang Tiyang Sanesipun
4	Gugur Gunung	Sayuk-sayuk rukun bebarengan ro kancane	9	Tulung-tinulung
5	Cublak-cublak Suweng	Yen mati melu kelangan	20-22	Ndherek Nandang Raosipun Tiyang Sanes
6	Jambu Dersana	Jambu-jambu dresana dresanane mbok eloke	39	Sampun ngantos nyakiti tiyang sanes
7	Cengkir legi	Kancaku dadi temanten tak sembahe	45	Remen Paring Pambiyantu Kaliyan Tiyang Sanesipun
8	Welingku	Luwih ala luwih ala melik darbeke liya	46	Ampun Remen Melik Darbeke Tiyang Sanes
9	Uri-uri	Gedhe cilik padha methik	92	Ampun Remen Mbeda-mbedake Mring Liyan
10	Dhempo Talu Tameng	Nala jaya ditelikung	101	Ampun Remen Nlikung Liyan

11	Baris	Ayo kanca kanca ndegeg padha maju baris manut aba-aba	104	Rukun Karya
12	Cah Ladak	Enak panganane dipangan karo kancane	98	Remen Peparang
13	Wayah Esuk	Yen esuk keprungu suarane jago kluruk	7	<i>Disiplin</i>
14	Gugur Gunung	Rila lan legawa kangge mulyaning Negara	9	Kedah lila lan legawa
15	Cohung	Anggepe kaya pangeran	18	Aja Adigang Adigung Adiguna
16	Ledhung-ledhung	Wimbuh pinter nyambut gawe	27	Sengkut Makarya
17	Paman Tani	Srantekna den sabar yen udan tumurun	28	Sabar
18	Ima-ima	Rujak pace jo sembrono	31-32	Ampun Sembrana
19	Kembang Jagung	Iki lho dhadha satriya iki lho dhadha Janaka	33-34	Satriya
20	Anti Anti	Ora lali kelesedan turu njogan ngalih longan	43	Empan Papan
21	Lebar Nyambut Gawe	Lebar nyambut gawe wis resik awake	51	Remen Reresik
22	Sepuran	Sapa trima nggonceng konangan kondektur. Yen didhendha kenceng napa boten kojur	55	Ampun Remen Tumindak Culika
23	Dolanan	Aja ana kono bocah nakal dak kepruk tampo	56	Sapa Nandur Bakal Ngundhuh

24	Bocah Kesed	Bocah kesed ing sabarang gawe kanthi klelat klelet watake	63	Dados Tiyang Ampun Kesed
25	Macan Kerah	E aja nesu aja ngguyu	64	Ampun Remen Duka
26	Cah Angon	Kathok sronthal- sranthil	65	Prasaja
27	Ledhung-ledhung	Ayo melu aku bae atak ledhung-ledhung si bu lagi ngolahake kowe	76	Bekti marang tiyang sepuh
28	Buta Galak	Lha wong kowe sing marah-marahi gawemu sok ngono	83	Ampun Remen Paring Patuladhan ingkang Awon
29	Jaran Teji	Sing numpak ndara Bei sing ngiring para Mantri	94	Ngajeni Panguwasa
30	Gundhul Pacul	Nyunggi-nyunggi wakul gemblelengan wakul jomplang segane dadi saklatar	95	<i>Kepemimpinan</i>
31	Jago Kate	Jrabthal pelayune mari umuk mari ngece	95-96	Ampun Remen Umuk
32	Kembang Mlathi	Kembang mlathi yen sore disirami	5	Kedah Njagi Alam
33	Kembang Jagung	Methik Kembang Soka dicaoske Kanjeng Rama	49	Mundhut Asiling Alam Saprelune Mawon

## Lampiran 2. Jinising Piwulang Moral

No.	Judul Tembang Dolanan	Kaca	Wujud Piwulang Moral	Jinising Piwulang Moral
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	Cublak-cublak Suweng	20-22	Ndherek Nandang Raosipun Tiyang Sanes	Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa
2	Wayah Esuk	7	<i>Disiplin</i>	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
3	Kembang Mlathi	5	Kedah Njagi Alam	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Alam
4	Dolanan	56	Sapa Nandur Bakal Ngundhuh	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
5	Macan Kerah	64	Ampun Remen Duka	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
6	Cah Angon	65	Prasaja	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
7	Ana Tamu	4	Pakurmatan Marang Tiyang Sanesipun	Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa
8	Gugur Gunung	9	Tulung-tinulung	Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa
9	Jambu Dersana	39	Sampun Ngantos Nyakiti Tiyang Sanes	Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa
10	Cengkir legi	45	Remen Paring Pambiyantu Kaliyan Tiyang Sanesipun	Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa
11	Welingku	46	Ampun Remen Melik Darbeke Tiyang Sanes	Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa
12	Uri-uri	92	Ampun Remen Mbeda-mbedake Mring Liyan	Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa

13	Dhempo Talu Tameng	101	Ampun Remen Nlikung Liyan	Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa
14	Baris	104	Rukun Karya	Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa
15	Gugur Gunung	9	Kedah rila lan legawa	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
16	Cohung	18	Aja Adigang Adigung Adiguna	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
17	Ledhung-ledhung	27	Sengkut Makarya	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
18	Kembang Jagung	49	Mundhut Asiling Alam Saprelune Mawon	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Alam
19	Paman Tani	28	Sabar	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
20	Ima-ima	31-32	Ampun Sembrana	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
21	Kembang Jagung	33-34	Satriya	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
22	Anti Anti	43	Empan Papan	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
23	Lebar Nyambut Gawe	51	Remen Reresik	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
24	Sepuran	55	Ampun Remen Tumindak Culika	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
25	Bocah Kesed	63	Dados Tiyang Ampun Kesed	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
26	Jaran Teji	94	Ngajeni Panguwasa	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
27	Ledhung-ledhung	76	Bekti marang tiyang sepuh	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
28	Gundhul Pacul	95	<i>Kepemimpinan</i>	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak

29	Jago Kate	95-96	Ampun Remen Umuk	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
30	Cah Ladak	98	Remen Peparang	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Manungsa
31	Buta Galak	83	Ampun Remen Paring Patuladhan ingkang Awon	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak
32	Cep Menenga	2-3	Bekti Dhumateng Gusti	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Gusti
33	Bung Bung Legi	14-15	Narima Kersaning Gusti	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Gusti

### Lampiran 3. Analisis Wujud, Jinis lan Cara Ngandharaken Piwulang Moral

No.	Judul Tembang Dolanan	Kaca	Data	Jinising Piwulang Moral	Wujud Piwulang Moral	Cara Ngandharaken Piwulang Moral	
						W	S
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)
1.	Cep Menenga	2-3	Padha mujiya kalis sakehing godha	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Gusti	Bekti Dhumateng Gusti	√	
2	Bung Bung Legi	14-15	Kang kuwasa anjurungi mbabar miyos kakung tibane miyos putri		Narima Kersaning Gusti		√
3	Ana Tamu	4	Mangga lenggah rumiyin	Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa	Pakurmatan Marang Tiyang Sanesipun	√	
4	Gugur Gunung	9	Sayuk-sayuk rukun bebarengan ro kancane		Tulung-tinulung	√	
5	Cublak-cublak Suweng	20-22	Yen mati melu kelangan		Ndherek Nandang Raosipun Tiyang Sanes	√	
6	Jambu Dersana	39	Jambu-jambu dresana dresanane mbok eloke		Sampun Ngantos Nyakiti Tiyang Sanes		√
7	Cengkir legi	45	Kancaku dadi		Remen Paring Pambiyantu Kaliyan		√

			temanten tak sembahe		Tiyang Sanesipun		
8	Welingku	46	Luwih ala luwih ala melik darbeke liya		Ampun Remen Melik Darbeke Tiyang Sanes	√	
9	Uri-uri	92	Gedhe cilik padha methik		Ampun Remen Mbeda-mbedake Mring Liyan	√	
10	Dhempo Talu Tameng	101	Nala jaya ditelikung		Ampun Remen Nlikung Liyan		√
11	Baris	104	Ayo kanca kanca ndegeg padha maju baris manut aba-aba		Rukun Karya		√
12	Cah Ladak	98	Enak panganane dipangan karo kancane		Remen Peparing		√
13	Wayah Esuk	7	Yen esuk keprungu suarane jago kluruk	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak	<i>Disiplin</i>		√
14	Gugur Gunung	9	Rila lan legawa kangge mulyaning Negara		Kedah lila lan legawa	√	
15	Cohung	18	Anggepe kaya pangeran		Aja Adigang Adigung Adiguna		√
16	Ledhung- ledhung	27	Wimbuh pinter nyambut gawe		Sengkut Makarya	√	
17	Paman Tani	28	Srantekna den sabar yen udan tumurun		Sabar		
18	Ima-ima	31-32	Rujak pace jo sembrono		Ampun Sembrana	√	
19	Kembang Jagung	33-34	Iki lho dhadha		Satriya	√	

			satriya iki lho dhadha Janaka				
20	Anti Anti	43	Ora lali kelesedan turu njogan ngalih longan		Empan Papan		√
21	Lebar Nyambut Gawe	51	Lebar nyambut gawe wis resik awake		Remen Reresik	√	
22	Sepuran	55	Sapa trima nggonceng konangan kondektur. Yen didhendha kenceng napa boten kojur		Ampun Remen Tumindak Culika		√
23	Dolanan	56	Aja ana kono bocah nakal dak kepruk tompo		Sapa Nandur Bakal Ngundhuh		√
24	Bocah Kesed	63	Bocah kesed ing sabarang gawe kanthi klelat klelet watake		Dados Tiyang Ampun Kesed	√	
25	Macan Kerah	64	E aja nesu aja ngguyu		Ampun Remen Duka		√
26	Cah Angon	65	Kathok sronthal- sranthil		Prasaja		√
27	Ledhung- ledhung	76	Ayo melu aku bae atak ledhung- ledhung si bu lagi ngolahake kowe		Bekti marang tiyang sepuh		√
28	Buta Galak	83	Lha wong kowe sing marah-marahi gawemu sok ngono		Ampun Remen Paring Patuladhan ingkang Awon		√

29	Jaran Teji	94	Sing numpak ndara Bei sing ngiring para Mantri		Ngajeni Panguwasa		√
30	Gundhul Pacul	95	Nyunggi-nyunggi wakul gemblelengan wakul jomplang segane dadi saklatar		<i>Kepemimpinan</i>		√
31	Jago Kate	95-96	Jrabthal pelayune mari umuk mari ngece		Ampun Remen Umuk	√	
32	Kembang Mlathi	5	Kembang mlathi yen sore disirami	Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Alam	Kedah Njagi Alam	√	
33	Kembang Jagung	49	Methik Kembang Soka dicaoske Kanjeng Rama		Mundhut Asiling Alam Saprelune Mawon		√

**Lampiran 4. Jinising Piwulang Moral, Wujudipun Piwulang Moral lan Cara Ngandharaken Piwulang Moral**


No .	Wujud Piwulang Moral	Jinising Piwulang Moral	Kaca	Cara Ngandharaken Piwulang Moral	
				W	S
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)
1.	Bekti Dhumateng Gusti	<b>Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Gusti</b>	2-3	√	
2.	Narima Kersaning Gusti		14-15		√
3.	Pakurmatan Marang Tiyang Sanesipun	<b>Gegayutanipun Manungsa kaliyan Manungsa</b>	4	√	
4.	Tulung-tinulung		9	√	
5.	Ndherek Nandang Raosipun Tiyang Sanes		20-22	√	
6.	Sampun Ngantos Nyakiti Tiyang Sanes		39		√
7.	Remen Paring Pambiyantu Kaliyan Tiyang Sanesipun		45		√
8.	Ampun Remen Melik Darbeke Tiyang Sanes		46	√	
9.	Ampun Remen Mbeda-mbedake Mring Liyan		92	√	
10.	Ampun Remen Nlikung Liyan		101		√
11.	Rukun Karya		104		√
12.	Remen Peparang		98		√
13.	<i>Disiplin</i>	<b>Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Dhirinipun Piyambak</b>	7		√
14.	Kedah rila lan legawa		9	√	
15.	Aja Adigang Adigung Adiguna		18		√
16.	Sengkut Makarya		27	√	
17.	Sabar		28		

18.	Ampun Sembrana		31-32	√	
19.	Satriya		33-34	√	
20.	Empan Papan		43		√
21.	Remen Reresik		51	√	
22.	Ampun Remen Tumindak Culika		55		√
23.	Sapa Nandur Bakal Ngundhuh		56		√
24.	Dados Tiyang Ampun Kesed		63	√	
25.	Ampun Remen Duka		64		√
26.	Prasaja		65		√
27.	Bekti marang tiyang sepuh		76		√
28.	Ampun Remen Paring Patuladhan ingkang Awon		83		√
29.	Ngajeni Panguwasa		94		√
30.	<i>Kepemimpinan</i>		95		√
31.	Ampun Remen Umuk		95-96	√	
32.	Kedah Njagi Alam	<b>Gegayutanipun Manungsa Kaliyan Alam</b>	5	√	
33.	Mundhut Asiling Alam Saprelune Mawon		49		√

Lampiran 5. Sumber Data



**GENDING - GENDING  
DOLANAN ANAK-ANAK**  
KANGGE PORO SISWO SD, SMP LAN' UMUM



Sri Widodo  
Sutarno. S.Kar

CV. Gendrawasih  
Jl. Pemuda No. 18 Telp. (0271) 593121  
Sukoharjo-Surakarta